

**RITUAL ING SALEBETING TARI ANGGUK
DHUSUN KEMIRI DESA PURWOBINANGUN
KECAMATAN PAKEM KABUPATEN SLEMAN**

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan



dening

Andri Krisma Devi
NIM 09205241005

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014**

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan Ritual Ing Salebeting Tari Angguk Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman menika sampun pikantuk palilah dening *pembimbing* kangge dipunujekaken ing salebeting *pendadaran*.



Yogyakarta, Juli 2014

Pembimbing I,

Dr. Suwardi, M.Hum

NIP. 19640403 199001 1 001

Yogyakarta, Juli 2014

Pembimbing II,

Dr. Purwadi, M.Hum

NIP. 19710916 200501 1 001

Skripsi kanthi irah-irahan Ritual Ing Salebeting Tari Angguk Dhusun Kemiri Desa
Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman menika sampun
dipunandharaken ing pandadaran wonten sangajenging *penguji*
ing tanggal 21 Juli 2014 saha dipuntetepaken lulus.

Dewan Penguji


Asma	Jabatan	Tapak asma	Tanggal
Drs. Hardiyanto, M.Hum	Ketua penguji		22 Agustus 2014
Dr. Purwadi, M.Hum	Sekretaris penguji		27 Agustus 2014
Dra. Sri Harti Widyastuti, M.Hum	Penguji I		27 Agustus 2014
Dr. Suwardi, M.Hum	Penguji II		26 Agustus 2014




Yogyakarta, 22 Agustus 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta



Dekan,


Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.
NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Andri Krisma Devi**

NIM : 09205241005


Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandaraken bilih panaliten menika minangka asiling padamelan kula piyambak. Sapangertosan kula, panaliten menika boten kaisi *materi* ingkang dipunserat dening tiyang sanes, kajawi namung perangan tertamtu ingkang kula pendhet minangka dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum. Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kabukti wedharan menika boten leres, saestu dados tanggel jawab kula.

Yogyakarta, Juli 2014

Panyerat,



Andri Krisma Devi

SESANTI

Ada Hasil Ketika Ada Usaha

PISUNGSUNG

Kanthi raos sukur dhumateng Allah SWT, *karya ilmiah* menika kula
pisungsungaken dhateng : tiyang sepuh kula, Bapak Suryanto saha Ibu Sri Lestari
ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga pangestu.

PRAWACANA

Alhamdulillah wa Syukurillah konjuk dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring lumubering rahmat, barokah, saha hidayah dhateng panyerat, saengga skripsi kanthi irah-irahan “Ritual Ing Salebeting Tari Angguk Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman” menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar sarjana pendidikan*.

Awit saking pambiyantu kangge nyusun skripsi menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya ingkang mbiyantu kados kaserat wonten ing ngandhap menika.

1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin kangge nyusun skripsi menika.
2. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum. minangka pangarsaning Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah saha pembimbing I ingkang sampun paring wewarah supados skripsi menika saged dipunrampungaken kanthi lancar.
3. Bapak Dr. Purwadi, M.Hum. minangka *pembimbing II* ingkang sampun paring wewarah kanthi sabar kangge ngrampungaken skripsi kanthi lancar.
4. Ibu Prof. Dr. Suharti, M.Pd. minangka *Penasehat Akademik* ingkang sampun paring *nasehat* salaminipun sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
5. Sedaya dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring seserepan wonten ing pasinaon kuliah.
6. Para *staf admin* jurusan saha *staf* Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring pambiyantu anggenipun proses panyeratan skripsi menika saengga ndadosaken lancar sadayanipun.
7. Tiyang sepuh kekalih saha sedaya kulawarga ingkang sampun paring pambiyantu saha donga pangestu.
8. Sedaya kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu saha *semangat*.

9. Sedaya *pihak* ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal awit saking pambiyantunipun.

Panyeratan skripsi menika taksih gadhah kekirangan. Awit saking menika, panyerat gadhah pangajab supados pamaos paring panyaruwe saha pamrayogi kangge nyampurnakaken panaliten menika. Panaliten menika mugi-mugi saged caos paedah dhateng sedaya ingkang maos.

Yogyakarta, Juli 2014

panyerat,

Andri Krisma Devi

WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
<i>DAFTAR TABEL</i>	xii
<i>DAFTAR GAMBAR</i>	xiii
<i>DAFTAR GAMBAR LAMPIRAN</i>	xiv
SARINING PANALITEN	xv
 BAB I PURWAKA	 1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Fokus Panaliten	3
C. Ancasing Panaliten	4
D. Paedahing Panaliten	5
 BAB II GEGARANING <i>TEORI</i>	
A. Kabudayan	6
B. Folklor	8
C. Sesaji	10
D. Makna Simbolik	11
E. Ritual	12
F. Tari Angguk	14
 BAB III CARA PANALITEN	
A. Metode Panaliten	15
B. <i>Setting</i>	16

C. Nemtokaken Informan	16
D. Cara Ngempalaken Data	17
E. Pirantining Panaliten	19
F. Cara Nganalisis Data	19
G. Teknik Ngesahaken Data	20

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Deskripsi Setting Panaliten	22
1. Andharaning Papan Ritual ing Tari Angguk	22
B. Mula Bukanipun Ritual ing Tari Angguk.....	28
C. Prosesi Ritual ing Tari Angguk	30
1. Cecawis	31
a. Kempalan Paguyuban	32
b. Latihan	33
c. Cecawis Piranti	34
1) Kentring	34
2) Jedor	35
3) Terbang	35
4) Busana	36
5) Rerenggan	38
d. Cecawis Sajen	40
1) Tumpeng Robyong	42
2) Pisang Raja	44
3) Pala Gumantung	46
4) Pala Kependhem	47
5) Sekar Setaman	48
6) Kinang	49
7) Klapa saha Gendis Jawi	50
8) Jajan Pasar	52
9) Arta Wajib	53
10) Duplak, Empluk, saha Kendhi Jawi	54

11) Jangan Kenthang, Peyek, saha Tempe	55
D. Lampahipun Tari Angguk	57
E. Evaluasi	62
F. Makna Simbolik Sajen	63
1. Tumpeng	63
2. Pisang Raja	65
3. Pala Gumantung saha Pala Kependhem	66
4. Sekar Setaman	67
5. Kinang	69
6. Klapa saha Gendis Jawi	70
7. Jajan Pasar	70
8. Arta Wajib	71
9. Duplak, Empluk, saha Kendhi	72
10. Jangan Kenthang, Tempe, saha Peyek	73
G. Paedahipun Ritual ing Tari Angguk	74
1. Paedah Spiritual saha Syiar Agama.....	75
2. Paedah Sosial	76
3. Paedah Ekonomi	77
4. Paedah Nglestantunaken Budaya	77
BAB V PANUTUP	
A. Dudutan	79
B. <i>Implikasi</i>	83
C. Pamrayogi	83
KAPUSTAKAN	84
LAMPIRAN	86

DAFTAR TABEL

	Kaca
<i>Tabel 1 : Komposisi Pendhudhuk Miturut Jenis Kelamin</i>	25
<i>Tabel 2 : Tabel 2 : Komposisi Pemeluk Agama</i>	25
<i>Tabel 3: Komposisi Tataran Pendhidhikan</i>	26
<i>Tabel 4: Komposisi Mata Pencaharian</i>	27

DAFTAR GAMBAR

	Kaca
<i>Gambar 1</i> : Tlatah Administratif Desa Purwobinangun	23
<i>Gambar 2</i> : Dhenah papan panaliten Ritual ing Salebeting Tari Angguk ...	24
<i>Gambar 3</i> : Kempalan Anggota Paguyuban Angguk	32
<i>Gambar 4</i> : Latihan	33
<i>Gambar 5</i> : Kentring	34
<i>Gambar 6</i> : Jedor	35
<i>Gambar 7</i> : Terbang	36
<i>Gambar 8</i> : Busana Mestir Beksa Angguk	37
<i>Gambar 9</i> : Busana Wiyaga Beksa Angguk	38
<i>Gambar 10</i> : Rerenggan Beksa Angguk	39
<i>Gambar 11</i> : Sesajen Beksa Angguk	41
<i>Gambar 12</i> : Tumpeng Robyong	43
<i>Gambar 13</i> : Pisang Raja Satangkep	45
<i>Gambar 14</i> : Salak	46
<i>Gambar 15</i> : Pala Kependhem	47
<i>Gambar 16</i> : Sekar Setaman	49
<i>Gambar 17</i> : Kinang	50
<i>Gambar 18</i> : Klapa saha Gendhis Jawi	51
<i>Gambar 19</i> : Gendhis pasir saha Teh	52
<i>Gambar 20</i> : Jajan Pasar	53
<i>Gambar 21</i> : Arta Wajib	54
<i>Gambar 22</i> : Duplak, Empluk, saha Kendhi	55
<i>Gambar 23</i> : Dhaharan Jangan Kenthang, Peyek, saha Tempe	56
<i>Gambar 24</i> : Kitab Tlodho	58
<i>Gambar 25</i> : Beksa Angguk.....	62

DAFTAR GAMBAR LAMPIRAN

	Kaca
<i>Gambar1:</i> Tlatah Administratif Desa Purwobinangun	87
<i>Gambar 2:</i> Kempalan anggota paguyuban Angguk	89
<i>Gambar 3 :</i> Latihan	91
<i>Gambar 4 :</i> Tumpeng	93
<i>Gambar 5 :</i> Sekul Tumpeng	94
<i>Gambar 6 :</i> Pisang Raja Setangkep	95
<i>Gambar 7 :</i> Pala Kependhem	95
<i>Gambar 8 :</i> Pala Gumantung	96
<i>Gambar 9 :</i> Kinang	96
<i>Gambar 10 :</i> Sekar Setaman	97
<i>Gambar 11 :</i> Arta, Duplak, Empluk, saha Kendhi	97
<i>Gambar 12 :</i> Jangan Kenthang, peyek, saha tempe	98
<i>Gambar 13 :</i> Jajan Pasar	99
<i>Gambar 14 :</i> Klapa saha Gendhis Jawi	99
<i>Gambar 15:</i> Gendhis Pasir saha Teh.....	100
<i>Gambar 16 :</i> Sesajen Beksa Angguk	100
<i>Gambar 17 :</i> Pak Muh Ngecek Piranti	102
<i>Gambar 18:</i> Pak Marni <i>Ngecek Sound System</i>	103
<i>Gambar 19 :</i> Bapak- Bapak Nyawisaken Busana	103
<i>Gambar 20 :</i> Bapak Gimin Miru Jarik	103
<i>Gambar 21 :</i> Pentas Beksa Angguk	105
<i>Gambar 22 :</i> Kitab Tlodho	109

RITUAL ING SALEBETING TARI ANGGUK
DHUSUN KEMIRI DESA PURWOBINANGUN KECAMATAN PAKEM
KABUPATEN SLEMAN

Dening Andri Krisma Devi

NIM 09205241005

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken mula bukanipun beksa angguk, prosesi, lampahipun beksa angguk, makna simbolik sesajen ing salebeting tari angguk sarta paedahipun Ritual ing salebeting beksa angguk tumrap warga panyengkuyung.

Panaliten menika migunakaken metode panaliten kualitatif. Caranipun ngempalaken data migunakaken *observasi partisipasi* saha *wawancara mendalam*. Pirantining panaliten menika panaliti piyampak ingkang kabiyantu mawi piranti *kamera, foto, perekam* saha piranti kangge nyerat. Caranipun nganalisis data ngginakaken teknik analisis *induktif*. Aranipun ngesahaken data mawi *triangulasi* sumber saha metode.

Asiling panaliten nedahaken bilih: (1) mula bukanipun beksa Angguk saking kadiraja lajeng turun temurun dumugi samenika. (2) prosesi ingkang dipunlampahi saderengipun beksa angguk kaperang dados 4 rerangken: (a) Kempalan, (b) Latihan, (c) Cecawis sajen, (d) Cecawis Piranti. (3) Lampahipun beksa Angguk, sabibaripun beksa angguk ngawontenaken evaluasi. (3) Makna simbolik sesaji ingkang dipunginakaken wonten Ritual ing salebeting tari angguk minangka raos sukur kita dhumateng Gusti saha nyuwun keslametan, kawilujengan, saha gampil anggenipun ngupadi rejeki ing pagesangan. (4) Paedah Ritual ing salebeting tari angguk tumraping warga panyengkuyung inggih mneika (a) paedah spiritual, (b) paedah sosial, (c) paedah ekonomi, (d) paedah ngelstantunaken budaya.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Masarakat Jawi menika gadhah maneka warni *informasi* babagan kabudayan ingkang dipunmangertosi dening masarakat sanesipun. Kangge mbabar pangertosan ngengingi budaya, kedah mbetahaken upaya ingkang langkung ageng. Upaya ingkang dipunlampahi gadhah pengajengan supados masarakat langkung mangertos menapa ingkang dados kabudayanipun.

Kabudayan Jawi ingkang nengenaken kabudayan katimuran menika taksih katingal ciri khas utawi titikanipun, sinaosa wonten kabudayaan barat ingkang badhe kacampur kaliyan kabudayan Jawi. Kabudayan Jawi menika taksih nengenaken kabudayanipun ingkang misuwur adhiluhung saha kapribaden katimuran. Kabudayan barat ingkang nengenaken *kepraktisan* mboten ndadosaken kabudayan Jawi menika kagingsir jaman.

Salah satunggaling wujud kabudayan ingkang taksih lumampah wonten ing masarakat inggih menika ritual. Mliginipun wonten ing tanah Jawi, pagesanganipun tiyang Jawi menika mboten saged uwal saking kapitadosan-kapitadosan ingkang gayut kaliyan ngelmu kejawen. Tiyang Jawi taksih ngukuhi kapitadosan dhumateng pepundhen utawi leluhuripun. Anggenipun mundhi-mundhi dhateng para leluhur menika dipunwujud mawi lampahan ritual.

Wujud upacara tradhisi ingkang wonten ing masarakat salah satunggalipun inggih menika lampahing pagelaran pentas tari angguk ing Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman. Tari angguk inggih

menika salah satunggaling kesenian rakyat ingkang wonten ing tlatah Ngayogyakarta. Ing salebeting tari angguk wonten parikan-parikan rakyat ingkang isinipun bab pagesangan, kadosta unggah-ungguh, piweling, caranipun menggalih saha wewarah.

Ritual ing salebeting tari angguk menika minangka pepujen dhumateng roh leluhur saha pepujen dhumateng Gusti Ingkang Murbeng Dumadi. Dados ritual ing salebeting tari angguk menika dipunlampahi kanthi ancas supados rancak anggenipun nglampahi pentas tari angguk. Tari angguk wonten ing tlatah Ngayogyakarta menika tarianipun sampun kalebet modern, saged dipuntingali saking tarian utawi *gerakan*, agemanipun, musikipun, saha ndadi utawi kesurupan. Kejawi saking menika tari angguk ing Dhusun Kemiri menika kalebet tarian ingkang klasik utawi dereng kathah ewah-ewahan saking aslinipun. Masarakat Dhusun Kemiri sami pitados menawi ritual ing salebeting tari angguk para paraganipun saged nglampahi pagelaran tari angguk kanthi sae. Para paraga asring damel sesajen, ngaji, saha siyam mliginipun para mestir. Mestir inggih menika penari ingkang dados paragatama ing tari angguk ingkang cacahipun wonten sekawan, dunungipun wonten saben pojok *formasi*.

Gegayutan kaliyan bab kasebat, panaliti menika ngrembag babagan ritual ing salebeting tari angguk. Tari angguk menika dipunrembag ing panaliten menika amargi wonten ing Kabupaten Sleman menika tari angguk namung wonten setunggal, inggih menika wonten ing Dhusun Kemiri. Panaliti ugi gadhah pengajengan supados masarakat mangertos bilih ing Kabupaten Sleman wonten kesenian tari angguk.

Saking andharan wonten ing nginggil menika, panaliti badhe ngawontenaken panaliten supados mangertos kanthi cetha babagan Ritual ing Salebeting Tari angguk Ing Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman.

B. FOKUS PANALITEN

Ritual ing salebeting tari angguk dipuntindakaken wonten ing Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman. Ritual menika mujudaken salah satunggaling upacara ritual rutin ingkang dipunlampahi saderengipun pentas tari angguk. Prosesi ritual ing salebeting tari angguk kasebat kalampahan kanthi nindakaken siyam saha donga sesarengan. Sinarengan lampahing ritual menika lajeng dipunwontenaken pagelaran Tari angguk.

Ritual ing salebeting tari angguk menika gadhah ancas supados beksa tari angguk saged kalampahan kanthi cara lancar kalis lir sambikala saha ingkang kagungan kajat saged kabul. Kekajengan menika lumantar saking ritual ing salebeting tari angguk. Wonten ing salebeting ritual menika migunakaken maneka warni sesaji ingkang dipuncawisaken minangka wujud simbolik saking ancas-ancas ingkang dipunkajengaken. Lampahing ritual menika temtu kemawon gadhah paedah-paedah tumrap masarakat panyengkuyung, pramila upacara menika taksih rutin katindakaken.

Saking mapinten-pinten perkawis ing nginggil, kathah sanget perkawis ingkang badhe dipunteliti. Supados panaliten menika langkung *fokus*, pramila panaliti namung badhe mundhut saperangan perkawis ingkang badhe dipunrembag. Dene perkawis-perkawis ingkang dipunwatesi inggih menika.

1. Kados pundi mula bukanipun Ritual ing Salebeting Tari Angguk?
2. Kados pundi prosesi Ritual ing Salebeting Tari Angguk?
3. Menapa *makna simbolik*ipun sesaji-sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting Ritual ing Salebeting Tari Angguk?
4. Menapa paedah Ritual ing Salebeting Tari Angguk ingkang katindakaken dening masarakat Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman?

C. ANCASING PANALITEN

Ancasing panaliten ingkang kawedhar wonten ing Ritual ing Salebeting Tari Angguk ing Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman inggih menika kados mekaten.

1. Ngadharaken mula bukanipun Ritual ing Salebeting Tari Angguk Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman.
2. Ngandharaken prosesi Ritual ing Salebeting Tari Angguk Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman.
3. Ngandharaken *makna simbolik*ipun sesaji-sesaji ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting Ritual ing Salebeting Tari Angguk Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman.
4. Paedahipun ritual-ritual ingkang dipunlampahi wonten Ritual ing Salebeting Tari Angguk Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman.

D. PAEDAHING PANALITEN

Panaliten kanthi irah-irahan “Ritual ing Salebeting Tari Angguk Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman” gadhah paedah ingkang wigati inggih menika paedah *teoritis* saha paedah *praktis*.

1. Paedah Teoritis

Panaliten menika kaajab saged dipundadosaken kangge ngrembakaken kawruh saha paring pambiyantu kangge panaliti salajengipun ingkang wonten gegayutanipun kaliyan babagan kabudayan, mliginipun ing babagan Ritual ing Salebeting Tari Angguk Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman.

2. Paedah Praktis

Paedah praktis panaliten inggih menika dipunajab kangge nglestantunaken asiling kabudayan Jawi inggih menika ingkang awujud ritual saha dipunajab saged paring *informasi* ngengingi Ritual ing Salebeting Tari Angguk Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman. Data panaliten menika ugi saged kangge *studi* wonten ing *bidang pariwisata* saha budaya.

BAB II **GEGARANING TEORI**

A. Kabudayan

Wonten ing salebeting ngelmu antropologi, Koentjaraningrat (2009: 144) ngandharaken bilih kabudayan menika mujudaken sedaya *sistem* gagasan, tindakan saha asil rumpakanipun manungsa wonten ing pagesangan ingkang sampun dados gadhahipun masarakat. Tembung “budaya” asalipun saking tembung Sansekerta “Buddhayah”, inggih menika wujud jamak saking tembung “Budhi” ingkang ateges budi utawi akal (Koentjaraningrat, 2009: 146). Awit saking menika, tembung kabudayan tegesipun menapa mawon ingkang wonten gayutanipun kaliyan akal utawi budining manungsa.

Koentjaraningrat (2009: 165) ngandharaken bilih kabudayan menika gadhah pitung unsur ingkang sampun kalebet kabudayaning manungsa. Unsur-unsuripun kabudayan inggih menika:

1. *bahasa;*
2. *sistem pengetahuan;*
3. *organisasi sosial;*
4. *sistem peralatan hidup dan teknologi;*
5. *sistem mata pencaharian hidup;*
6. *sistem religi;*
7. *kesenian.*

Koentjaraningrat (2009: 150) ugi ngandharaken kabudayan menika paling sekedhik gadhah tigang wujud. Wujud kabudayan kasebat inggih menika:

1. *wujud kebudayaan sebagai suatu kompleks dari ide, gagasan, nilai, norma, peraturan, dan sebagainya;*
2. *wujud kebudayaan sebagai suatu kompleks aktivitas serta tindakan berpola dari manusia dalam masyarakat;*
3. *wujud kebudayaan sebagai benda- benda hasil karya manusia.*

Saking pangertosan-pangertosan ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, pramila saged dipunpendhet dudutanipun bilih kabudayan mujudaken asil budi saha dayaning manungsa ingkang awujud ing salebeting sistem, gagasan, tindakan saha asil rumpakaning manungsa ing salebeting pagesangan masarakat ingkang awujud asil kagiyatan saha pangripta batin manungsa minangka kawulaning Gusti langkung sampurna. Wujuding kabudayaan menika kaperang dados werni tiga inggih menika wujud *ideal* saking kabudayan arupi adat istiadat ingkang sipatipun *abstrak*, wujud tindakan *berpola* dening manungsa ingkang asipat *konkret* sarta wujud kabudayan *fisik* ingkang arupi samukawis bab ingkang kasat mata saged dipuncepeng, dipunfoto saha dipuntingali, saengga kabudayan *fisik* menika asipat *konkret*.

Ritual ing salebeting tari angguk menika katindakaken kanthi adhedhasar kapitadosan ingkang kaanut dening masarakat. Salajengipun ritual saking tiyang sepuhipun ingkang pikantuk sarana lesan saha saperangan lesan kalawau asring kasebut *folklor*. Dados *folklor* kaliyan kabudayan wonten gayutanipun, inggih mneika *folklor* minangka perangan saking kabudayan.

Saking pemanggih-pemanggih kalawau, saged dipundhudhut dudutan bilih kabudayan menika minangka kasil saking cipta, rasa, saha karsa manungsa ingkang gadhah sifat dinamis, saha budaya menika ngrewat pinten-pinten *aturan* ingkang kedah katindakaken dening masarakat, satemah ndadosaken manungsa minangka titah ingkang paling inggil drajatipun. Salah satunggaling perangan budaya kalawau wonten ingkang dipunsebat *folklor*.

B. Folklor

Tembung *folklor* kadadosan saking bahasa Inggris inggih menika *folklore*. Tembung menika kalebet tembung camboran, ingkang kadadosan saking tembung *folk* saha *lore*. *Folk* tegesipun inggih menika *kolektif*. Miturut pamanggihipun Alan Dundes ing James Danandjaja (Danandjaja, 2007: 2), *folk* inggih menika paraga ingkang gadhah titikan *fisik, sosial*, saha kabudayan tertamtu saengga saged dados pambada saking masarakat panyengkuyung. *Lore* inggih menika tradhisi *folk* tegesipun kabudayan ingkang dipunwarisaken turun temurun kanthi lisan utawi lair saking tuladha ingkang dipunsengkuyung *gerak isyarat* utawi piranti pambiyantu sanesipun. *Folklor* inggih menika kabudayan wonten ing masarakat ingkang dipunsebar saha dipunwarisaken turun temurun kanthi tradisional wonten ing *versi* ingkang beda kanthi lisan utawi tuladha ingkang dipunsengkuyung *gerak isyarat* utawi piranti pambiyantu sanesipun.

Miturut Danandjaja (2007: 2-5) *folklor* gadhah paugeran ingkang beda saking kabudayan sanesipun, inggih menika:

1. Pewarisanipun kanthi lisan, inggih menika dipunsebaraken ngginakaken tuturan saking setunggal *generasi* tumuju *generasi* salajengipun.
2. *Folklor* asipat tradisional, inggih menika dipunsebaraken kanthi wujud ajeg utawi kanthi wujud *standar*. Dipunsebaraken wonten ing salebeting klompok tertamtu saha mbetahaken wekdal ingkang dangu.
3. *Folklor* wonten ing salebeting *versi* saha *varian* ingkang beda, amargi *proses* pewarisanipun kanthi lisan, saengga *folklor* saged ewah saking aslinipun,

ananging ingkang dados pambeda namung fisikipun kemawon saha wujud dhasaripun sami.

4. *Folklor* asipat *anonim*, amargi boten dipuntepang kaliyan pangriptanipun.
5. *Folklor* lair kanthi wujud *berpola*. Tuladhanipun cariyos rakyat ingkang asring ngginakaken tembung-tembung *klise*, kadosta “Bulan Empat Belas Hari” kangge nggambaraken prawan ingkang gadhah pasuryan ingkang ayu saha “Seperti Ular Berbelit-belit” ingkang dipunginakaken kangge nggambaraken paraga ingkang duka.
6. *Folklor* gadhah gina paedah wonten ing pegesangan. Tuladhanipun cariyos rakyat ingkang dipunginakaken kangge piranti pasinaon saha panglipur.
7. *Folklor* asipat *pralogis*, inggih menika gadhah pamrayogi ingkang beda kaliyan kabudayan sanesipun.
8. *Folklor* asipat *kolektif*, inggih menika folklor gadhahipun sesarengan, temtu boten dipunmangertosi pangriptanipun saengga saben *anggota kolektif* gadhah *folklor* kasebat.
9. *Folklor* asipat polos utawi lugu, saengga asring katingal kasar, *spontan*. Menika saged dipunmangertosi bilih *folklor* minangka nggambaraken raos *emosi* tiyang ingkang jujur.

Miturut pamanggihipun Purwadi (2009: 2) ngandharaken bilih *folklor* dipunlestantunaken dening masarakat panyengkuyung kanthi sukarela saha boten wonten *paksaan*. *Folklor* gadhah paedah kangge ndamel *solidaritas sosial*. Mliginipun ingkang ngawontenaken *folklor* menika gegayutan kaliyan Ritual. Ancasipun supados pikantuk katentreman wonten ing pagesangan.

Miturut pamanggihipun Brunvand wonten ing Endraswara (2009: 29), *folklor* dipunperang dados tigang klompok: (1) *folklor lisan*, inggih menika *folklor* ingkang langkung kathah dipuntliti, wujudipun *folklor lisan* menika *sederhana* kadosta tuturan rakyat ingkang saged dipunperang wonten ing wujud dialek, *legenda*, tembang rakyat saha ukara tradisional. (2) *folklor* adat kabiasaan ingkang kaperang dados *folklor* lisan saha *folklor non lisan*, tuladhanipun kapitadosan masarakat, adat istiadat, saha upacara tradhisional. (3) *Folklor material*, inggih kadosta seni kriya, arsitektur, busana, saha pangan.

Saking andharan ingkang sampun kababar wonten ing nginggil, pramila saged dipunmangertosi bilih *folklor* salah satunggaling Ritual ingkang dipunsebaraken saking *generasi* dhateng *generasi* salajengipun saha gadhah paedah kangge masarakat panyengkuyung ingkang maneka werni kagiyatan wonten masarakat. Salah satunggaling kagiyatan pagesanganipun masarakat kasebat inggih menika Ritual ing salebeting tari angguk.

C. Sesaji

Sesaji inggih menika *aktualisasi* pikiran, kepingian, saha pangraos paraga kangge nyaketaken dhiri dhumateng Gusti. Endraswara (2003: 195) bilih sesaji dipunginakaken arupi dhaharan, kembang, asiling palawija, lan sapanunggalipun. Herusatoto (2001: 88) sesaji minangka *penjelmaan* raos sukur dhumateng Gusti ingkang Murbeng Dumadi, dhateng para leluhur, ingkang njagi dhesa lan sapanunggalipun. Sajen menika minangka salah satunggaling sarat wonten ing Ritual ing salebeting tari angguk ing Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem.

Kapitadosanipun masarakat bilih sajen menika gadhah *fungsi*, kados ingkang dipunandharaken dening Koentjaraningrat (1984: 365) *fungsi* sesaji inggih menika minangka kangge sodaqoh saha minangka *fungsi simbolik* pawicatenan kalih *makhluk ghaib*. Makna sajen menika kangge nambah kapitadosan babagan ritual. Ritual ing salebeting tari angguk menika sarana kangge piwulangan *nilai-nilai* kabudayan ingkang *hakiki*. *Nilai-nilai* kasebat saged dipunginakaken kangge nggayuh katentreman, kawilujengan, keslametan, saha ayom ayem lair saha batos.

Adhedhasar wonten ing nginggil saged dipundhudhut bilih sajen ingkang dipunginakaken wonten ing ritual ing salebeting tari angguk Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman menika gadhah ancas supados pikantuk berkah kawilujengan saha katentreman saking Gusti Ingkang Maha Agung. Ancasipun sajen menika supados wiyaga anggenipun mentasaken beksa Angguk supados saged kalampahan kanthi rancak saha sae boten dipunganggu *mahluk ghaib*. Pakulinan nyawisaken sajen taksih katindakaken dening masarakat panyengkuyung nalika badhe beksa Angguk.

D. Makna Simbolik

Tembung *simbol* menika saking Yunani. *Symbolos* tegesipun tandha utawi titikan ingkang nedahaken salah satunggaling bab dhumateng tiyang. Tiyang gesang ing alam donya menika ngginakaken *simbol* ingkang wonten gayutanipun kaliyan gesang ing padintenan. Miturut Spradley (1997: 121), *simbol* inggih menika *obyek* utawi prastawa menapa kemawon ingkang tumuju dhateng salah satunggaling perkawis. Sedaya *simbol* gadhah tigang unsur inggih menika *simbol*

menika piyambak, satunggal rujukan utawi langkung, saha gegayutan antawisipun *simbol* kaliyan rujukan. Tigang unsur kalawau minangka pancaan kangge sedaya *makna simbolik*.

Miturut pamanggihipun Herusatoto (2003: 10) ngandharaken menawi *simbol* atau *lambang* adalah semacam tanda, lukisan, perkataan, lencana dan sebagainya yang menyatakan sesuatu hal atau mengandung maksud tertentu. Ingkang dipunkajengaken saking andharan menika bilih *lambang* menika perangan tandha, *gambar*, utawi perangan sanesipun ingkang nedahaken salah satunggaling bab saha ngandhut kekajengan tertamtu. Tuladhanipun warni pethak menika nedahaken *simbol kesucian* lajeng gambar pari menika nedahaken *kemakmuran*.

Saben kagiyatan kadosta Ritual gadhah makna-makna ingkang dipunwujudaken kanthi wujud-wujud, *simbol-simbol*, utawi *lambang-lambang* ingkang dipunginakaken wonten ing ritual ing salebeting tari angguk. Simbol-simbol wonten ing ritual ing salebeting tari angguk menika dipunlampahi minangka sarana kangge nedahaken kanthi boten langsung teges saha ancas ritual ing salebeting tari angguk menika kangge masarakat panyengkuyung.

E. Ritual

Ritual inggih menika adat istiadat pagesangan ingkang dipuntindakaken saha dipunwiwiti ing jaman rumiyin ingkang sampun jumbuh kaliyan paugeran saha *nilai-nilai* tertamtu. Harmanto ing Marsono (1999: 3) ngandharaken bilih paugeran ingkang dipuntampi dening masarakat saha dipundadosaken kapitadosan dening masarakatipun inggih menika nilai budaya, *norma-norma*, ukum,

paugeran, pathokan tertamtu ingkang sampun jumbuh kaliyan dhiri pribadhi manungsa, kulawarga, salah sawijining klompok masarakat, bangsa saha saperangan masarakat panyengkuyung. Adat kabiyasan menika asipat diambali saha dipungatosaken. Inggih njalari inggih menika, (1) *Nilai-nilai* ing salebeting sampun jumbuh dhateng piyambakipun, klompok, saha masarakat, (2) *Paugeran-paugeran* ingkang dipuntampi dipunraos saged paring kawilujengan ing pagesangan, (3) *Norma-norma* ing salebeting adat ingkang saged paring katentreman saha marem.

Upacara ritual tradhisi kalebet kabudayan masarakat ingkang awujud norma-norma utawi paugeran-paugeran ingkang kedah dipunlampahi kaliyan klompokipun. Ritual ing salebeting tari angguk menika minangka wujud pranata sosial ingkang lisan ananging wajib dipuntepang saha dipunmangertosi kangge dhiri pribadhinipun manungsa supados boten dipunanggep medal saking adatipun saha pasrawungan ing masarakat (Soepanto, dkk. 1996: 6). Wonten malih pamanggih saking (Koentjaraningrat, 2009: 296) bilih ritual utawi upacara tradhisi menika kathah unsuripun, kadosta sesajen, korban, ndonga, ndhahar dhaharan kanthi sesarengan ingkang sampun dipunsuceni kanthi donga, nari tarian suci, nembang tembang suci, *berprosesi* utawi pawe, dosahaan seni dhrama ingkang suci, poso utawi siyam, *intoksikasi* utawi *pengaburan pikiran* kanthi dhahar obat bius dumugi kesurupan utawi mabuk, tapa, saha semedhi.

Ritual ing salebeting tari angguk inggih menika kabudayan ingkang tansah ngrembaka ing masarakat Dhusun Kemiri ingkang asipat kina. Ritualipun

kawarisaken gethok tular setunggal dhateng tiyang sanesipun, dados mbetahaken wekdal ingkang radi dangu.

F. Tari Angguk

Kesenian Angguk minangka kesenian rakyat ingkang wonten ing tlatah Ngayogyakarta. Kesenian angguk wujudipun tarian kanthi iringanipun awujud parikan ingkang ngemu piwulangan kadosta srawung ing masarakat, unggah-ungguh saha pasinaon. Tembang wonten ing kesenian angguk dipunserat sajroning kitab tlodo, ingkang panyeratanipun ngginakaken huruf arab, saha isinipun sholawatan ananging dipuntembangaken kanthi cengkok tembang jawi.

Angguk lair wiwit jaman Landa, ingkang dipunginakaken kangge raos sukur dhumateng Gusti Allah sasampunipun panen pantun. Kangge mengeti, kadang kaneman sami jejogedan, tetembangan, saha ngangguk-anggukaken sirah. Saengga kesenian menika dipunsebat kesenian angguk. Ananging jaman samenika tari angguk boten namung kangge raos sukur sasampunipun panen pantun, tari angguk dipunginakaken kangge hajatan.

Wonten ing masarakat Dhusun Kemiri kesenian Angguk gadhah nama ingkang beda-beda, ananging tata caranipun sami. Nama-nama kesenian angguk kadosta, Angguk Kipas amargi ngginakaken piranti kipas, Tari Angguk Klasik amargi jogedanipun boten ewah saking asalipun, saha Seni Sholawat Angguk amargi tembang-tembangipun awujud sholawatan, saha puji-pujian dhumateng Gusti Allah. Ananging saking tigang nama angguk kasebat dening masarakat dhusun Kemiri ndamel paguyuban ingkang dipunwastani “Angguk Kipas Manggala Budaya”.

G. Panaliten Ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh kaliyan panaliten inggih menika *Upacara tradhisi wilujengan Mistik Wilujengan di Petilasan Indrakisah Dusun Sinanjer Desa Clapar, Kec. Madukara, Kabupaten Banjarnegara* dening Villia Erie Kusumawati (2009). Saking panaliten menika ingkang sami katindakaken (*relevan*) ing panaliten inggih menika sami-sami ngandharaken ritual upacara tradhisi. Piranti utawi *instrument* panaliten menika ugi sami inggih menika panaliti piyambak kanthi ngginakaken piranti pitakenan panaliten. Lajeng bedanipun wonten panaliten menika nyariosaken asal-usuling papan menika ingkang sami-sami gadhah ancas inggih menika kangge pados kawilujengan saha katentreman wonten ing pagesangan.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Metode Panaliten

Panaliten kanthi irah- irahan Ritual ing Salebeting Tari Angguk Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman menika ngginakaken metode panaliten *kualitatif*. Miturut Moleong (2002: 30) panaliten *kualitatif* inggih menika panaliten ingkang ngasilaken *data deskriptif* ingkang awujud tembung-tembung ingkang kaserat utawi lisan saking tiyang ingkang dipuntliti. Pamanggih ingkang sami ugi dipunandharaken dening Bogdan saha Taylor ing Endraswara (2006: 85- 86) *kajian kualitatif adalah prosedur penelitian yang menghasilkan data deskriptif berupa kata- kata tertulis/ lisan dari orang-orang dan perilaku yang dapat diamati*. Miturut Maryaeni (2005: 5) *pendekatan utawi metode kualitatif* menika langkung jumbuh dipunginakaken ing panaliten kabudayan. Kabudayan adhedhasar minangka sedaya ingkang ndayani manungsa, sae ingkang ndayani *sikap, konsepsi ideologi perilaku, adatipun, saha karya kreatif*.

Adhedhasar pemanaggih ing nginggil, saged dipunandharaken jinising panaliten wonten ing panaliten inggih menika jinising panaliten *kualitatif*. Panaliti menika ngandharaken asiling panaliten saking *data deskriptif* inggih menika saking pirembagan kaliyan para *informan* saha cathethan *lapangan observasi* nalika panaliten.

B. Setting

Panaliten dipunlampahi ing Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman. Panaliten menika mendhet *setting* ing Dhusun Kemiri amargi saperangan warganipun kalebet Paguyuban Angguk Kipas Manggolo Budaya. Wekdalipun panaliten menika 25 April 2014 dumugi 25 Juni 2014.

Ingang kalebet ing *setting* inggih mrenika kahanan prosasi tari angguk. Ingang nliti menika mupuk raos paseduluran inggang sae kaliyan perangkat desa, sesepuh saha masarakat Dhusun Kemiri supados pikantuk informasi inggang cetha ngengini budaya.

C. Nemtokaken Informan

Informan menika tiyang inggang saged maringi informasi, menawi informan kunci menika tiyang inggang saged maringi informasi utawi cariyos lengkap saha mangertos sajen ritual ing salebeting tari angguk. Panaliten menika ngginakaken purposive (informan inggang sampun katuju) miturut Moleong (2000: 165) inggih menika informasi dipunpilih inggang saged maringi data inggang leres.

Wonten ing Endraswara (2009: 220) *informan* kaperang dados kalih, inggih menika *informan kunci* saha *informan biasa*. *Informan kunci* inggih menika inggang gadhah *peranan penting* ing salebeting *fenomena* budaya. Wonten ing panaliten menika inggang dados *informan kunci* inggih menika juru kunci, sesepuh, perangkat desa, kaum saha warga. *Informan biasa* inggih menika minangka *informan pendukung* kadosta tiyang inggang dados *penonton*.

Dene ingkang dados sumber *data* inggih menika:

1. *Data primer*

Inggih menika *data* ingkang kapundhut kanthi cara *pengamatan langsung* wonten ing papan panaliten saha kanthi cara wawanrembag dhateng informan. Saderengipun wawanrembag, panaliti kedah nyamektakaken *pedoman* wawanrembag inggih menika ngginakaken dhaftar pitakenan ingkang sampun dipunsamektakaken saderengipun. Ananging wonten ing panaliten menika, *pedoman* wawanrembag dipunginakaken kanthi luwes, gumantung kalihan kahanan ing lapangan.

2. *Data sekunder*

Inggih menika ngginakaken buku-buku ingkang jumbuh kalihan panaliten ingkang dipunpundhut.

Pramila informan ingkang dados key informan ing panaliten menika inggih menika sesepuh Paguyuban Angguk Kipas Manggolo Budaya. Sesepuh paguyuban dados key informan amargi sampun dipunsepuhaken saengga dipunpandhang mangertos babagan sajen ritual ing salebeting tari angguk.

D. Cara Ngempalaken Data

Cara ngempalaken *data* ingkang dipuntindakaken inggih menika mawi cara *observasi berpartisipasi*, saha wawancara mendalam tumrap informan ngengingi sejarah utawi asal-usuling ritual ing salebeting tari angguk, paedah, saha ancasing masarakat ngawontenaken ritual ing salebeting tari angguk ing Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun. Panaliti ugi ngginakaken cara *simak libat* *catat* lajeng dipunjangkepi *dokumentasi*.

Observasi berpartisipasi inggih menika panaliti ngawontenaken pengamatan *langsung* ngengingi lampahing tari angguk ing Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman. Observasi katindakaken inggih menika panaliti ningali *langsung* saha nyathet sedaya perkawis ingkang gayut kaliyan lampahing tari angguk. Cara menika gadhah ancas supados panaliti pikantuk data ingkang kapendhet langsung saking papan lumampahing tari angguk. Kasiling *pengamatan* kalawau dipundadosaken dhasar anggenipun wawancara saha *observasi* salajengipun.

Sasampunipun panaliti nindakaken *observasi*, panaliti sampun angsal saperangan bab ingkang samangke dipundadosaken kangge *pedoman* pirembagan salajengipun supados *data* ingkang kapundhut saged jumbuh kalihan menapa ingkang dipunkajengaken dening panaliti saha asiling *data-data* ingkang kapundhut saged jangkep. Saengga panaliten menika saged kasebat kanthi pirembagan *mendalam*. Pirembagan mendalam utawi wawancara mendalam inggih menika pirembagan antawisipun panaliti saha *informan* kangge tukar *informasi* saha ide mawi pitakenan saha wangsulan, satemah saged dipunmangertosi makna satunggaling *topik* ingkang sampun katemtokaken.

Dokumentasi dipunginakaken kangge njangkepi *data-data* ingkang sampun kapundhut saking asiling pirembagan kanthi *mendalam*. *Dokumentasi* ing panaliten menika awujud seratan-seratan, rekaman, saha foto-foto babagan ritual ing salebeting tari angguk Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun ingkang samangke dipunjumbuhaken kalihan *data* ingkang sampun kaserat kalihan katrangan saking *informan*.

E. Pirantining Panaliten

Pirantining panaliten ingkang dipunginakaken ing panaliten menika inggih menika panaliti piyambak amargi panaliti minangka *perencana*, ingkang ngleksanakaken, ngempalaken *data*, nganalisis, saha ingkang damel panaliten menika. Wonten ing Sugiyono (2010: 306) panaliti minangka *human instrument* gadhah paedah nemtokaken *fokus penelitian*, nemtokaken *informan* minangka sumber *data*, ngempalaken *data*, *menilai kualitas data*, nganalisis *data*, *menafsirkan data*, saha damel dudutan saking *data* ingkang sampun kapundhut.

Miturut pamanggihipun Endrasawara (2006: 133) *human instrument* ndadosaken panaliti kangge *memodifikasi* pitakenan ingkang dipunjumbuhaken kalihan *kondisi informan*. Inggih menika wawanrembag adhedhasar kaliyan pitakenan ingkang sampun dipunsamektakaken ananging taksih saged dipunwiyaraken gumantung kaliyan kabetahan.

Piranti ingkang dipunginakaken dening panaliti kangge nggampilaken anggenipun ngempalaken *data* inggih menika ngginakaken buku cathetan, *pedoman wawancara*, *tape recorder* ingkang dipunginakaken kangge pirembagan dhateng *informan*, saha piranti-piranti sanesipun inggih menika *camera digital*, saha *handycam*.

F. Cara Nganalisis Data

Wonten ing panaliten menika, caranipun nganalisis data ingkang dipunginakaken inggih menika analisis *induktif*. Miturut Endraswar 2006: 175) ancasipun analisis data *induktif* menika supados informasi ingkang sampun dipunpendhet menika cetha. Ngginakaken analisis *induktif* menika dados analisi

dipuntindakaken saking proses mendhet data dumugi proses saksampunipun mendhet data. Data ingkang sampun dipunpendhet dipunproses kanthi *unitisasi* saha *kategorisasi*. *Unitisasi* inggih menika data ingkang sampun dipunpendhet *ditransformasikan* kanthi sistematis dados unit-unit. *Kategorisasi* inggih menika ndamel milih-milih unit-unit supados cetha. Dados data menika dipunwaos, dipunsinau lajeng dipunpilih unit ingkang ngemot data ingkang dipunginakaken utawi data ingkang wigati, menawi sampun data-data menika dipundamel *rangkuman inti*. Nganalisis data menika kangge ngolah data ingkang sampun dipuninformasiaken inggih menika sajèn ritual ing salebeting tari angguk.

G. Teknik Ngesahaken *Data*

Panaliten menika ngginakaken triangulasi *data*, inggih menika teknik pemeriksaan *keabsahan data* ingkang ngginakaken setunggaling cara ingkang wonten ing njawi *data* kangge ngecek utawi kangge tetandhing *data* ingkang sampun pikantuk (Moleong, 2006: 178 ing Maria Astria Rini, 2012). *Teknik triangulasi* menika dipunginakaken supados asiling panaliten *valid* saha saged dipuntanggjawabaken. *Triangulasi* ingkang dipunginakaken inggih menika *triangulasi sumber* saha *triangulasi metode*, inggih menika mekaten.

1. *Triangulasi sumber*, inggih menika dipuntindakaken kanthi nandhingaken menapa ingkang dipuaturaken *informan* satunggal saha *informan* sanesipun wonten ing salebetipun pirembaran utawi *wawancara*, kajawi menika ugi saged kajumbuhaken kaliyan *teori* wonten ing buku.

2. *Triangulasi metode*, inggih menika katindakake kanthi cara nandhingaken data asiling panaliten kaliyan data asiling *wawancara* utawi cara anggenipun ngempalaken dhata *ganda*, ing antawisipun arupi *observasi* saha pirembagan.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN


A. Deskripsi Setting Panaliten

1. Andharaning Papan Ritual ing salebeting Tari Angguk

Papan panaliten ingkang wonten ing panaliten inggih menika Dhusun Kemiri. Dhusun Kemiri dumugi Desa Purwobinangun tebihipun kirang langkung 6 Km. Miturut saking *Monografi* Desa Purwobinangun taun 2010, kahanan *geografis* Desa Purwobinangun dumunung ing 600 meter *diatas permukaan laut*. Desa Purwobinangun kalebet tlatah ingkang dumunung wonten ing *dataran tinggi* kanthi *curah hujan* ____mm/ taun saha *suhu udara* kirang langkung 32°C. Wates-watesanipun Desa Purwobinangun kanthi *administratif* saged katingal wonten ing ngandhap menika:

sisih ler	: Hutan Merapi
sisih kidul	: Desa Donoharjo
sisih kilen	: Desa Girikerto, Desa Donokerto
sisih wetan	:Desa Hargobinangun, saha Desa Candibinangun

Wiyaripun tlatah Desa Purwobinangun inggih menika 4.384,04 Ha². Purwobinangun kaperang dados 16 Dhusun, inggih menika Dhusun Turgo, Dhusun Ngepring, Dhusun Kemiri, Dhusun Ngelosari, Dhusun Tawangrejo, Dhusun Ngringin, Dhusun Potro, Dhusun Watuadeg, Dhusun Jamblangan, Dhusun Beneran, Dhusun Bunder, Dhusun Kardangan, Dhusun Srowolan, Dhusun Karanggeneng, Dhusun Kadilobo, Dhusun Sembung. Peranganing tlatah Desa Purwobinangun saged dipuntingali wonten ing Gambar 1.



Gambar 1: Tlatah Administratif Desa Purwobinangun
Sumber: *Monografi Desa Purwobinangun Taun 2010*

Panaliten menika boten sedaya katindakaken wonten ing dhukuh-dhukuh kalawau, ananging namung katindakaken ing Dhusun Kemiri ingkang dipundadosaken *sampel*. Tlatah Dhusun Kemiri saged dipuntingali wonten ing gambar 1. Akses kendharaan ingkang saged dipunginakaken inggih menika bis kanthi *tujuan* Jogja-Kaliurang saha angkutan Desa kode 30 utawi asring dipunsebat kol thuyul kode 30. Kajawi menika saged ugi ngginakaken kendharaan pribadhi kadosta pit motor utawi mobil. Dhenah tumuju papan kangge mirsani tari angguk saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.



Gambar 2 : Dhenah papan panaliten ritual ing salebeting tari angguk (dok.Ima)

Andharan babagan papan panaliten wonten ing nginggil gadhah ancas supados tiyang saged mangertos langkung jangkep dunungipun Desa

Purwobinangun mawi peta. Peta kalawau nedahaken papan ingkang dipunginakaken kangge pementasan tari angguk. Kejawi menika tiyang badhe mirsani saged mangertos akses kendharaan ingkang saged dipunginakaken tumuju papan pementasan tari angguk.

a. Kependhudhukan

Kanthi adhedhasar *data Monografi* Desa Purwobinangun taun 2010 saged dipunmangertosi cacahipun pendhudhuk Desa Purwobinangun wonten 8.940 tiyang. Ing ngandhap menika kaandharaken *tabel komposisi* pendhudhuk miturut jinising kelamin.

No	Jinising Kelamin	Cacahipun
1.	Cacahing laki- laki	4.377 tiyang
2.	Cacahing perempuan	4.563 tiyang
Cacahing Sedaya		8.940 tiyang

Tabel 1 : Komposisi Pendhudhuk Miturut Jenis Kelamin
Sumber: *Monografi* Desa Purwobinangun 2010

b. Sistem Religi

Adhedhasar dhata *Monografi* Desa Purwobinangun taun 2010 saged dipunmangertosi bilih pendhudhuk Desa Purwobinangun gadhah kapitadosan ingkang maneka werni. Cacahipun tiyang-tiyang ingkang ngrasuk agami saged katingal ing tabel ngandhap menika

No	Jinising Agami	Cacahipun
1.	Islam	7.084 tiyang
2.	Kristen	140 tiyang
3.	Katholik	1.715 tiyang
4.	Konghucu	1 tiyang
Cacahipun Sedaya		8940 tiyang

Tabel 2 : Komposisi Pemeluk Agama
Sumber: *Monografi* Desa Purwobinangun 2010

Cacahipun pendhudhuk ingkang ngrasuk agami Islam wonten 7.084 tiyang, agami Kristen 140 tiyang, agami Katholik 1.715 tiyang saha agami Konghucu 1 tiyang. Wondene ingkang ngrasuk agami Hindu saha Budha boten wonten.

c. Tataran Pendhidhikan

Miturut dhata *Monografi* 2010, tataran pendhidhikan masarakat Desa Purwobinangun saged dipunmangertosi bilih wonten 1.236 tiyang lulusan SD, 862 tiyang lulusan SMP, 2.591 tiyang lulusan SMA, 402 tiyang lulusan D1- D4, 584 tiyang lulusan Sarjana. Komposisi pendhudhuk Desa Purwobinangun miturut pendhidhikanipun saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

No	Lulusan pendhidhikan	Cacahipun
1.	Sekolah Dasar	1.236 tiyang
2.	SMP/ SLTP	862 tiyang
3.	SMA/ SLTA	2.591 tiyang
4.	Akademi/ D1- D4	402 tiyang
5.	Sarjana (S1- S3)	584 tiyang
Cacahipun Sedaya		5.675 tiyang

Tabel 3: Komposisi Tataran Pendhidhikan
Sumber: *Monografi* Desa Purwobinangun 2010

Tingkat pendhidhikan masarakat ingkang taksih *rendah* temtunipun ndayani pemikiran masarakat ingkang kolot beda kaliyan pamikiran masarakat ingkang tingkat pendhidhikanipun inggil temtu gadhah pamikiran ingkang tinemu akal. Masarakat ingkang taksih nindakaken Ritual ing salebeting tari angguk kalebet ing golongan lulusan SD, SMP, saha SMA. Pramila Ritual menika taksih lumampah kanthi sae, awit masarakat taksih kathah ingkang lulusan SD, SMP, saha SMA.

d. Pakaryanipun Pandhudhuk

Pakaryanipun pandhudhuk Desa Purwobinangun menika maneka warni. Kanthi adhedhasar dhata *Monografi* 2010 saged dipuntingali bilih ingkang dados PNS wonten 408 tiyang, ABRI wonten 55 tiyang, swasta wonten 994 tiyang, wiraswasta wonten 365 tiyang, tani wonten 1.314 tiyang, buruh tani wonten 283 tiyang, pertukangan wonten 34 tiyang, pensiunan wonten 187 tiyang, peternakan wonten 87 tiyang, saha padamelan sanes-sanesipun wonten 5.312 tiyang. Padamelan menika taksih dipuntindakaken ngginakaken cara manual boten ngginakaken *mesin-mesin* kados ing *pabrik*. Menika nedahaken bilih masarakat Desa Purwobinangun menika dereng katepang kaliyan *perkembangan jaman* ing *arah modern*. *Komposisi* pendhudhuk Desa Purwobinangun miturut padamelanipun saged dipuntingali ing tabel ngandhap menika.

No	Pedamelan	Cacahipun
1.	PNS	408 tiyang
2.	ABRI	55 tiyang
3.	Swasta	994 tiyang
4.	Wiraswasta	365 tiyang
5.	Tani	1.314 tiyang
6.	Buruh Tani	283 tiyang
7.	Pertukangan	34 tiyang
8.	Pensiunan	187 tiyang
9.	Peternakan	87 tiyang
10.	Sanes- sanesipun	5.312 tiyang
Cacahipun Sedaya		8.940 tiyang

Tabel 4: Komposisi Mata Pencaharian
Sumber: *Monografi* Desa Purwobinangun 2010

Panaliti ngandharaken papan dununging ritual tari Angguk menika kangge nedahaken bilih antawisipun ritual kaliyan papan dunungipun Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun menika wonten gayutanipun. Dhusun Kemiri tebih saking

pusat kota, satemah dereng kathah kenging pangaribawa dening *kehidupan modern*.

B. Mula Bukanipun Ritual ing Salebeting Tari Angguk

Kesenian angguk wonten ing Dhusun Kemiri sampun wonten kirang langkung wiwit taun 1918 ingkang taksih dipunlestantunaken dening masarakat Dhusun Kemiri, Desa Purwobinangun, Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman. Kesenian angguk saged dumugi wonten ing Dhusun Kemiri ingkang nglatih saking Kadiraja. Miturut salah satunggaling *informan*, kesenian angguk sampun wonten wiwit jaman rumiyin. Ing wekdal samenika masarakat Dhusun Kemiri, Desa Purwobinangun, Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman namung nglajengaken kesenian angguk supados boten *punah*.

Kesenian menika katindakaken dening warga Dhusun Kemiri kanthi *turun temurun*. Warga masarakat Dhusun Kemiri menika nglajengaken kesenian saking tiyang sepuhipun. Perkawis menika kados dipunandharaken dening *informan* 02 Bapak Muhadi Suwarno saha *informan* 05.

“Tari Angguk menika nggih ngaten asal-usule nggandheng kula namung pinanggih nglajengaken saking ingkang sepuh-sepuh nggih suwargi-suwargi, mbah-mbah kula buyut, ingkang ngawontenaken seni solawat Angguk menika, yen kula menika estunipun kantun nglajengaken tur kula sampun dhun-dhunan tahap ping sekawan. Ha menika asal-usulipun rumiyin menawi simbah ngendikakaken bilih anggenipun latihan, ingkang nglatih menika saking sedherek Kadiraja, Kadiraja Tempel ngaten menika ...Janipun seni solawat Angguk menika pungenipun simbah menika utawi anggenipun wonten menika sampun dangu, wiwit taun wolulas, sewu sangangatus wolulas nggih menika sampun wonten. Menika sampun wiwit simbah dumugi kula sampun mlembang ping sekawan, sekawan generasi ngaten menika....Lajeng nggih dumugi sepriki seni solawat Angguk Angguk taksih nguri-uri supados ampun punah kalawau.”
(CLW 02)

Andharan ing nginggil dipunsengkuyung dening *informan 02* bapak Marsudi saha *informan 08*.

“Mula bukane niku nek kados kula menika pun turun temurun, pun ping pinten nggih, nek boten ping telu napa ping pat, ming kanton penerus. Nek sejarah-sejarah niku riya niku boten patek jelas, dados entene mung kanton neruske ngoten.” (CLW 05)

“Mula bukane Tari Angguk nek kula namung neruske, riya niku saking Kadiraja, kirang langkung taun 1918, ning sing tamat niku lak Pak Muh.” (CLW 08)

Saking pamanggih-pamanggih ing nginggil menika, saged dipunpendhet dudutan bilih mula bukaning kesenian angguk ing Dhusun Kemiri, Desa Purwobinangun, Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman wiwit taun 1918 saha nerasaken saking tiyang sepuhipun utawi saged dipunwastani warisan saking para leluhuripun.

Saking andharan ing nginggil menika saged dipunpundhut dudutanipun bilih kesenian angguk kalebet ugi kalebet *folklor*, awit para paraga kesenian angguk nglestunaken menika adhedhasar saking para leluhuripun ingkang pikantuk sarana lesan. Kejawi menika, boten wonten ingkang mangertos sinten ingkang sepisan damel kesenian angguk. Perkawis menika jumbuh kaliyan *teori* titikan *folklor* ing antawisipun *folklor* pangrembakanipun saha pewarisanipun dipuntindakaken kanthi lesan, inggih kanthi cariyos gethok tular saking *generasi* setunggal dumugi *generasi* salajengipun. Wonten ing kesenian angguk, cariyos gethok tular menika dipunwarisaken dening tiyang sepuh dhateng putranipun, lajeng tumurun dhateng wayahipun lan salajengipun.

Kados kesenian-kesenian sanesipun, kesenian angguk menika ugi wonten tata cara utawi lampahipun. Awit saking menika, wonten ing panaliten menika badhe dipunandharaken lampahing kesenian angguk.

C. Prosesi Ritual ing Salebeting Tari Angguk

Kesenian angguk minangka salah satunggaling kadadosan ingkang wigati. Kesenian menika katindakaken masarakat panyengkuyung kangge mengeti supitan, mantu, midhang dhateng peken saha hajatan sanesipun kanthi lampah masrahaken sajen. Saderengipun tari angguk langkung rumiyin (1) kempalan paguyuban, (2) latihan, (3) cecawis piranti, (4) cecawis sesaji, (5) lampahing tari angguk, (6) evaluasi. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02* Pak Muhadi saha *informan 04* Pak Nardi Siswoyo

“...Menawi panjenengan menika nyuwun pirsu wiwit rumiyin simbah ingkang nyepeng utawi nglatih menika aslinipun seni solawat Angguk menika nate kangge wontening sedherek perlu, tegesipun menika hajatan, umpaminipun mantu, supit, lan keperluan sanes- sanesipun. Midhang dhateng peken, yen alam rumiyin menika ugi ngaten.” (CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 04* saha *informan 08*

” ... Nek hajatan tetep ngangge sajen, pas manten, supitan nggih wonten sajene, ning nek biasa- biasa mawon boten.” (CLW 04)

“ ...tetep taksih ngangge sajen pokoke nek gen sunatan, tingkeban niku disajeni niku punmesti, kedah sajen.” (CLW 08)

Saking andharan ing nginggil menika, ugi dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 07*.

“Ya tau, tau. Pertama kalikan, kalau ada event, apa ya namanya, kumpulan gitu aja ya, ya intinya membahas itu, rencananya gimana, rencananya, ya istilahe kan, kadang ada permintaan dari yang mau nanggap, mungkin berapa menit, berapa lagu, itu kan ditentukan, beda

dengan kesenian lain. Kalau itu kan ditentukan karena satu lagu beda musik. Satu lagu beda musik, tidak bisa dicampur itu. Itu kan terus dilatih dulu mau berapa menit, kira-kira berapa menit, misal dua puluh menit itu, ya kira-kira lagu apa yang kira- kira pas untuk dua puluh menit, itu lagu apa. Kemudian setelah itu disepakati latihan bersama, terus sebelum main, tiap kali pasti peralatannya dicek, ngecek peralatan ada yang kurang atau kira- kira bisa dicarikan kalau nggak ya biasanya beli. Habis itu ya main, main biasa, setelah pulang ya itu, kumpulan lagi evaluasi, nanti istilahnya ada pemasukan berapa, pengeluaran berapa, itu nanti sinkron atau enggak. Tapi kalau Angguk itu biasanya kebanyakan pemasukannya lebih daripada pengeluaran.” (CLW 07)

“Nggih mangertos, ngertos. Sepisan, menawi wonten kajat, kados pundi rencananipun, istilahipun menawi wonten ingkang nanggap, badhe nyuwun pinten menit, pinten tembangan, lajeng dipuntemtokaken, amargi kesenian menika beda kaliyan kesenian sanesipun. Menawi sampun dipuntemtokaken amargi setunggal tembang beda gamelanipun, dados boten saged dipuncampur. Lajeng latihan kinten-kinten pinten menit, upaminipun kalih dasa menit, kinten-kinten tembang menapa ingkang pas kangge kalih dasa menit. Lajeng menawi sedaya sampun sarujuk lajeng latihan sesarengan, saderengipun main, ngecek piranti, menawi piranti wonten ingkang kirang, madosi utawi tumbas. Lajeng menawi sampun tari, wangsul, lajeng kempalan kangge evaluasi. Tegesipun telas pinten, arta mlebet pinten, medal pinten, pas utawi boten. Nanging menawi Angguk menika asring kathah arta ingkang mlebet tinimbang ngecakupun.” (CLW 07)

Saking andharan wonten nginggil menika, saderengipun ngawontenaken tari angguk langkung rumiyin (1) kempalan paguyuban, (2) latihan, (3) cecawis piranti (4) cecawis sesaji (5) lampahing tari angguk (6) evaluasi.

1. Cecawis

Lampahing tari angguk saged katindakaken kanthi lancar tamtu mbetahaken cecawis ingkang tumemen. Cecawis inggih menika kempalan warga, latihan saderengipun dipunwiwiti tari angguk, cecawis piranti, saha cecawis sesaji.

a. Kempalan Paguyuban

Kempalan menika minangka salah satunggaling reroncening tari angguk ingkang badhe katindakaken. Kempalan katindakaken wonten dalemipun Pak Muhadi Suwarno minangka ketua kesenian angguk.



Gambar 3 : **Kempalan Anggota Paguyuban Angguk** (dok. Ima)

Kempalan menika kapimpin dening Pak Sihadi minangka Pranata adicara. Wonten ing kempalan menika ngrembag ngengingi tari angguk ingkang katindakaken dinten rebu surya setunggal Januari kalih ewu sekawan welas ingkang mapan wonten dalemipun Pak Muhadi Suwarno. Asiling kempalan inggih menika pasarujukan wekdalipun tari Angguk surya 1 Januari 2014, papan tari angguk wonten dalemipun Pak Muhadi Suwarno, pasarujukan ngengingi wekdal saha papan kangge gladi resik tabuh 10.00 WIB, pasarujukan ngengingi *persiapan* tari angguk ingkang isinipun: wiwit enjing ibu-ibu dipunaturi masak wonten dalemipun pak Muhadi Suwarno saha tabuh 10.00 bapak-bapak dipunaturi kempal saperlu gladi resik saha dandan (make up).

b. Latihan

Latihan utawi gladi resik dipuntindakaken kangge ngemut-emut *gerakan* saha *pola lante*. Wekdalipun latihan inggih menika saderengipun dandan (make up) antawisipun tabuh 10.30. Latihan katindakaken wonten dalemipun Bapak Muhadi Suwarno saha kapimpin dening Bapak Muhadi Suwarno. Sedaya paraga (penari saha pengrawit) *antusias* saha tumemen anggenipun nindakaken gladi resik, ancasipun supados tari angguk saged katindakaken kanthi rancak.

Wujudipun gambar nalika latihan tari angguk kados ing ngandhap menika.



Gambar 4 : **Latihan** (dok. Ima)

Para wiyaga nindakaken latihan saderengipun tari angguk. Anggenipun latihan wiyaga dereng ngaggem “busana tari”, namung ngginakaken piranti kipas. Sejatosisipun cacahipun wiyaga wonten 12. Wiyaga ingkang nindakaken latihan namung 10 tiyang. Amargi ingkang 2 nembe dipunrias. Ingkang kedah ndherek latihan mestiripun. Amargi minangka pathokan kangge wiyaga sanesipun.

c. Cecawis Piranti

Cecawis piranti inggih menika nyawisaken sedaya piranti musik ingkang badhe dipunginakaken nalika tari anggguk. Piranti musik ingkang dipunginakaken inggih menika kentrung tigang iji, jedor setunggal iji saha terbang setunggal iji.

1) Kentrung awujud piranti musik ingkang sami kaliyan rebana. Bedanipun kaliyan rebana inggih menika ing sapinggiring kentrung wonten lempengan wesi ingkang saged medalaken swanten “ kentrung-kentrung”.

Wujudipun gambar kentrung kados ing ngandhap menika.



Gambar 5 : **Kentrung** (Dok. Ima)

Kentrung minangka piranti musik ingkang gadhah *fungsi* wigati, amargi kentrung ngasilaken swanten ingkang beda kaliyan piranti musik sanesipun. Kentrung dipunginakaken kangge ngasilaken swanten ingkang harmonis. Kentrung dipuncepeng dening Bapak Ratemo.

2) Jedor inggih menika salah satunggaling piranti musik ingkang awujud bedug alit. Jedor ingkang dipunginakaken ing Ritual ing salebeting tari angguk kadamel saking kuningan beda kaliyan bedug sanesipun ingkang kadamel saking kayu.

Wujudipun jedor kados gambar ing ngadhap menika.



Gambar 6 : **Jedor** (dok. Ima)

Jedor wonten ing nginggil nembe dipunstel kaliyan Bapak Muhadi Suwarno, supados ngasilaken swanten ingkang suro. Salajengipun jedor dipuncepeng dening Bapak Muji Suprpto.

3) Terbang piranti musik ingkang saged dipunwastani rebana. Terbang ingkang dipunginakaken ing Ritual ing salebeting tari angguk wujudipun wonten bedanipun sekedhik kaliyan kentring. Terbang menika ngasilaken swanten ingkang sragam kaliyan kentring.

Wujud terbang saged dipuntingali wonten ing gambar ngandhap menika



Gambar 7 : **Terbang** (dok. Ima)

Saderengipun tari angguk katindakaken, piranti musik kedah dipuncobi rumiyin supados saged nuwuhaken swanten ingkang endah. Kajawi anggota ingkang boten kalebet penari saha pemusik ugi nyawisaken piranti *sound system*. *Sound system* dipuncobi swantenipun.

4) Busana

Busana ingkang dipunginakaken wonten ing tari angguk wonten 2 werni. Busana ingkang dipunginakaken kaliyan mestir saha wiyaga ingkang kejawi mestir. Mestir inggih menika wiyaga ingkang dados pathokan wonten ing tari angguk. Busana ingkang diagem mestir inggih menika sorjan ingkang wernipun biru saha busana ingkang dipunginakaken wiyaga kejawi mestir ngagem busana werni pethak. Rerenggan ingkang dipunginakaken sami antawisipun mestir saha wiyaga sanesipun.

Wujudipun busana mestir kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 8 : **Busana Mestir Tari Angguk** (dok. Ima)

Ingkang dados mestir inggih menika Bapak Yatin, Bapak Harso, Bapak Sukimin, saha Bapak Giman. Sampun dipunandharaken wonten ing nginggil bilih mestir ngagem busana werni biru. *Pola lante* mestir wiwit dumugi pungkasan wonten ing ngajeng piyambak saha wingking piyambak. Mestir menika wiyaga ingkang apal saha sampun lanyah anggenipun nari, awit saking menika mestir minangka pathokan kangge wiyaga sanesipun.

Wujudipun busana mestir kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 9 : **Busana Wiyaga Tari Angguk** (dok. Ima)

Wonten gambar ing nginggil, Bapak sihadi minangka wiyaga ingkang sanes mestir. Bapak Sihadi ngagem busana inggih menika *hem* werni pethak. *Pola lante* wiyaga menika dipunapit dening mestir.

5) Rerenggan

Wonten ing tari angguk sanesipun busana, wiyaga ugi ngagem rerenggan. Rerenggan ingkang dipunginakaken wiyaga antawisipun kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 10 : **Rerenggan Tari Angguk** (dok. Ima)

Rerenggan ingkang dipunagem wiyaga inggih menika:

1. Jamang;
2. Blangkon;
3. Sumping;
4. Kace;
5. Srempang;
6. Stagen;
7. Kamus Timang;
8. Sampur;
9. Deker tangan;

10. Kipas.

d. Cecawis Sajen

Sajen inggih menika salah satunggaling sarat ingkang kedah wonten ing ritual salebeting tari angguk ing Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem. Masarakat Dhusun Kemiri pitados bilih sesaji ing ritual ing salebeting tari angguk gadhah ancas kangge kawilujengan dhateng masarakat panyengkuyung. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 03*.

“Nggih pokoke critane tiyang sepuh riyen nek kesenian nopo mawon nopo malih gen Angguk niki *kan* ubarampene lengkap bok bilih niku awak dhewe nindaken tenan-tenan ya muga-muga cara wong Jawa kui le dho golek sandhang pangan, keslametan kui iso gampang, kabul, kajaba nguri-uri kabudayan Jawi niku.” (CLW 03)

Andharan kasebat ugi dipunsengkuyung kaliyan pratelanipun *informan 05*

“Nek kados kula men boten *paham, paham* kula nggih namung nggeh njangkepi kalih nyuwun keslametan, nggih padhane latihan dhateng sepuh dhateng nem-neman niku kajenge enggal saged niku mawon, nek dununge niki kangge niki, niki kangge niki kula boten dong, namung intine kangge keslametan lan enggal saged.” (CLW 05)

Sajen wonten ing ritual salebeting tari angguk menika minangka kangge wujud raos kurmat dhumateng para leluhur ingkang sampun mbudidaya kabudayan, saengga saged lestantun dumugi jaman samenika. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*.

“Bibar ngrembag tari angguk, Bapak Muhadi Suwarno nyariosaken bilih wonten ing ritual pra-tari angguk ngginakaken sajén kangge wujud raos kurmat dhumateng para leluhur ingkang sampun mbudidaya kabudayan. Nalika jaman rumiyin simbah-simbah taksih sami prihatos. Saderengipun nindakaken tari angguk, simbah-simbah nindakaken siyam. Siyam menika minangka sarana ingkang katujukaken kangge piranti gangsa ingkang badhe dipunginakaken nalika tari angguk. Para leluhur gadhah kekajengan supados gangsa kalawau saged dipuntabuh kanthi sae saha medalaken swanten ingkang sora. Sasanesipun menika kapitadosan tirakat siyam

saged ndugekaken roh-roh leluhur ingkang nyepeng ing saben piranti gangsa menika.” (CLO 02)

Saking andharan ing nginggil, saged dipunmangertosi bilih sesajen kedah wonten ritual ing salebeting tari angguk. Sesajen dados pralambanging kawilujengan masarakat saha sarana caos pakurmatan dhumateng leluhur ingkang sampun mbudidaya kabudayan.

Sajen ing ritual ing salebeting tari angguk wonten kalih werni, inggih menika sajen ingkang asipat wajib utawi kedah wonten ing ritual saha sajen ingkang asipat boten wajib wonten ing ritual salebeting tari angguk.

Wujudipun sajen wonten sajen ritual ing salebeting tari angguk kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 11 : **Sesajen Tari Angguk** (dok. Ima)

Sajen ingkang asipat wajib wonten ritual ing salebeting tari angguk inggih menika tumpeng kaliyan pisang raja satangkep. Sajen ingkang asipat boten wajib

inggih menika kinang, pala kependhem, pala gumanthung, kembang tigang werni utawi sekar setaman, empluk, kendhi, arta wajib, klapa saha gendhis Jawi, gendhis pasir ugi teh sarta dhaharan ingkang awujud peyek, nthontho, krupuk, jangan kenthang, tempe garit, saha jajanan pasar. Sedaya sajen ingkang awujud dhaharan menika dipundhasar kanthi sesarengan.

1) Tumpeng Robyong

Salah satunggaling sajen ingkang wajib inggih menika sekul tumpeng. Caranipun damel tumpeng menika uwos dipunsusi rumiyin. Uvos ingkang sampun resik lajeng dipunlebetaken wonten ing ketel saperlu dipunliwet, menawi uwos sampun setengah mateng lajeng dipunadang ing dandang. Sasampunipun sekul mateng, kaping sepisan damel sekul tumpeng dipuncethak ngginakaken kukusan alit kanthi lambaran saking ron pisang. Sekul dipunlebetaken wonten ing cithakan ngantos madhet saha ngantos saged ngrucut lajeng dipuntumpal wonten ing piring. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 09.

“Sekul tumpeng nggih anggene ndamel sami kados ngliwet sekul adatipun. Uvos dipunsusi rumiyin. Menawi uwos sampun resik lajeng dipunlebetaken wonten ketel lajeng diliwet, menawi uwos sampun radi mateng lajeng dipundang ngangge dandang ngantos tanak, lajeng kaping sepisan damel sekul tumpeng dipuncethak ngginakaken kukusan alit ngandapipun disukani lambaran saking ron pisang. Sekul dipunlebetaken wonten ing cithakan ngantos madhet saha ngantos lajeng dipuntumpal wonten ing piring.” (CLW 09)

Wujudipun tumpeng kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 12 : **Tumpeng Robyong** (dok. Ima)

Tumpeng ingkang sampun dados dipunriyas ngginakaken lombok ingkang lurus boten bengkok. Lajeng dipunparingi janganan inggih menika kacang lanjaran saha kembang kol. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*.

“...Makanya perlu diketahui kenapa harus ada sesaji yang berbentuk tumpeng itu yang terdiri dari nasi putih yang dibentuk kerucut, yang diatasnya diberi cabe yang dipilih sedemikian rupa lurus tanpa membengkok ditancapkan diatasnya tumpeng tadi dan disekeliling tumpeng diberi sayuran adanya kacang panjang, daun kol, dll.”
(CLW 01)

“... perlu dipunmangertosi bilih kedah wonten sajen ingkang awujud tumpeng, wontenipun sekul pethak ingkang dipuncithak ngrucut,lanjeng wonten nginggil dipunparingi lombok ingkang dipunpilih lurus boten mbengkok, lajeng dipunparingi kacang, kembang kol, lan sanes-sanesipun.” (CLW 01)

Andharan saking *informan* 01 dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 02.

“Arupinipun ingkang baken menika pisang raja setunggal tangkep, lajeng wonten wujud tumpeng, sega dilancip tumpeng ngaangge sega pethak.”
(CLW 02)

Tumpeng minangka sajen ingkang dipunginakaken wonten ing ritual salebeting tari angguk ingkang asipat wajib. Tumpeng didamel saking uwos pethak lajeng dipuntancepi lombok abrit, brambang, saha dipunubengi kuluban.

2) Pisang Raja

Pisang raja inggih menika sajen ingkang asipat wajib wonten ing ritual ing salebeting tari angguk. Pisang raja ingkang dipunginakaken awujud pisang raja satangkep. Adatipun pisang raja ingkang dipunpilih inggih menika pisang raja ingkang sampun mateng utawi tua. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 02.

“Arupinipun ingkang baken menika pisang raja setunggal tangkep, lajeng wonten wujud tumpeng, sega dilancip tumpeng ngangge sega pethak.”(CLW 02)

Andharan menika ugi dipunsengkuyung dening Pratelanipun *informan* 05

“Isine sajen nggih niku, gedhang raja nggih pokok niku” (CLW 05)

Wujudipun pisang raja setangkep kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 13 : **Pisang Raja Satangkep** (dok. Ima)

Pisang raja ingkang sampun tua supados sabibaripun pisang raja dipunginakaken kangge sajen saged dipundhahar dening anggota saha warga ingkang wonten ing Ritual ing salebeting tari angguk menika. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“Nanti apabila sudah selesai dalam waktu pelaksanaan Ritual lha itu nanti dimakan bareng-bareng semua warga.” (CLW 01)

“Menawi ritual sampun paripurna, sedaya sajen menika dipundhahar sareng- sareng.” (CLW 01)

Sajen pisang raja menika dipundhahar dening sedaya warga masarakat nalika tari angguk sampun paripurna. Pramila pisang raja menika kapilih ingkang sampun tua.

3) Pala gumantung

Pala gumantung ingkang dipunginakaken ing ritual ing salebeting tari angguk kangge njangkepi sajen wonten ritual ing salebeting tari angguk. Pala gumantung ingkang dipunginakaken inggih menika salak. Salak menika kapilih awit langkung gampil dipunpadosi ing sakiwa tengenipun griya. Andharan ing nginggil jumbuh kaliyan *informan 02*.

“...wonten nggih wewedal petani menika nggih wonten telo, uwi, lengkong, salak”(CLW 02)

Andharan saking *informan 02* ugi dipunsengkuyung dening *informan 01*.

“... pala gumantung; (eneng rambutan, jambu, salak), pala kependhem; (telo, enthik, pohung, ubi jalar, kuthul, tela pendhem), diwujudke eneng tape, gethuk, gathot.” (CLW 01)

Wujudipun salak kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 14 : **Salak** (dok. Ima)

Salak ugi dipunginakaken wonten sajen ritual ing salebeting tari angguk, amargi woh-wohan salak langkung gampil dipunpadosi ing sakiwa tengenipun

griya, amargi Dhusun Kemiri kathah petani salak. Ananging sajen ingkang dipunginakaken wonten ing sajen cacahipun namung setunggal.

4) Pala Kependhem

Pala kependhem dados sajen ingkang asipat boten wajib ing ritual ing salebeting tari angguk. Pala kependhem dipunginakaken ing ritual salebeting tari angguk awit sampun cumawis ing sakiwa tengenipun warga ingkang nyambut damel dados petani. Pala kependhem ingkang dipunginakaken ing ritual salebeting tari angguk inggih menika uwi, tela pohung, tela gantung, kimpul, uwi, lengkong, salak.

Andharan ing nginggil jumbuh kaliyan *informan* 01.

“...pala gumantung; (eneng rambutan, jambu, salak), pala kependhem; (telo, enthik, pohung, ubi jalar, kuthul, tela pendhem), diwujudke eneng tape, gethuk, gathot.” (CLW 01)

Andharan saking *informan* 01 ugi dipunsengkuyung dening *informan* 02.

“wonten nggih wewedal petani menika nggih wonten telo, uwi, lengkong, salak.” (CLW 02)



Gambar 15: **Pala Kependhem** (Dok. Ima)

Katrangan:

1. Tela pendhem
2. Tela jrendal
3. Tape
4. Nggarut, lembong/ midro, uwi
5. Kimpul

5) Sekar Setaman

Sekar setaman ingkang dipunginakaken wonten ing ritual ing salebeting tari angguk menika antawisipun sekar mawar abrit, mawar pethak, kanthil, melati, saha kenanga. Sekar setaman menika dipuntumbas saking peken. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*.

“Kembang setaman yang digunakan untuk sajen mawar merah, mawar putih, kembang kanthil, melati dan kenanga. Dan itu cukup beli dipasar sudah lengkap.” (CLW 01)

“Sekar setaman ingkang dipunginakaken wonten ing sajen inggih menika mawar abrit, mawar pethak, kanthil, mlati, saha kenanga. Menika namung cekap tumbas wonten peken.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening Pratanipun *informan 02*.

“Sekar setaman tumbas wonten peken menika wujudipun kembang mawar abang kaliyan putih, mlati, kenanga, kaliyan kanthil.” (CLW 02)

Wujudipun sekar setaman kados gambar wonten ing ngandhap menika.



Gambar 16 : **Sekar Setaman** (Dok. Ima)

Katrangan:

1. Melati
2. Kanthil
3. Mawar abrit
4. Mawar pethak
5. Kenanga

6) Kinang

Kinang wonten ing ritual salebeting tari angguk awujud sedhah, gambir, injet, saha sata. Kinang dipunbungkus ngginakaken godhong pisang. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“...media sesaji diantaranya, tumpeng, pala gumantung, pala kependhem dan jajan pasar disertai bunga tiga warna, sirih komplit atau dikatakan kinang...” (CLW 01)

“ Wujudipun sesajen, wonten tumpeng, pala gumantung, pala kependhem, jajanan peken, kembang telon, saha kinang.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan Prathelaipun *informan* 02

“...kinang wujudipun wonten sedhah, gambir, injet, lan sata.” (CLW 02)

Wujudipun kinang kados gambar wonten ing ngandhap menika.



Gambar 17 : **Kinang** (dok. Ima)

Katrangan:

1. Sedhah
2. Gambir
3. Sata utawi bako
4. Injet

7) Klapa saha Gendis Jawi

Klapa saha gendis jawi ugi wonten sajen ritual ing salebeting tari angguk. Klapa saha gendis jawi menika minangka simbol werni bendera Negara Indonesia inggih menika werni abrit saha pethak. Klapa minangka pralambang werni pethak, dene gendhis jawi dados pralambang werni abrit.

Wujudipun klapa kados gambar wonten ing ngandhap menika.



Gambar 18: **Klapa saha Gendhis Jawi** (Dok. Ima)

Ing sesajen ritual ing salebeting tari angguk ugi wonten gendhis pasir saha teh. Gendhis pasir saha teh namung dipundadosaken sajen *tambahan*. *Tambahan* sajen menika boten ngemu *simbol* menapa-menapa. Andharan kasebat jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01.

“...nek gula jawa gandhengane klapa simbol merah putih sing dadi sesantine para leluhur sing dadi cikal bakal negara. Gula pasir ming tambahan sing baku gula jawa.” (CLW 01)

“...menawi gendis Jawi gandhenganipun klapa minangka simbol bendera merah putih ingkang gadhah sesanti para leluhur ingkang cikal bakal negari. Gendis pasir namung tambahan ingkang baku gendis Jawi.” (CLW 01)

Andharan kasebat ugi dipunsengkuyung dening *informan* 09

“ ...wonten kambil, gendhis jawi, gendhis pasir, mangkih biasane ditambahi teh.” (CLW 09)

Wujudipun gendis pasir saha teh kados gambar wonten ing ngandhap menika.



Gambar 19 : **Gendhis pasir saha Teh** (Dok. Ima)

8) Jajan pasar

Jajan pasar ingkang dipunginakaken wonten ing ritual ing salebeting tari angguk inggih menika jajanan ingkang asring dipunsade ing peken. Isinipun jajan pasar inggih menika panganan tradhisional kados panganan ingkang dipundamel saking ketan; jadah. Panganan ingkang dipundamel saking tela; gathot saha slondhok. Lajeng dipunjangkepi salak, bengkoang, timun, ciki, kacang, lempeng. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 02*.

“...Menika dados setunggal, jajanan peken menika punlengkapi.”
(CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung dening Pratlanipun *informan 05*.

“...Sanes-sanesipun nggih tumbas-tumbasan pekenan niku, nggih pepakan.” (CLW 05)

Wujudipun jajan pasar kados gambar wonten ing ngandhap menika.



Gambar 20 : **Jajan Pasar** (Dok. Ima)

Jajan pasar menika kalebet sajen ritual ing salebeting tari angguk. Jajan pasar wonten ing sajen awujud ciki-ciki, lempeng, slondhok, jenang, gathot, saha kacang.

9) Arta wajib

Arta wajib dipunginakaken kangge njangkepi sajen. Ingkang dipunsebat wajib ingkang wonten sajen ritual ing salebeting tari angguk inggih menika sajen ingkang awujud arta. Arta ingkang dipunginakaken boten wonten pathokanipun dados tiyang setunggal kaliyan tiyang sanesipun saged beda anggenipun nyawisaken. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 02 ingkang dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 01


“Nah wajib menika ngaten, ingkang naminipun wajib menika naminipun arta. Penggenanipun sajen menika kedah wonten arta, boten ketang namung sewu rupiah, menika ingkang dipunsebataken wajib.” (CLW 02)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 01.

“...adanya daun dhadhap serep, dan kendhi, beserta duplak dan empluk yang berisi beras, telur, padi, air, lawe wenang yang berminyak, uang.” (CLW 01)

“...wonten dhadhap serep, saha kendhi, duplak saha empluk ingkang dipunisi uwos, tigan, pari, toya, lawe wenang ingkang sampun dipunsukani minyak, arta.” (CLW 01)

Wujudipun arta wajib kados gambar wonten ing ngandhap menika.



Gambar 21 : **Arta Wajib** (Dok. Ima)

10) Duplak, Empluk saha Kendhi

Duplak, empluk saha kendhi inggih menika piranti mangsa jaman rumiyin ingkang kadamel alit-alit. Empluk menika dipuniseni beras, tigan jawi, saha arta

wajib, dene kendhi dipuniseni toya, godhong dhadhap serep, saha pari. Duplak dipuniseni lawe wenang ingkang sampun disukani minyak.

Andharan menika jumbuh kaliyan *informan* 01

“...adanya daun dhadhap serep, dan kendhi, beserta duplak dan empluk yang berisi beras, telur, padi, air, lawe wenang yang berminyak, uang.”
(CLW 01)

“ ...wonten godhong dhadhap serep, saha kendhi, duplak saha empluk menika isinipun bersa, tigan, pari, toya, saha lawe wenang ingkang sampun disukani minyak, arta.” (CLW 01)



Gambar 22 : **Duplak, Empluk, saha Kendhi** (Dok. Ima)

11) Jangan kenthang, peyek saha tempe

Jangan kenthang, peyek saha tempe menika salah satunggaling sajen ingkang awujud dhaharan wonten ing ritual ing salebeting tari angguk. Dhaharan menika kangge njangkepi sekul tumpeng. Anggenipun ndamel jangan kenthang, bumbunipun bawang, brambang, laos, lombok, ron jeruk, jahe, kunir, saha sarem. Bumbu dipunuleg ngantos alus. Kenthang dipunonceki lajeng dipungangsa ngantos ambetipun arum, enggal-enggal kenthang dipunlebetaken. Kentang

setengah mateng menika lajeng santen dipunlebetaken. Sasampunipun santen umub, tahu saha krecek dipunlebetaken sinambi dipunudhak. Ingkang samangkih bibar tari Angguk, didhahar sareng-sareng dening sedaya warga. Andharan menika jumbuh kaliyan *informan 09*


“jangan kenthang bumbune nggih namung bawang, brambang, laos, lombok, ron jeruk, jahe, kunir, kalih uyah, trus bumbu diuleg nganti alus. Kenthang dionceki trus dipungangsa ngantos mambu sedhep nika lho mbak, cepet-cepet kenthang dipunlebetaken. Kentang setengah mateng trus santen dipunlebetaken. Sasampunipun santen umub, tahu kalih krecek dipunlebetaken sinambi dipunudhak.”(CLW 09)

Andharan menika dipunsengkuyung kaliyan *informan 01*

“Sayuran, tempe, peyek itu masih rangkaian dari adanya tumpeng sebagai rangkaian. Nanti apabila sudah selesai dalam waktu pelaksanaan Ritual lha itu nanti dimakan bareng-bareng semua warga.” (CLW 01)

“Jangan, tempe, peyek minangka reroncening tumpeng. Lajeng sasampunipun Ritual katindakaken di dhahar sareng-sareng sedaya warga masarakat.” (CLW 01)

Wujudipun jangan kenthang, peyek saha tempe garit kados gambar wonten ing ngandhap menika.



Gambar 23: Dhaharan ingkang Arupi Jangan Kenthang, Peyek, saha Tempe

(Dok. Ima)

Katrangan:

1. Peyek
2. Jangan kenthang
3. Tempe

Sajen ritual ing salebeting tari angguk ingkang awujud jangan kenthang, tempe, saha peyek menika kangge lawuh sekul tumpeng. Sedaya sajen ingkang awujud dhaharan dipundhahar sareng-sareng sabibaripun tari angguk.

D. Lampahipun Tari Angguk

Sedaya paraga tari angguk nglampahi jejibahipun piyambak-piyambak, antawisipun dados penari saha pemusik (nembang saha ngiringi penari). Lampahing tari angguk inggih menika :

1. Ketua mimpin donga

Saderengipun miwiti tari angguk, ketua mimpin donga rumiyin, donga ingkang dipunlafalaken inggih menika al-Fatihah. Salajengipun anggotanipun dherek nglafalaken surat Al-Fatihah.

2. Musik

Sasampunipun ketua mimpin donga, *pemusik* miwiti nabuh piranti ingkang dipuncepeng piyambak-piyambak. Piranti ingkang dipunginakaken inggih menika, jedor, kentring, saha rebana. Anggenipun nabuh musik *monoton* utawi ajeg, boten wonten klimakipun.

3. Nembang saha njoged

Cakepan wonten ing tari angguk menika kaserat saking kitab Tuladha. Para leluhur anggenipun mastani kitab tuladha inggih menika kitab tlodho, amargi

langkung gampil pocapanipun, lajeng dumugi samenika dipunwastani kitab tlodho. Kitab tlodho menika kaserat mawi huruf arab. Wujudipun kitab tlodho kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 24: **Kitab Tlodho** (dok.Ima)

Nalika musik sampun dipuntabuh, penari miwiti njoged sesarengan kaliyan tetembanganipun. Tembang menika dipuntembangaken kaliyan bapak-bapak ingkang nyepeng piranti musik. Ingkang dados penari cacahipun wonten 12 wiyaga, ingkang dados mestir wonten 4, 2 wonten ngajeng, 2 wonten wingking. Mestir inggih menika penari ingkang nguaosi tarian kanthi apal saha lanyah saengga dados pathokan kangge penari sanesipun. *Pola lante* ingkang dipunginakaken kaliyan penari asipat ajeg. Ananging saben babag jogedanipun beda. Penari anggenipun njoged namung mangguk-mangguk ngebahaken sirah, tangan, saha bangkekan kanthi beta kipas. Anggenipun njoged kedah trep kaliyan *irama musik*. Tembang wonten ing tari Angguk cacahipun 35 babag, ananging

wonten ing tari angguk menika boten sedaya babag dipuntembangaken. Babag ingkang dipuntembangaken inggih menika:

Pambuko

Ila kawulo suratin bil mustopa

Saiun lilahbhiwal patikah

Bismililairohmanirohim

Al Fatihah

1. Kulya amin

Kulya amin oen kulya amin oen

2. O salam

Asalam murngalim ngola ekoyo

Ina he al o ambiyo o hae

3. Ngolo e koyo

Ngoyo e koyo eka epo walmukeso

He o salam engalamur salim

4. Soliyat robil

Soliyat robil era biso saemon ema ola

Ma ole ma ola he wal nabi

Wal mustofa ala e ma ole olae

Ma ola ala ri lo

5. Wokas biro

Wokas biro bil jalala la ila- laila

Ilo hae lolah ila hai lolah

He wal moka madun ya rosululloh

La ila ila ila ila hai lolulahi lahaiaulah

6. Asalam to ngala nabih

Assalam to ngolo nabih he asalam

Ing ngolo rosul hes askabe

Ngolo o take he wal nabe ngolo to tabe

7. Saelelah

Saelelah- saelelah he saelela saelelah

Albe tono alwe, ala he manto al manto

Sale he sayidina, sayidina

He al maujut ema urun

8. Assalam ngolo ekum

Assalam ngolo ekum ya muslimin

Ena biyu tongolo salam

Min kao ro be sagumul sari

9. Kabe bala

Kabe bala ala iyo iya rasululloh

Lahu luyah sadumul ya rum lahu luyah

Wailatun wai sene lahu loyah

10. Salo rabuno ala hoyo

Sala rabuno ala hoyo maula 2x

- He wa ala wo ka molo muhamad
 Sapinggih ngalim
 Ala badarum lamol ala huya maula
 He wa ala mukamalo mukhamad
 Sapinggir bngalim ya o yae
11. Salatun salatun saiman emaulo
 Kasebe salun ngalaehe hean
 Ala huan hean ala huan
 Agomo tuan agomo tuan tuan
 12. Alaman kabar alaman kabar
 Ala ya rasul kul saeni
 13. AL B besar salam ngoloiko
 Ya rasul lawat salam ngalaekoyo
 14. Ya arkomo yo arkeme, yo arkomo yo arkeme
 Barek klono bel moslimin
 15. Ya arkomo ke II
 16. Wal mustopo saikun rilo sandorome
 Sando rilo wal kotaman yo ambiyo
 Sayidun ing ngalamur salim
 17. Saiun bil jamale masidaun bil ngalamin 2x
 Salam ing ngaliwa sallam muhamad
 Sapingginggir ngalim
 18. Ala hu alla allah hu ala 2x huk ala huk 2x
 La huk ala ewa kabe duno huk akbar salim
 19. Sekono yak koloman minko bebe kaeroman
 Yo sar yase nabe sorotan sare ngabetun
 Iro kaeman ing ngabatung rokim
 20. Alohumu salu ngale ya mukamat 2x
 Ala ora biso salo ngale ya mursalin
 Amin amin amin amin 2x
 Ya alaro bil alamin
 21. Gusti allah Gusti allah hamba nyuwun tulung
 Ingkang mukti 2x
 Ya allah nyuwun ngapuro

Ingkang boten dipuntembangaken wonten ing tari angguk babag 5, 12, 13, 15, 16,
 17, 18, 21, 24, 25, 26, 27, 28, saha 32.

1. Babag 5
 Albe bakare
 Albe bakare albe bakare ema ole nobe
 Ngeno salo ngolo ehe
 Hero liyat lahu
2. Babag 12
 O yak amin ya amin

- Ya alarobil ngalamin 2x
3. Babag 13
Salam- salam wa salam ngalaikum
Salam- salam wa salam ngalaikum
 4. Babag 15
Ala he maule ala he maulo
Ala he maule ala he maulo
Maule kasebe wal anue wal aune
 5. Babag 16
Ala he maule ala he maula
Ala he maule ala he maula
Kitab kuran bil baeni bil baeni
 6. Babag 17
Ya laila haae ilo lahu
Ya laila haae ilo lahu
Ya laila haae ilo lahu
Ya mohammad rasul he lahu
 7. Babag 18
Ya nabi salam ngoloiko ya rosul salam ngoloiko
Ekas bebe salam ngoloiko
Solawat salam ngoloiko he alamam kabar
 8. Babag 21
Alaman kabar Alaman kabar Alaiya Rosul Kul saeni
 9. Babag 24
Ayuno bil mustopo esolawat solu ngoloehe
Anabe bil mustopo isolawat salo aloehe
 10. Babag 25
Alarilo bil mustopo be ayate mangkate
Maulo ala rilo 2x
 11. Babag 26
Poilatun Poilatun poilatunpo ngoloihi wo 2x
 12. Babag 27
Kom layi lakum sayidino 2x ilaikum
Sayi dakum sandorome 2x
 13. Babag 28
Yo ngalimun saliring ngino latak timun
Sajare lono alaiyo kino alloh wapungono
Alaiyo alloh iyo saedono
 14. Babag 32
Kompi tun jak jakjak e wal akum more
Kompi tun jak jakjak e wal basare
Elaikum ila ila ila ha e lolah
Kompi tunjak jakjak e walakum more

Wujudipun tari angguk kados *foto* ing ngandhap menika



Gambar 25 : **Tari Angguk** (Dok. Ima)

E. Evaluasi

Evaluasi katindakaken wonten dalemipun Bapak Ketua, Bapak Muhadi Suwarno. Kagiyatan evaluasi menika namung ngrembag tari angguk ingkang sampun dipunlampahi. Pirembaganipun inggih menika: tari angguk katindakaken kanthi lancar. Ngrembag telasipun beaya ingkang dipunginakaken kangge kabetahan tari angguk. Badhe ngawontenaken latihan angguk kangge lare enem. Kagiyatan evaluasi katindakaken saking tabuh 19.30 dumugi 21.30 WIB. Kagiyatan menika katindakaken kanthi rancak.

F. Makna Simbolik Sajen

Makna-makna wonten ing salebeting sajen ingkang dipunginakaken wonten ing ritual ing salebeting tari angguk tamtu mujudaken pralambang-pralambang. *Simbol-simbol* menika gadhah ancas tartamtu wonten ing salebeting sajen ingkang dipunginakaken. Wonten ing panaliten menika, anggenipun nyengkuyung pemaknaan babagan sajen wonten ing ritual menika saking asiling wawancara kaliyan para *informan* saha saking asiling panaliten ingkang ngrembag babagan pemaknaan sajen wonten ing ritual-ritual sanes. Makna *simbolik* sajen ingkang dipunginakaken ing ritual salebeting tari angguk dipunandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Tumpeng

Miturut pamanggihipun Poerwadarminta ing salebeting Baoesastra Djawa (1929: 614), tumpeng inggih menika saking sega diwangun pasoengan. Tumpeng menika dipundamel saking sekul ingkang wujudipun ngrucut. Wonten ing pucuk tumpeng menika dipuntancebi lombok abrit ingkang dipunpilih lurus saha brambet. Tumpeng menika minangka supados sedaya gegayuhan warga, paraga, saha sedaya masarakat panyengkuyung saged kabul saha anggenipun nindakaken pentas boten wonten aral menapa kemawon. Supados masarakat saged nrima sedaya waosan-waosan ingkang boten sanes inggih menika kangge raos syukur dhumateng Gusti Inggang Maha Kuwaos, sahingga saged katindakaken ing pagesangan. Tumpeng menika dipunjangkepi kaliyan lawuh ingkang dipuntata ing sapinggiripun. Lawuhipun wonten jangan kenthang, peyek, saha tempe. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01

“Tumpeng melambangkan semoga apa yang dikehendaki warga yaitu khususnya bagi para penari, crew, mulai dari awal pembacaan, disertai gerakan bisa lancar tanpa aral suatu apapun. Para pemain, kru khususnya bisa menerima makna dari puji-pujian yang tiada lain untuk mengagungkan atau memuji, menyembah Tuhan, yang mana semua itu bisa dipahami dalam kehidupan sehari-hari nantinya.

Setelah memahami adanya bacaan tadi lewat Tarian atau gerakan yang dinamakan Angguk kipas itu karena pada waktu itu kan orang kalau disuruh datang atau diajak mendengarkan belajar membaca al-qur'an dia tidak mau, tapi dengan adanya Angguk itu, akhirnya banyak orang yang datang mendengarkan dan mengikuti adanya pembacaan surat tadi lewat Angguk yang dinyanyikan atau dilagukan atau digerakkan itu. Makanya perlu diketahui kenapa harus ada sesaji yang berbentuk tumpeng itu yang terdiri dari nasi putih yang dibentuk kerucut, yang diatasnya diberi cabe yang dipilih sedemikian rupa lurus tanpa membengkok ditancapkan diatas tumpeng tadi dan disekeliling tumpeng diberi sayuran adanya kacang panjang, daun kol, dll itu melambangkan semoga apa yang menjadi tujuan semua umatnya kepada Tuhan YME dikabulkan.” (CLW 01)

“Tumpeng miangka lambang bilih menapa ingkang dipunsedya dening warga, mliginipun paraga, crew, wiwit saking waosan, gerakan saged rancak boten wonten aral menapa. Paraga, kru saged nrima makna saking puji-pujian ingkang boten sanes ngaturaken puji konjuk Gusti, ingkang sedaya kala wau saged dipuntindakaken wonten pagesangan.

Sasampunipun mangertosi wontening waosan saking Tarian utawi gerakan ingkang dipunparingi nami Angguk kipas bilih rumiyin tiyang boten kersa rawuh utawi mirengaken, sinau maos al-qur'an, ananging kanthi sarana Angguk, tiyang kala wau sami remen ndherek sinau waosan surat kanthi Angguk ingkang sampun wonten jogete. Dados ingkang perlu dipunmangertosi bilih tumpeng ingkang karacik saking sekul pethak dipuncethak krucut, lajeng wonten nginggilipun dipunparingi lombok abrit ingkang dipilih lurus tanpa upami lajeng tumpeng diubengi janganan wonten kacang, godhong kol, lan sanesipun supados ancas sedaya masarakat panyengkuyung dhateng Tuhan Ingkang Maha Esa dipunijabahi.” (CLW 01).

Andharan kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*

“Ingkang dipunarani tumpeng menika sepisan kangge caos kurmat wonten ing ngarsanipun Gusti Allah menapa dene kita minangka tiyang Islam dados panutan saha paugeranipun inggih Nabi Muhammad SAW ingkang wujudipun kita kedah tumungkul marang Gusti Pengeran ingkang sampun paring gesang. Wonten sapinggire tumpeng menika diparing wonten kacang, kol, ugi wonten nginggilipun dipunparingi lombok abrit, brambang menika minangka mralambangaken bilih kajaba kita menika bekti kaliyan Ingkang Maha Kuaos, ugi nyuwun dipunridhoi, ayom ayem tentrem

anggenipun gesang ing sadina-dinane, sanajan wonten abang ijo supados anggenipun pasaduluran boten wonten bedanipun, sedaya nyawiji kanthi wujudipun rasa tali rasa.” (CLW 02)

Saking pamanggih-pamanggih ingkang sampun dipunandharaken saged dipunpendhet dudutanipun bilih tumpeng menika *simbol* gesangipun manungsa supados tansah tumungkul dhumateng Gusti, saengga menapa ingkang dipunsedya saha gegayutanipun masarakat panyengkuyung saged kabul saha dipunijabahi Gusti Inkang Maha Kuwaos. Sekul tumpeng menika mralambangken supados wonten ing pagesangan ing sadinten-dintenipun dipunparingi ayom ayem, tentrem kajawi saking maneka werni asalipun saged nyawiji kanthi wujud rasa tali rasa.

2. Pisang Raja

Pisang raja minangka lambang mugi-mugi menapa ingkang dados ancasipun warga kanthi dipuntindakaken tari Angguk kipas sedaya saged *merajai* gegayuhan masarakat panyengkuyung, saha saged nrima waosan Angguk supados warga saget ngempal wonten salah satunggalipun ikatan kados pisang sisiran. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“Dan adanya pisang raja dua sisir atau setangkep yang mempunyai makna dan tujuan semoga apa yang menjadi tujuan warga dengan adanya pentas seni Angguk kipas semuanya bisa mempunyai tujuan yaitu pencapaian tujuan artinya bisa merajai gegayuhan tadi umatnya bisa menerima bacaan lewat Angguk yang tadi sudah saya sampaikan didepan sesuai dengan orang-orangnya bisa bersatu dalam ikatan seperti adanya pisang yang dirangkai dalam sisiran pisang tadi.” (CLW 01)

“Wonten pisang raja kalih sisir utawi setangkep ingkang gadhah teges saha ancasipun mugi-mugi menapa ingkang dados ancasipun warga kanthi dipunadani tari Angguk kipas sedaya *pencapaian tujuan* inggih menika saged *merajai* gegayuhan masarakat panyengkuyung, saha saged nrima waosan Angguk ingkang sampun kula sebataken supados warga saged

ngempal wonten satunggaliipun ikatan wonten ing sisiran pisang raja setangkep.” (CLW 01)

Andharan kasebat dipunsengkuyung dening Pratelanipun *informan 02*

“Wonten pisang raja setangkep menika tegesipun supados tiyang ingkang kagungan hajat menika saestu saged merajai utawi menapa gegayuhanipun saged kalaksanan, ugi saged ngemban watang wutunge bebrayan kanthi sholawat Angguk.” (CLW 02)

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil menika saged dipunpundhut dudutanipun bilih pisang raja menika mujudaken sajen wonten ing ritual ing salebeting tari angguk. Pisang raja menika minangka *simbol* ancas ingkang ateges ancas supados masarakat panyengkuyung saged *merajai* menapa ingkang dados gegayuhanipun, mliginipun ingkang kagungan hajat.

3. Pala Gumantung saha Pala kependhem

Pala gumantung saha pala kependhem pralambang kangge tradhisi budaya ingkang awrat inggih menika nyembah dhumateng Gusti, ugi caos paring pakurmatan dhumateng para danyang, danyang inggih menika mantan pendhudhuk ingkang sampun tilar utawi para leluhur. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*.

“...pala gumantung dan pala kependhem itu satu yang sudah termasuk eneng gethuk, tape melambangkan manusia yang terjadi dari berbagai kemampuan eneng sing sugih, eneng sing mblenyek, eneng sing cukupan lan saliya-liyane itu semua terangkum disitu, yaitu satu mempunyai niat yaitu satu tujuan agar tradisi budaya dan tidak kalah penting itu penyembahan bukan kepada siapa-siapa tetapi Tuhan YME. Ha tujun itu utamanya dan jangan disalah artikan diwaktu mengucapkan, memulai danyang-danyang yang dikatakan danyang itu adalah mantan penduduk atau mantan warga yang sudah meninggal itu dikatakan dalam bahasa budaya atau bahasa tradisi dibilang danyang. Itu bukan demit, bukan setan yang dimaksudkan bukan seperti itu tetapi mantan-mantan penduduk artinya bagi leluhur yang dahulunya mendirikan, membentuk, membangun

perkampungan disitu yang dari semak belukar, hutan belantara dibentuk sebagai pedukuhan atau kampung. Gathot itu dari pala kependhem dan sudah diolah. Jadah melambangkan kerukunan yang tadinya masih berbentuk beras tadi setelah itu adanya kedekatan atau keraketan antara umat atau masarakat yang terdiri dari berbagai tipe jadi terkumpul jadi satu. Sebenarnya itu bukan jadah bahasanya itu ketan rinaketan para sesama, urip rahayu luhur.” (CLW 01)

“...pala gumantung saha pala kependhem menika kalebet gethuk, tape tegesipun manungsa menika saking sedaya kalangan, wonten ingkang sugih, wonten ingkang mblenyek, wonten ingkang cekapan, lan liya liyane. Sedaya kalawau gadhah niat inggih menika setunggal tradhisi budaya saha ingkang awrat nyembah dhateng Gusti. Ancas menika boten kenging dipunsalahartikan wekdal pangucapanipun, wiwit danyang-danyang, ingkang sinebat danyang inggih menika mantan pendhudhuk utawi mantan warga ingkang sampun tilar. Danyang menika sanes demit, sanes setan ananging mantan pendhudhuk utawi leluhur ingkang mbangun dhusun ingkang kala rumiyin awujud hutan, semak blukar. Gathot menika saking pala kependhem ingkang sampun dipunolah. Jadah mralambangaken karukunan ingkang kadamel saking beras, wontenipun gegayutan tiyang utawi masarakat saking sedaya kalangan ngempal setunggal. Ingkang sejatosipun jadah menika ketan rinaketan para sesama, urip rahayu luhur.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*

“pala kependhem menika tegesipun kita tansah eling kaliyan jasanipun para leluhur kita, lajeng pala gumantung ingkang awujud salak setunggal iji, salak bentuke lancip wonten nginggil to mbak menika minangka manungsa tansah gumantung wonten ngarsanipun Gusti Allah.” (CLW 02)

Saking andharan wonten ing nginggil, saged dipunpendhet dudutanipun bilih pala kependhem menika pralambang supados tansah ngemut-emut jasa tiyang sepuh, saha pala gumantung supados kita tansah tumuju dhumateng ngarsanipun Gusti Allah.

4. Sekar Setaman

Sekar setaman inggih menika salah satunggaling sajen ingkang dipunginakaken wonten ing ritual salebeting tari angguk. Sekar setaman menika

tegesipun sedaya sekar ingkang wonten ing pataman. Ananging temtu kemawon boten badhe mendhet sedaya sekar ingkang wonten ing pataman menika. Pramila cekap ngginakaken sekar mawar abrit, mawar pethak, kanthil, mleti saha kenanga. Nama sekar-sekar menika mralambangaken bilih mawar tegesipun binawar, mlathi tegesipun kedaling lathi, kanthil tegesipun bisa kumanthil kanthil ing wardaya, kenanga tegesipun kumenang-kenang ing manah.

Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*

“Sekar setaman itu terdiri dari mawar merah, mawar putih, kanthil, melati, dan kenanga. Sekar setaman melambangkan mawar merah simbol bibit kehidupan dari ibu sedangkan mawar putih melambangkan bibit kehidupan dari bapak. Kenanga kumenang kenang dihati yang artinya mengenang warisan leluhur baik berupa kesenian dan kebudayaan. Melati kedaling lathi maksudnya dalam berucap dan berbicara hendaknya selalu berhati-hati dan dari hati nurani. Kanthil tansah kumathil kanthil maksudnya kasih sayang yang tidak terputus yaitu kasih sayang kepada semua makhluk termasuk para leluhur.” (CLW 01)

“sekar setaman kaperang saking mawar abrit, mawar pethak, kanthil, melati, saha kenanga. Sekar setaman mralambangaken bilih mawar pethak gadhah teges bibit gesang saking ibu bilih mawar pethak gadhah teges bibit gesang saking bapak. Kenanga kumenang kenang ing ati ingkang tegesipun ngemut-emut warisan leluhur ingkang awujud kesenian saha kabudayan. Mlathi kedhaling lathi gadhah teges bilih nalika ngendhika kedah ngatos-atos saha tansah ngati-ati. Kanthi tansah kumanthil kanthil gadhah teges tresna ingkang boten wonten watesipun dhumateng sedaya tiyang kalebet para leluhur.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*

“Mawar niku ateges penawar umpami wonten bebaya saged dados tolak bala, mlati mralambangaken sedaya ingkang dipunaturaken kedah dipunjagi ateges boten kenging ngapusi. Kanthi saking tembung kumathil kanthil tegesipun ngraketaken pasederekan.” (CLW 02)

Adhedhasar wonten ing nginggil menika seged dipunpundhut dudutanipun bilih ingkang kalebet sekar setaman inggih menika mawar abrit, mawar pethak, mlati, kenanga, saha kanthil. Sekar setaman tegesipun penawar. Melati menika

saking tembung lathi ingkang tegesipun sedaya ingkang dipunandharaken kedah dipunjagi saha tansah ngatos-atos. Sekar kanthi saking tembung kumathil kanthil ingkang tegesipun ngraketaken pasederekan supados sedaya saged rukun. Lajeng kenanga kumanthil ing ngati. Menika arahipun dhateng pangandikanipun ingkang ngantos-atos, dados menawi ngendika kedah ingkang sae.

5. Kinang

Kinang menika minangka pralambang sesembahan kita dhumateng para leluhur supados pikantuk berkah pangestunipun. Awit para leluhur menika remen nginang, Pramila kinang minangka sesembahanipun. Adhedhasar menika jumbuh kaliyan Pratelanipun *informan 01*

“Kinang itu merupakan sesembahan kepada leluhur, untuk mendapatkan restu. Karena jaman dahulu, nenek moyang atau simbah-simbah suka nginang.” (CLW 01)

“ Kinang minangka sesembahan dhateng leluhur, supados pikantuk berkah pangestu. Jaman rumiyin, para leluhur menika remen nginang.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening Pratelanipun *informan 02*

“Kinang mralambangaken sesembahan dhateng tiyang sepuh, awit simbah kala rumiyin seneng nginang. (CLW 02)

Kinang menika salah satunggaling sajen ingkang kalebet wonten ing ritual ing salebeting tari angguk. Kinang menika wujudipun sedhah, gambir, injet, saha sata. Kinang menika minangka lambang sesembahan dhateng tiyang sepuh utawi leluhur, supados pikantuk berkah.

6. Klapa saha Gendis Jawi

Klapa saha Gendhis Jawi menika minangka mralambangaken piweling, falsafah saking leluhur, bilih simbol negara Indonesia inggih menika *merah putih*.

Andharan menika jumbuh kaliyan *informan 01*

“...klapa dan gula merah artinya sesuai dengan tilaran, weling, falsafah dari nenek moyang bahwa negara kita itu dibawah naungan panji sang dewana yaitu bendera gula klapa.”(CLW 01)

“... klapa saha gendis abrit menika trep kaliyan tilaran, piweling, falsafah saking leluhur bilih negara kita menika ing sanggadhipaning panji sang dewana inggih bendera gula klapa.”(CLW 01)

Adhedhasar kasebat dipunsengkuyung dening Pratelanipun *informan 02*

“Klapa saha gendis jawi menika minangka semboyan, kita menika gesang wonten ing Indonesia menika wonten ing ngandhapin gendra merah putih inggih menika simbol gendra gula klapa.” (CLW 02)

Adhedhasar andharan wonten ing nginggil menika saged dipunpundhut dudutanipun bilih gendhis jawi saha klapa menika minangka *simbol* utawi mralambangaken gendra negara Indonesia, inggih menika gendra *Merah Putih*.

7. Jajan pasar

Jajan pasar menika kalebet sajen wonten ing salebeting ritual. Jinisipun jajan pasar inggih menika maneka werni. Jajan pasar menika gadhah teges utawi mralambangaken bilih pepinginanipun masarakat menika maneka werni aliran, saha adatipun. Andharan menika jumbuh kaliyan *informan 01*

“Jajan pasar itu melambangkan adanya banyak keinginan warga masarakat dari berbagai pikiran, dari berbagai aliran, dari berbagai itu smuanya, terangkum semuanya itu punya niat tidak membedakan termasuk adat.”(CLW 01)

“Jajan pasar menika mralambangaken wontening pepinginan warga msarakat saking maneka warna pamikiran, aliran, lan sedayanipun gadhah niat woten mbeda-bedakaken kalebet adat.” (CLW 01)

Adhedhasar kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*

“Jajanan pasar menika wonten ciki-ciki, nggih pepakan menika minangka mangertosi kepenginan para warga saged diparingi tentrem lair lan batine.” (CLW 02)

Jajan pasar menika jajanan ingkang dipuntumbas wonten ing peken. Ingkang kalebet jajan pasar wonten ing ritual salebeting tari angguk inggih menika ciki-ciki, lempeng, slondhok, kaliyan kacang. Sawernipun jajan pasar menika mujudaken maneka warni tetedhan ingkang dipunsade ing peken. Dipuntingali saking maneka wernipun jajan pasar ingkang dipunsade wonten peken mralambangaken bilih pepinginan masarakat menika maneka werni supados tansah pinaringan ayem tentrem lair saha batosipun.

8. Arta wajib

Arta wajib menika salah satunggaling sajen wonten ing ritual ing salebeting tari angguk. Arta wajib menika kangge njangkepi sajen, menawi anggenipun nyaosi sajen menika kirang jangkep, para leluhur ingkang dipuncaosi sajen menika kapurih tumbas piyambak. Andharan menika jumbuh kaliyan *informan 01*

“Uang melambangkan sesuai dengan keyakinan kenapa harus ada uang itu disampaikan lewat do’a juga apabila ada kekurangannya baik dari do’a, baik dari perilaku, dan segala-galanya yang tersedia dalam bentuk sesaji tadi disampaikan apabila ada kekurangannya disuruh beli sendiri yang sudah disediakan bentuk uang itu.” (CLW 01)

“Arta mralambangaken trep kaliyan kapitadosan kedah wonten arta kanthi donga, menawi wonten kekiranganipun sae saking donga, tumindak, lan sedaya ingkang dipuncawisaken wonten sajen menawi wonten kiranganipun kapurih supados tumbas piyambak kanthi arta ingkang dipuncawisaken.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening Pratelanipun *informan 02*

“Arta wajib menika menawi sajene dereng pepak, dereng jangkep, para leluhur menika njangkepi sajenipun ngangge arta menika.” (CLW 02)

Adhedhasar andharan wonten nginggil, mila saged dipunpundhut dudutanipun bilih arta wajib menika kangge njangkepi sajen ingkang kirang. Ingkang dipunkajengaken sajen ingkang kirang inggih menika menawi wonten sajen ingkang kirang pepak, kanthi ngginakaken arta wajib ndadosaken sajen menika jangkep.

9. Duplak, Empluk saha Kendhi

Duplak, empluk, saha kendhi salah satunggaling sajen wonten ing ritual. Duplak, empluk, saha kendhi dipuniseni uwos, tigan, pantun, toya, lawe wenang, saha arta. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*.

“....adanya daun dhadhap serep, dan kendhi, beserta duplak dan empluk yang berisi beras, telur, padi, air, lawe wenang yang berminyak, uang....Telur dan beras melambangkan semua itu semua yang menjadikan cita- cita warga pada waktu itu dimohonkan membuahkan hasil atau menelorkan hasil yang baik sesuai harapan nandur wiji apik thukula apik.”(CLW 01)

“wonten godhong dhadhap serep, kendhi, duplak saha empluk ingkang dipuiseni beras, tigan, pari, toya, lawe wenang ingkang disukani minyak...tigan saha beras menika mralambangaken bilih menapa ingkang dados gegayuhanipun warga supados kasil utawi neloraken asil ingkang sae trep kaliyan pengajengan nandur wiji sae saged thukul kanthi sae.” (CLW 01)

Adhedhasar kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*

“wonten duplak, empuk, lan kendhi ingkang dipunisi pari, tigan, dhadhap serep menika gadhah kekajengan para warga kersane anggenipun gesang ing saben dintene gampil, lan menapa kepengenan warga saged kalaksanan”. (CLW 02)

Miturut andharan wonten ing nginggil, mila saged dipunpendhet dudutanipun bilih wujud ing sajen ingkang arupi duplak, empluk, saha kendhi minangka mralambangaken bilih menapa ingkang dados kekajengan saha gegayuhanipun warga supados ngasilaken kanthi sae saha anggenipun gesang dipunparingi gampil ing saben dinanipun.

10. Jangan Kenthang, tempe saha peyek

Jangan kenthang, tempe saha peyek menika salah satunggaling sajen ingkang dipunginakaken wonten ing ritual. Ingkang sinebat peyek inggih menika peyek kacang, thontho, saha krupuk. Anggenipun negesi sedaya ubarampe kalawau dados setunggal sinebat peyek. Tempe garit saha jangan kenthang minangka jodhonipun tumpeng. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 01*.

“Sayuran, tempe, peyek itu masih rangkaian dari adanya tumpeng sebagai rangkaian tadi dengan tumpeng sebagai rangkaian tadi. Nanti apabila nanti sudah selesai dalam waktu pelaksanaan ritual lha itu nanti dimakan bareng-bareng semua warga.

Tempe itu istilahnya gini kita didunia itu dihadapan Tuhan agar semuanya yang menjadi kehendak, pengampunan permintaan maaf dan permohonan selalu dikabulkam artinya kita didunia itu kita menyantri.

Peyek, thontho itu kebulatan tekad kita mengabdikan kepada Tuhan bersama masyarakat dan kita harus bisa mengadopsi “aku wis ngabdikan ro Gusti Allah”ki ra cukup dengan itu tapi juga bisa bersinergi dengan masyarakat pada umumnya baik itu sing kaya apa wae bentuke kita bisa menjalin persatuan.” (CLW 01)

“Jangan, tempe, peyek minangka reroncening tumpeng. Lajeng sasampunipun Ritual kalaksanan di dhahar sareng- sareng sedaya warga masarakat. Tempe tegesipun inggih menika kita wonten ing donya wonten ngarsa Gusti supados pengajeng-ajenganipun, saged dipunijabahi ingkang saged kasebat nyantri. Dene peyek, thontho menika minangka buleting tekad kita ngabdikan dhateng Gusti boten cekap namung ngabdikan kemawon ananing kedah saged srawung dhateng sedaya masarakat sae ingkang

sugeh saha kados pundi mawon kahananipun kita kedah *menjalin persatuan*.” (CLW 01)

Adhedhasar kasebat dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 02*

“Jangan kenthang, tempe, peyek menika minangka kita umatipun Gusti Allah nggih mesti tansah ngarep- arep berkah to mbak, ben uripe tansah kepenak, ayom ayem”. (CLW 02)

Jangan kenthang, tempe garit, saha peyek menika dados lawuhipun tumpeng. Wonten ing salebeting peyek menika werni-werni, antawisipun peyek kacang, saha thontho. Ugi dipunjangkepi tempe garit, saha jangan kenthang. Dipuntingali saking wujudipun menika mralambangaken bilih manungsa wonten ing donya menika tansah ngajeng-ngajeng ridhanipun Gusti Allah, manungsa kedah saged srawung dhateng sedaya masarakat sahingga saged *menjalin persatuan*.

G. Paedahipun Ritual ing Salebeting Tari Angguk

Ritual ing salebeting tari angguk wonten ing Dhusun Kemiri Dhesa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman menika taksih dipuntindakaken dening Paguyuban Angguk Kipas Manggolo Budaya saha masarakat panyengkuyung ing Kemiri. Paguyuban Angguk Kipas Manggolo Budaya minangka paraga tansah nguri-uri saha ngrembakaken ritual ing salebeting tari angguk ingkang sampun turun temurun menika. Ritual kasebat taksih dipuntindakaken ngantos dumugi samenika, amargi wontenipun paedah-paedah saking ritual ing salebeting tari angguk menika.

Ritual ing salebeting tari angguk menika gadhah paedah-paedah ingkang sae tumrapipun warga masarakat. Paedah-paedah ingkang wonten ing ritual

kasebat inggih menika paedah spiritual saha syiar agami, paedah sosial, paedah ekonomi, saha paedah nglestantunaken budaya. Saking panaliten ingkang sampun dipunlampahi, pramila paedah ritual ing salebeting tari angguk menika dipunandharaken kados ing ngandhap menika.

1. Paedah Spiritual saha Syiar Agama

Ritual ing salebeting tari angguk paring paedah tumrap masarakat ingkang nglampahi. Paedah spiritualipun kangge ngiket kapitadosan masarakat wonten ngarsanipun Gusti Allah inggih kanthi waosan-waosan wonten ing lirik utawi syair ingkang dipuntembangaken wonten ing angguk menika. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan* 01.

“Satu karena pada waktu itu masarakat kalau tanpa sajen, masarakat itu tidak mau menerima artinya nek ora nganggo sajen kita lepas karo wong ta, lha masarakat tidak mau menerima seperti itu. Makanya wo ya tak nganggo, ben wong-wong ki sebetulnya ini hanya sebagai mengikat keyakinan atau alibi orang itu biarpun aku wis mengucapkan apa lafal kepada Tuhan tapi nek tanpa sajen aku dianggap dongane wong kui durung tekan. Aku membaca ini kan tujuannya tetap kepada Tuhan.”
(CLW 01)

“setunggal amargi jaman rumiyin menawi tanpa sajen masarakat dereng saged narima, tegesipun nek ora nganggo sajen tegesipun ucul saking wong, lajeng masarakat boten kersa narima. Awit saking menika kangge ngiket kapitadosan dhumateng Gusti Allah saha donganipun dumugi ngginakaken sajen.” (CLW 01)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan* 02

“Lajeng paedah sanesipun jane menawi menika dipunginakaken donga-donganipun menika tumuju sae menika nggih istilahipun menika saged mengayomi kaliyan gesangipun sedinten-dinten ngaten.” (CLW 02)

Miturut andharan ingkang sampun kababar wonten ing nginggil, pramila saged dipunpendhet dudutan bilih ritual ing salebeting tari angguk menika gadhah paedah spiritual. Paedah spiritual saged dipuntingali saking lampahipun ritual ing

salebeting tari angguk ingkang ngginakaken donga- donga tuntunan wonten ing agami.

2. Paedah Sosial

Ritual ing salebeting tari angguk dipunsengkuyung dening sedaya masarakat dhusun Kemiri. Menika nedahaken bilih ritual ing salebeting tari angguk gadhah paedah sosial. Wontenipun ritual menika ndadosaken rasa pasaduluran para warga langkung rumaket. Masarakat sesarengan anggenipun nyamektakaken sedaya ubarampe kangge ritual ing salebeting tari angguk. Saperangan masarakat wonten ingkang masak kangge sesajen, saperangan malih wonten ingkang nyamektakaken piranti ingkang badhe dipunginakaken kangge tari angguk. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 05*

“fungsi sosialipun menika nggih kangge wujud persatuan para warga mriki. Lha nek pas masak-masak menika kanthi sareng-sareng, mangkih ibu-ibu ingkang masak, mangkih ingkang kakung nyepak-nyepake alat-alat kangge pentas.” (CLW 05)

Andharan menika dipunsengkuyung dening Pratelanipun *informan 08*

“...Kaping kalihe para warga nggih ibu-ibu sami masak sareng- sareng, guyup rukun mbak.” (CLW 08)

Lampahipun ritual ing salebeting tari angguk menika gadhah paedah sosial tumraping warga masarakat Kemiri. Paedah menika katitik saking gotong royongipun warga nalika nindakaken ritual, ugi saged ngraketaken rasa pasaduluran saha pasrawunganipun warga Dhusun Kemiri saha sakiwatengenipun.

3. Paedah Ekonomi

Paedah ekonomi ritual ing salebeting tari angguk ugi paring paedah. Tumrap saperangan masarakat, ritual ing salebeting tari angguk menika dados salah satunggaling *pertunjukan*. Pramila wontenipun ritual ing salebeting tari angguk menika saged nambahi *income* masarakat mliginipun Paguyuban Angguk Kipas Manggolo Budaya. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 07*

“Habis itu ya main, main biasa, setelah pulang ya itu, kumpulan lagi evaluasi, nanti istilahnya ada pemasukan berapa, pengeluaran berapa, itu nanti sinkron atau enggak. Tapi kalau Angguk itu biasanya kebanyakan lebih pemasukannya lebih daripada pengeluaran.” (CLW 07)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 01*

“Masalah biaya materi sudah dinomor sekian, karena tidak dikomersilkan dan konotasi tidak ada.” (CLW 01)

Miturut andharan wonten ing nginggil menika saged dipunmangertosi bilih ritual ing salebeting tari angguk menika gadhah paedah ekonomi kanthi wontenipun *income* mliginipun kangge Paguyuban Angguk Kipas Manggolo Budaya.

4. Paedah Nglestantunaken Budaya

Paedah sanesipun saking Ritual ing salebeting tari angguk inggih menika minangka sarana kangge nglestantunaken budaya wonten ing salebeting ritual menika. Andharan menika jumbuh kaliyan pratelanipun *informan 04*

“nggih kangge ngguri-uri kabudayan Jawi lan kangge ngregengaken mbak.” (CLW 04)

Andharan menika dipunsengkuyung dening pratelanipun *informan 08*

“Nggih sepisan kangge nguri-uri kabudayan Jawi mbak, kula menika re men kaliyan kesenian. Kaping kalihe para warga nggih ibu-ibu sami masak sareng- sareng, guyup rukun mbak.” (CLW 08)

Kanthi ngawontenipun rerangken sajen Ritual ing salebeting tari angguk miangka salah satunggalipun upiya kangge nguri- uri kabudayan Jawi saha nglestantunaken budaya supados boten punah saha boten kagingsir jaman samenika.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten ingkang sampun katindakaken ngengingi perkawis Ritual ing Salebeting Tari Angguk wonten ing Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman, pramila saged dipunpundhut dudutan kados ing ngandhap menika.

1. Tari angguk katindakaken ing Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman. Ritual menika katindakaken rutin dening warga masarakat panyengkuyung saben wonten tari angguk.
2. Mula bukanipun ritual ing salebeting tari angguk menika saking para leluhuripun. Ritual menika katindakaken kanthi turun temurun. Dados wonten ing generasi samenika namung minangka naluri kangge nerasaken ritual tiyang sepuhipun.
3. Prosesi ritual ing salebeting tari angguk kaperang dados mapinten-pinten *tahapan* kagiyatan. Prosesi saderengipun tari angguk langkung rumiyin (1) kempalan paguyuban, (2) latihan, (3) cecawis piranti, (4) cecawis sesaji, (5) lampahing tari angguk, (6) evaluasi.
4. Makna simbolik sesajen wonten ing ritual salebeting tari angguk kados ing ngandhap menika.

a. Tumpeng

Sajen ingkang arupi tumpeng menika simbol gesangipun manungsa supados tansah tumungkul dhumateng Gusti, saengga menapa ingkang

dipunsedya saha gegayuhanipun masarakat panyengkuyung saged kabul saha dipunijabahi Gusti Ingkang Maha Kuwaos. Sekul tumpeng minangka mralambangaken supados wonten ing pagesangan ing sadinten-dintenipun dipunparingi ayom ayem, tentrem kajawi saking maneka werni asalipun saged nyawiji kanthi wujud rasa tali rasa.

b. Pisang Raja

Sesajen ingkang arupi pisang raja minangka lambang mughi-mughi menapa ingkang dados ancasipun warga kanthi dipunadani tari angguk kipas sedaya saged *merajai* gegayuhan masarakat panyengkuyung, saha saged nrima waosan angguk supados warga saged ngempal wonten satunggalipun ikatan kados pisang sisiran.

c. Pala Gumantung, Pala kependhem

Sesajen ingkang arupi pala gumantung saha pala kependhem pralambang kangge tradisi budaya ingkang awrat nyembah dhumateng Gusti, ugi caos paring pakurmatan dhumateng para danyang, danyang inggih menika mantan pendhudhuk ingkang sampun tilar utawi para leluhur.

d. Sekar Setaman

Sesajen ingkang arupi sekar setaman tegesipun penawaran. Melati menika saking tembung lathi supados anggenipun matur tansah ngatos-atos. Sekar kanthi saking tembung kumathil kanthil ingkang tegesipun ngraketaken pasederekan. Kenanga kumanthil ing ngati. Menika arahipun dhateng pangandikanipun ingkang ngantos-atos.

e. Kinang

Sesajen ingkang arupi kinang lambang sesembahan dhateng tiyang sepuh utawi leluhur, supados pikantuk berkah.

f. Klapa saha Gendhis jawi

Sesajen ingkang arupi klapa saha gendhis jawi menika minangka mralambangaken piweling, falsafah saking leluhur, bilih simbol negara Indonesia inggih menika *merah putih*.

g. Jajan pasar

Sesajen ingkang arupi jajan pasar menika kalebet sajen wonten ing salebeting ritual. Jinisipun jajan pasar inggih menika maneka werni. Jajan pasar menika gadhah teges utawi mralambangaken bilih pepinginanipun masarakat menika maneka werni aliran, saha adatipun.

h. Arta wajib

Sesajen ingkang arupi arta wajib menika salah satunggaling sajen wonten ing ritual salebeting tari angguk. Arta wajib menika kangge njangkepi sajen, menawi anggenipun nyaosi sajen menika kirang jangkep, para leluhur ingkang dipuncaosi sajen menika kapurih tumbas piyambak.

i. Duplak, Empluk saha Kendhi

Sesajen ingkang arupi duplak, empluk, saha kendhi minangka mralambangaken bilih menapa ingkang dados kekajengan saha gegayuhanipun warga supados kasil kanthi sae lan kados kaliyan pengajeng-ajenganipun warga masarakat.

j. Jangan Kenthang, tempe saha peyek

Sesajen ingkang arupi jangan, tempe, peyek minangka reroncening tumpeng. Lajeng sasampunipun ritual kalaksanan di dhahar sareng- sareng sedaya warga masarakat. Tempe tegesipun mekaten kita wonten ing donya wonten ngarsa Gusti supados pengajeng-ajenganipun, saged dipunijabahi ingkang saged kasebat nyantri. Dene peyek, thontho menika minangka bulting tekak kita ngabdi dhateng Gusti boten cekap namung ngabdi kemawon ananing kedah saged sawung dhateng sedaya masarakat sae ingkang sugeh saha kados pundi mawon kahanipun kite kedah *menjalin persatuan*.

5. Paedah ritual ing salebeting tari angguk kaperang dados sekawan paedah inggih menika paedah spiritual saha syair agama, paedah sosial, paedah ekonomi, saha paedah pelestari tradhisi. Paedah spiritualipun kangge ngiket kapitadosan masarakat wonten ngarsanipun Gusti Allah inggih kanthi waosan-waosan wonten ing lirik utawi syair ingkang dipuntembangaken wonten ing Angguk menika. Paedah sosial ritual ing salebeting tari angguk dipunsengkuyung dening sedaya masarakat Dhusun Kemiri. Wontenipun ritual menika ndadosaken pesedherekan para warga langkung rumaket. Paedah ekonomi ritual ing salebeting tari angguk ugi paring paedah. Tumrap saperangan masarakat, ritual ing salebeting tari angguk menika dados salah satunggaling *pertunjukan*. Pramila wontenipun ritual ing salebeting tari angguk menika saged nambahi *income* masarakat mliginipun kangge Paguyuban Angguk Kipas Manggolo Budaya. Paedah sanesipun saking ritual ing salebeting tari angguk menika inggih ugi minangka sarana kangge

nglestantunaken kesenian budaya wonten ing salebeting ritual menika supados boten punah saha boten kagingsir jaman samenika.

B. Implikasi

Asiling panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken mula bukanipun angguk, prosesi ritual ing salebeting tari angguk, makna *simbolik* sesajen saha paedahipun ritual ing salebeting tari angguk tumrap warga masarakat panyengkuyung. Kanthi nglampahi ritual menika masarakat Dhusun Kemiri saged nglestantunaken kabudayan.

C. Pamrayogi

Wontenipun ritual ing salebeting tari angguk ingkang taksih katindakaken dening warga masarakat Dhusun Kemiri Desa Purwobinangun Kecamatan Pakem Kabupaten Sleman menika gadhah *potensi wisata budaya* tumrap Kabupaten Sleman, ananging sinarengan ewah gingsiring jaman ingkang sarwi modern, wontenipun ritual ing salebeting tari angguk kasebat tundhanipun badhe ical. Kanthi pawadan ingkang kados mekaten kalawau, pramila prelu wontenipun kupiya kangge nglestantunaken ritual kasebat. Awit saking menika, panaliti atur pamrayogi supados wontenipun ritual ing salebeting tari angguk menika dipundamel buku. Buku menika dipunajab suged dipundadosaken sumbangan data kangge tambahan referensi mliginipun babagan ritual tari angguk wonten ing Kabupaten Sleman. Kejawi menika ugi saged dipunginakaken salah satunggaling *promosi wisata budaya* wonten ing Kabupaten Sleman.

KAPUSTAKAN

- Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia; Ilmu Gosip, Dongeng, dan Lain-Lain*. Jakarta: Grafiti Pers.
- _____. 1994. *Folklor Indonesia; Ilmu Gosop, dan Lain-Lain*. Jakarta: Pustaka Utama Grafiti.
- Endraswara, Suwardi. 2006. *Mistik Kejawen; Sinkretisme, Simbolisme dan Sufisme dalam Budaya Spiupacara tradhisi wilujengan Jawa*. Yogyakarta: Narasi.
- _____. 2006. *Metode, Teori, Teknik Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Pustaka Widyatama.
- _____. 2006. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- _____. 2009. *Metodologi Penelitian Folklor; Konsep, Teori dan Aplikasi*. Yogyakarta: Media Pressindo.
- _____. 2010. *Folklor Jawa; Bentuk, Macam, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku.
- Erie Kusumawati, Villia. 2009. *Upacara tradhisi wilujengan Mistik Wilujengan di Petilasan Indrakila Dusun Sinanjer Desa Clapar Kecamatan Madukara Kabupaten Banjarnegara*. Skripsi. Yogyakarta: FBS UNY.
- Harjawiya, Haryana lan Supriya. 2009. *Kamus Unggah-Ungguh Basa Jawa*. Yogyakarta: Kanisius.
- Herusatoto, Budiono. 1991. *Simbolis Dalam Budaya Jawa*. Yogyakarta: Hanindita Dalam Budaya Jawa.
- Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.
- _____. 2009. *Ilmu Antropologi*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Maryaeni. 2005. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Jakarta: PT Bumi Aksara.
- Moleong, Lexy. 2012. *Metode Penelitian Kualitatif*. Rev. Ed. Bandung: PT Remaja Rosdakarya.
- Poerdarminta, W.J.S dkk. 1939. *Baoesastra Djawa*
- Purwadi. 2005. *Upacara Tradisional Jawa*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Spradley, James P. 1997. *Metode Etnografi*. Yogyakarta: Tiara Wacana Yogya.
- Sugiyono, 2010. *Metode Penelitian Pendidikan; Pendekatan Kuantitatif, Kualitatif, dan R&D*. Bandung: Alfabeta.

Universitas Negeri Yogyakarta. 2012. *Panduan Tugas Akhir*. Yogyakarta: FBS UNY.

_____. 2011. *Pedoman Penulisan Tugas Akhir*. Yogyakarta: UNY Perss.

CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI (CLO 01)


Dinten/ Tgl : Senin Kliwon, 6 Januari 2014
Wekdal : 10.00 WIB
Papan : Kantor Kalurahan Purwobinangun
Topik : Papan Kangge Ritual ing Salebeting Tari Angguk

Deskripsi Papan Panaliten

Papan panaliten ingkang wonten ing panaliten inggih menika dusun Kemiri. Dusun Kemiri dumugi desa Purwobinangun tebihipun kirang langkung 6 Km. Miturut saking monografi desa Purwobinangun taun 2010 *kondisi geografis* desa Purwobinangun dumunung ing 600 meter *diatas permukaan laut*. Desa Purwobinangun kalebet tlatah ingkang dumunung wonten wonten ing *dataran tinggi* mawi *curah hujan* ____mm/ taun saha *suhu udara* kirang langkung 32°C. Wates-wates desa Purwobinangun mawi administratif saged katingal wonten ing ngandhap menika:

sisih ler	: Hutan Merapi
sisih kidul	: Desa Donoharjo
sisih kilen	: Desa Girikerto, Desa Donokerto
sisih wetan	: Desa Hargobinangun, Desa Candibinangun

Wiyaripun tlatah desa Purwobinangun inggih menika 4.384,04 Ha². Desa Purwobinangun kaperang dados 16 dusun, inggih menika dusun Turgo, dusun Ngepring, dusun Kemiri, dusun Ngelosari, Dusun Tawangrejo, dusun Ngringin, dusun Potro, dusun Watuadeg, dusun Jamblangan, dusun Beneran, dusun Bunder, dusun Kardangan, dusun Srowolan, dusun Karanggeneng, dusun Kadilobo, dusun Sembung.



Gambar 1: Tlatah Administratif Desa Purwobinangun
Sumber: *Monografi* Desa Purwobinangun Taun 2010

Kanthi adhedhasar *data Monografi* Desa Purwobinangun taun 2010 saged dipunmangertosi cacahipun pendhudhuk Desa purwobinangun wonten 8.940 tiyang. Cacahipun pendhudhuk ingkang ngrasuk agami Islam wonten 7.084 tiyang, agami Kristen 140 tiyang, agami Katholik 1.715 tiyang saha agami Konghucu 1 tiyang. Wondene ingkang ngrasuk agami Hindu saha Budha boten wonten. Tataran pendhidhikan masarakat Desa Purwobinangun saged dipunmangertosi bilih wonten 1.236 tiyang lulusan SD, 862 tiyang lulusan SMP, 2.591 tiyang lulusan SMA, 402 tiyang lulusan D1- D4, 584 tiyang lulusan Sarjana.

CATHETAN REFLEKSI

1. Ritual ing Salebeting Tari Angguk katindakaken wonten ing Dhusun Kemiri, Desa Purwobinangun, Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman.
2. Mayoritas pendhudhuk ing Desa Purwobinangun pangujiwanipun dados petani.
3. Pendhudhuk Desa Purwobinangun paling kathah ngrasuk agami Islam.
4. Tingkat pendhidhikan pendhudhuk ing Desa Purwobinangun paling kathah dumugi tingkat SD saha ingkang sekedhik menika ingkang dumugi sarjana.

CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI (CLO 02)

Dinten/ Tgl : Minggu Pahing, 29 Desember 2013

Tabuh : 20.00

Papan : Dalemipun Pak Muhadi Suwarno

Topik : Kempalan

Dinten minggu surya kaping 29 tabuh 20.00 wib Paguyuban Angguk Kipas Manggolo Budaya ngawontenaken kempalan kangge cecawis beksa angguk wonten dalemipun Bp. Muhadi Suwarno, Kemiri. Ingkang rawuh wonten ing pepanggihan menika para bapak anggota Paguyuban Angguk. Pak Sihadi minangka sekretaris Paguyuban Angguk mbikak kempalan kanthi dedonga sesarengan. Bapak Muhadi Suwarno minangka ketua Paguyuban Angguk ngandharaken bilih wonten ing wekidal menika badhe ngrembag babagan Persiapan Beksa Angguk. Rengrengan Beksa Angguk ingkang badhe katindakaken wonten ing dinten rebo kliwon surya kaping 1. Persiapan Beksa Angguk menika mbetahaken panyengkuyung saking sedaya warga mliginipun saking anggota kesenian Angguk supados saged kaleksanan kanthi rancak.



Gambar 2 : Kempalan anggota paguyuban Angguk (dok. Ima)

Wondene asiling kempalan inggih menika:

1. Pasarujukan wekdalipun beksa angguk surya 1 Januari 2014

2. Papan beksa Angguk wonten dalemipun Pak Muhadi Suwarno
3. Pasarujukan ngengingi wekdal saha papan kangge gladi resik tabuh 10.00 WIB.
4. Pasrujukan ngengingi persiapan beksa Angguk ingkang isisnipun:
 - a. Wiwit enjing ibu-ibu dipunaturi masak wonten dalemipun pak Muhadi Suwarno
 - b. Tabuh 10.00 bapak- bapak dipunaturi kempal saperlu gladi resik saha dandan (make up)

Bibar ngrembag beksa Angguk, Bp. Muhadi Suwarno nyariyosaken bilih wonten ing Ritual Pra – Tari Angguk ngginakake sajen kangge wujud raos kurmat dhumateng para leluhur ingkang sampun mbudidaya kabudayan. Nalika jaman rumiyin simbah- simbah taksih sami prihatos. Saderengipun nindakaken beksa Angguk, simbah- simbah nindakaken siyam. Siyam menika minangka sarana ingkang katujukaken kangge piranti gangsa ingkang badhe dipunginakaken nalika beksa Angguk. Para leluhur gadhah kekajengan supados gangsa kalawau saged dipuntabuh kanthi sae saha ngedalaken swanten ingkang sora. Sasanesipun menika kapitadosan tirakat siyam saged ndugekaken roh- roh leluhur ingkang nyepeng ing saben piranti gangsa menika.

CATHETAN REFLEKSI

1. Dinten Rebo Kliwon surya kaping 1 Januari 2014 tabuh 10.00 siyang, Paguyuban Angguk ngawontenaken kempalan persiapan beksa angguk wonten dalemipun Bapak Muhadi Suwarno, Kemiri.
2. Ngrembag babagan Persiapan beksa Angguk papan wonten dalemipun Pak Muhadi Suwarno, Kemiri.

CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI (CLO 03)

Dinten/ Tgl : Rebo Kliwon, 1 Januari 2014
Tabuh : 10.00
Papan : Dalemipun Bapak Muhadi Suwarno
Topik : Gladi Resik

Deskripsi

Dinten Rebo Kliwon surya kaping 1 Januari 2014 paraga saha pengrawit Paguyuban Angguk Kipas Manggolo Budaya ngawontenaken gladi resik wonten dalemipun Bp. Muhadi Suwarno. Para paraga mapan wonten ing barisanipun piyambak- piyambak, Bp. Yatin kaliyan Bp. Harso mapan wonten ngajeng minangka mestir, wondene mestir ingkang paling wingking Bp. Sukimin kaliyan Bp. Giman. Gladi resik dipuntindakaken kangge ngemut-emut gerakan saha *pola lante*. Wekdalipun latihan inggih menika saderengipun dandan(make up) antawisipun tabuh 10.30. Sedaya paraga(penari saha pengrawit) antusias saha tememen anggenipun nidakaken gladi resik, ancasipun supados beksa Angguk saged kaleksanan kanthi rancak.



Gambar 3 : **Latihan** (dok. Ima)

CATHETAN REFLEKSI

1. Tabuh 10.00 paraga paguyuban Angguk ngawontenaken gladi resik wonten dalemipun Bapak Muhadi Suwarno
2. Sedaya pemain tememen anggenipun gladi resik supados rancak anggenipun beksa Angguk.

CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI (CLO 04)

Dinten/ Tgl : Rebo Kliwon, 1 Januari 2014

Tabuh : 08.00

Papan : Dalemipun Bapak Muhadi Suwarno

Topik : Cecawis Piranti (cecawis sajen)

Deskripsi

Dinten Rebo Kliwon surya kaping 1 Januari 2014 para ibu nyawisaken sajen. Para ibu sami guyup rukun mangsak kangge nyawisaken sajen saha dhaharan kangge sedaya paraga beksa Angguk.

Ibu Muhadi damel sekul tumpeng. Sekul tumpeng kadamel kanthi cara ingkang sami kados ngliwet sekul adatipun. Uвос dipususi rumiyin. Uвос ingkang sampun resik lajeng dipunlebetaken wonten ing ketel saperlu dipunliwet, menawi uwos sampun radi mateng lajeng dipundang ing dandang. Sasampunipun sekul mateng, kaping sepisan damel sekul tumpeng dipuncethak ngginakaken kukusan alit kanthi lambaran saking ron pisang. Sekul dipunlebetaken wonten ing cithakan ngantos madhet saha ngantos lajeng dipuntumpal wonten ing piring. Sekul tumpeng wujudipun foto wonten ing ngandhap menika.



Gambar 4 : Tumpeng (Dok. Ima)

Lajeng sekul tumpeng kala wau dipunpindah wonten ing tampah. Pucukipun sekul tumpeng dipuntancepi brambang saha lombok, lajeng kanthi

mubeng dipunparingi kacang panjang, boncis saha kembang kol. Wujudipun sekul tumpeng ingkang sampun dipuniyas kados gambar ing ngandhap menika.




Gambar 5 : **Sekul Tumpeng** (Dok. Ima)

Sasampunipun Ibu Muhadi nyawisaken sekul tumpeng, Ibu Muhadi nyawisaken pisang raja setangkep. Pisang raja setangkep ingkang dipuncawisaken ingkang sampun tua, supados saged dipundhahar sabibaripun beksa Angguk. Wujudipun pisang raja setangkep wonten gambar ing ngandhap menika.



Gambar 6 : **Pisang Raja Satangkep** (dok. Ima)

Ibu Muhadi Sularno nyawisaken pala gumantung ingkang awujud salak setunggal iji saha nyawisaken pala kependhem ingkang maneka werni jinisipun ingkang sampun dipundang, saengga saged dpundhahar sesarengan. Wujudipun pala kependhem kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 7: **Pala Kependhem** (Dok. Ima)\

Katrangan:

1. Tela pendhem
2. Tela jrendal

3. Tape
4. Nggarut, lembong/ midro, uwi
5. Kimpul

Wondene wujudipun pala gumantung kados gambar ing ngandhap menika



Gambar 8: **Pala Gumantung** (Dok. Ima)

Sasampunipun Ibu Hadi Sularno nyawisaken kinang pala kependhem saha pala gumantung. Mbah Hadi Sularno lajeng nyawisaken kinang saha sekar setaman. Wujudipun kinang saha sekar setaman kados gmabar ing ngandhap menika.



Gambar 9: **Kinang** (Dok. Ima)



Gambar 10: **Sekar Setaman** (Dok. Ima)

Bapak Muhadi Suwarno ugi mbiyantu para ibu nyawisaken sajen. Sajen ingkang dipuncawisaken inggih menika arta wajib, duplak, empluk, saha kendhi. Duplak, empluk, saha kendhi menika dipuniseni arta, dhadhap serep, pari saha tigan. Wujudipun arta wajib, duplak, empluk, saha kendhikados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 11: **Arta Wajib, Duplak, Empluk, saha Kendhi** (Dok. Ima)

Ibu Muhadi nyawisaken bumbu kangge damel peyek. Bumbunipun sarem, bawang dipunuleg ngantos alus, lajeng bumbu kala wau dipuncampur kaliyan glepung, gandum saha toya sacekapipun ngantos dados jladren peyek. Jladren peyek punisi kacang, lajeng dipungoreng. Nggoreng peyek rampung, dipulajengaken damel sajen thontho. Bumbunipun ngginakaken sarem saha bawang dipunuleg ngantos alus. Bumbu dipuncampur kaliyan glepung, gandum saha toya sekedhik lajeng dipunuleni ngantos kalis. Jladren kala wau dipundamel bunder- bunder alit lajeng dipungoreng. Sajen ugi dipunjangkepi mawi krupuk goreng. Sajen peyek, krupuk, thontho wujudipun kados *foto ing ngadhap menika*.



Gambar 12: **Jangan Kenthang, Peyek, saha Tempe** (Dok. Ima)

Ibu Rubiyati damel sayur kenthang, piyambakipun racik- racik bumbu. Bumbunipun bawang, brambang, laos, lombok, ron jeruk, jahe, kunir, saha sarem. Bumbu dipunuleg ngantos alus. Kenthang dipunonceki lajeng dipungangsa ngantos ambetipun arum, enggal- enggal kenthang dipunlebetaken. Kentang setengah mateng lajeng santen dipunlebetaken. Sasampunipun santen umub, tahu saha krecek dipunlebetaken sinambi dipunudhak. Sayur kentang wujudipun kados *foto ing ngadhap menika*.

Ibu Waginem laneng ndamel tempe garit, bumbunipun bawang saha sarem. Bumbu dipunuleg ngantos alus lajeng diparingi toya sekedhik. Tempe dipunuleni bumbu lajeng dipungoreng.

Sasampunipun sajen dipuncawisaken, Mbah Hadi Sularno boten kesupen anggenipun nyawisaken sajen ingkang awujud jajanan pasar. Jajanana pasar menika maneka werni, wonten ciki-ciki, lempeng, kacang, jenang, saha slondhok. Wujudipun jajan pasar kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 13: **Jajan Pasar** (Dok. Ima)

Bapak Muhadi lajeng pados klapa kangge sajen Kapitayan ing Salebeting Beksa Angguk, lajeng Ibu Muhadi nyawisaken gendhis jawi, pasir saha teh. Wujudipun Klapa, gendhis jawi, gendhis pasir, saha teh kados gamabar ing ngandhap menika.



Gambar 14: **Klapa saha Gendhis Jawi** (Dok. Ima)



Gambar 15: **Gendhis Pasir saha Teh** (Dok. Ima)

Sajen ingkang sampun dipuncawisaken lajeng dipunpindah kaliyan Mbah Hadi Sularno wonten ing tampah. Wujudipun sajen kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 16 : **Sesajen Beksa Angguk** (dok. Ima)

CATHETAN REFLEKSI

1. Sedaya ubarampe sajen dipuncawisaken, kadosta, tumpeng, pisang raja setangkep, pala gumantung, pala kependhem, sekar setaman, kinang, klapa, gendhis jawi, gendhis pasir, teh, jajan pasar, arta wajib, duplak, empluk, kendhi, jangan kenthang, peyek saha tempe.
2. Sedaya sajen dipuncawisaken dados setunggal wonten tampah.

CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI (CLO 05)

Dinten/ Tgl : Rebo Kliwon, 1 Januari 2014

Tabuh : 09.00

Papan : Dalemipun Bapak Muhadi Suwarno

Topik : Cecawis Piranti

Deskripsi

Dinten Rebo Kliwon tabuh 09.00. sadereingipun beksa Angguk, piranti dipuncobi rummyin, supados nuwuhaken swanten ingkang endah. Kejawi saking menika wonten anggota ingkang boten kalebet penari saha pemusik, anggota kasebat nyawisaken piranti *sound system*. Sound system dipuncobi swantenipun. Wondene Bp Muhadi nyawisaken alat musik kangge beksa Angguk kadosta, kentring, jedor, terbang. Sedaya piranti menika dipuncobi supados mangertos antas mbotenipun. Wujudipun foto alat musik saha sound system ing ngandhap menika.



Gambar 16 : **Pak Muh ngecek pitanti** (dok. Ima)



Gambar 17 : **Pak Marni ngecek sound system** (dok. Ima)

Para paraga ugi nyawisaken busana kangge beksa Angguk. Supados sabibaripun latihan boten kesupen. Sedaya paraga nyawisaken busananipun piyampak- piyambak.



Gambar 18 : **Bapak- Bapak nyawisaken busana** (dok. Ima)



Gambar 19 : **Bapak Gimin miru jarik** (dok. Ima)

CATHETAN TERFLEKSI

1. Paraga nyawisakne piranti kangge persiapan beksa Angguk ingkang badhe kalampah tabuh 10.00.
2. Paraga nyawisaken busana kangge beksa Angguk.

CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI (CLO 06)

Dinten/ Tgl : Rebo Kliwon, 1 Januari 2014

Tabuh : 12.00

Papan : Dalemipun Bapak Muhadi Suwarno

Topik : Lampahing Beksa Angguk

Deskripsi

Dinten Rebo Kliwon surya kaping 1 Jauari 2014 beksa Angguk kawiwitan. Sedaya paraga beksa Angguk nglampahi jejibahipun piyambak- piyambak, antawisipun dados penari saha pemusik (nembang saha ngiringi penari). Wujudipun beksa Angguk kados gamabar ing ngandhap menika.



Gambar 20 : Pentas Beksa Angguk (Dok. Ima)

Tembang wonten ing beksa Angguk cacahipun tigang dasa gangsal babak, ananing wonten ing beksa Angguk menika boten sedaya babag dipuntembangaken. Babag ingkang dipuntembangaken inggih menika:

Pambuko

Ila kawulo suratin bil mustopa

Saiun lilahbhiwal patikah

Bismililairohmanirohim

Al Fatihah

1. Kulya amin
Kulya amin oen kulya amin oen
2. O salam
Asalam murngalim ngola ekoyo
Ina he al o ambiyo o hae
3. Ngolo e koyo
Ngoyo e koyo eka epo walmukeso
He o salam engalamur salim
4. Soliyat robil
Soliyat robil era biso saemon ema ola
Ma ole ma ola he wal nabi
Wal mustofa ala e ma ole olae
Ma ola ala ri lo
5. Albe bakare
Albe bakare albe bakare ema ole nobe
Ngeno salo ngolo ehe
Hero liyat lahu
6. Wokas biro
Wokas biro bil jalala la ila- laila
Ilo hae lolah ila hai lolah
He wal moka madun ya rosululloh
La ila ila ila ila hai lolulahi lahaiaulah
7. Asalam to ngala nabih
Assalam to ngolo nabih he asalam
Ing ngolo rosul hes askabe
Ngolo o take he wal nabe ngolo to tabe
8. Saelelah
Saelelah- saelelah he saelela saelelah
Albe tono alwe, ala he manto al manto
Sale he sayidina, sayidina
He al maujut ema urun
9. Assalam ngolo ekum
Assalam ngolo ekum ya muslimin

- Ena biyu tongolo salam
Min kao ro be sagumul sari
10. Kabe bala
Kabe bala ala iyo iya rasululloh
Lahu luyah sadumul ya rum lahu luyah
Wailatun wai sene lahu loyah
11. Salo rabuno ala hoyo
Sala rabuno ala hoyo maula 2x
He wa ala wo ka molo muhamad
Sapinggih ngalim
Ala badarum lamol ala huya maula
He wa ala mukamalo mukhamad
Sapinggir bngalim ya o yae
12. O yak amin ya amin
Ya alarobil ngalamin 2x
13. Salam- salam wa salam ngalaikum
Salam- salam wa salam ngalaikum
14. Salatun salatun saiman emaulo
Kasebe salun ngalaehe hean
Ala huan hean ala huan
Agomo tuan agomo tuan tuan
15. Ala he maule ala he maulo
Ala he maule ala he maulo
Maule kasebe wal anue wal aune
16. Ala he maule ala he maula
Ala he maule ala he maula
Kitab kuran bil baeni bil baeni
17. Ya laila haae ilo lahu
Ya laila haae ilo lahu
Ya laila haae ilo lahu
Ya mohammad rasul he lahu
18. Ya nabi salam ngoloiko ya rosul salam ngoloiko
Ekas bebe salam ngoloiko

- Solawat salam ngoloiko he alamam kabar
19. Alaman kabar alaman kabar
Ala ya rasul kul saeni
 20. AL B besar salam ngoloiko
Ya rasul lawat salam ngalaekoyo
 21. Alaman kabar Alaman kabar Alaiya Rosul Kul saeni
 22. Ya arkomo yo arkeme, yo arkomo yo arkeme
Barek klono bel moslimin
 23. Ya arkomo ke II
 24. Ayuno bil mustopo esolawat solu ngoloehe
Anabe bil mustopo isolawat salo aloehe
 25. Alarilo bil mustopo be ayate mangkate
Maulo ala rilo 2x
 26. Poilatun Poilatun poilatunpo ngoloihi wo 2x
 27. BKom layi lakum sayidino 2x ilaikum
Sayi dakum sandorome 2x
 28. Yo ngalimun saliring ngino latak timun
Sajare lono alaiyo kino alloh wapungono
Alaiyo alloh iyo saedono
 29. Wal mustopo saikun rilo sandorome
Sando rilo wal kotaman yo ambiyo
Sayidun ing ngalamur salim
 30. Saiun bil jamale masidaun bil ngalamin 2x
Salam ing ngaliwa sallam muhamad
Sapinginggir ngalim
 31. Ala hu alla allah hu ala 2x huk ala huk 2x
La huk ala ewa kabe duno huk akbar salim
 32. Kompi tun jak jakjak e wal akum more
Kompi tun jak jakjak e wal basare
Elaikum ila ila ila ha e lolah
 33. Sekono yak koloman minko bebe kaeroman
Yo sar yase nabe sorotan sare ngabetun
Iro kaeman ing ngabatung rokim

34. Alosuma salu ngale ya mukamat 2x

Ala ora biso salo ngale ya mursalin

Amin amin amin amin 2x

Ya alaro bil alamin

35. Gusti allah Gusti allah hamba nyuwun tulung

Ingkang mukti 2x

Ya allah nyuwun ngapuro

Penari njogedipun namung mangguk- mangguk ngebahaken sirah, tangan, saha bangkekan kanthi beta kipas. Njogedipun trep kaliyan *irama musik*. Cakepan wonten ing tembang bekta Angguk menika saking kitab Tlodho. Kitab Tldoho menika kaserat ngginaken *huruf arab*. Wujudipun kitab tlodho kados gambar ing ngandhap menika.



Gambar 21 : Kitab Tlodho (dok. Ima)

CATHETAN REFLEKSI

1. Dinten Rebo Kliwon surya kaping 1 Jauari 2014 beksa Angguk kawiwitan.
2. Tembang wonten ing beksa Angguk cacahipun tigang dasa gangsal babak, ananing wonten ing beksa Angguk menika boten sedaya babag dipuntembangaken.
3. Cakepan wonten ing tembang beksa Angguk menika saking kitab Tlodho.

CATHETAN LAPANGAN OBSERVASI (CLO 07)

Dinten/ Tgl : Sabtu pahing, 18 januari 2014

Tabuh : 20.00

Papan : Dalemipun Bapak Muhadi Suwarno

Topik : Evaluasi

Deskripsi

Dinten Sabtu pahing surya kaping 18 Januari 2014 tabuh 20.00 wib Paguyuban angguk ngawontenaken kempalan kangge evaluasi beksa angguk wonten dalemipun Bp. Muhadi Suwarno, Kemiri. Ingkang rawuh wonten ing pepanggihan menika para bapak anggota Paguyuban Angguk. Pak Sihadi minangka sekretaris Paguyuban Angguk mbikak kempalan kanthi dedonga sesarengan. Bapak Muhadi Suwarno minangka ketua Paguyuban Angguk ngandharaken bilih asiling Beksa Angguk kalampah kanthi rancak. Kagiyanan evaluasi menika namung ngrembag beksa angguk ingkang sampun dipunlampahi. Pirembaganipun inggih menika:

1. Beksa Angguk kalaksanan kanthi lancar
2. Ngrembag telasipun beaya ingkang dipunginakaken kangge keperluan beksa Angguk.
3. Badhe ngawontenaken latihan Angguk kangge lare enem

CATHETAN REFLEKSI

1. Beksa Angguk katindakaken kanthi rancak
2. Beaya ingkang dipunginakaken kangge keperluan Angguk menika taksih wonten tirahipun
3. Paguyuban Angguk badhe ngawontenaken latihan kangge lare enem

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA (CLW 01)

Informan : Pak Sis
Dinten/ tanggal : Sabtu Kliwon, 26 April 2014
Wekdal : 17.00 WIB
Papan : Dalemipun Pak sis

Daftar pitakenan ngengingi mula bukanipun tari Angguk Klasik

Ima : Kados pundi mula bukanipun kesenian angguk Klasik Pak?
Pak sis : Iku turun temurun biyen seko mbah gembel tumurun medhun mbah woraji trus medhun neng pawiro sumarto terus terakhir iki Muh hadi Suwarno *terus masih eksis sampai sekarang. Ini masih sugeng, itu kakak saya dan yang jadi ketua. Trus apa meneh?*

Daftar pitakenan ngengingi prosesi ingkang dipunlampahi wonten ing tari Angguk

Ima : Prosesi Angguk wonten kempalan-kempalan boten Pak?
Pak Sis : Ana rapat, ngrembung apa membahas persiapan, latihan pengecekan alat musik, sound sistem, evaluasi.
Ima : Lajeng menapa malih prosesi pra tari Angguk menika Pak?
Pak Sis : *Kalau pra tari itu biasa, pra tari itu belum pakai latihan, istilahnya kalau pra itu hnya latihan, karena sifatnya hanya mengingatkan, karena pada dasarnya semua penari itu pada menguasai, untuk mempertajam lagi. Karena selama ini tidak ada gerakan tari yang artinya o saiki dirubah begini terus dikembangkan sereti ini. Jadi gerakannya paten.*
Ima : Lajeng kangge ritualipun kados pundi Pak?
Pak Sis : *Untuk hari H-nya. Kita perlu istilahnya sajen.*

Daftar pitakenan ngengingi ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing tari Angguk

- Ima : Lajeng menapa mawon ubarampe wonten sajen menika Pak?
- Pak Sis : *Ya memulai adanya pentas Angguk Kipas diawali dengan doa bersama degan adanya media sesaji diantaranya, tumpeng, pala gumantung, pala kependhem dan jajan pasar disertai bunga tiga warna, sirih komplit atau dikatakan kinang, adanya daun dhadhap serep, dan kendhi, beserta duplak dan empluk yang berisi beras, telur, padi, air, lawe wenang yang berminyak, uang. Semuanya itu media permohonan kepada Tuhan YME yang dilambangkan dengan adanya Tumpeng. Ubarampe sajen itu ada tumpeng, eneng gedhang raja, empluk lan kendhi, pari, dhadhap serep, endog, beras, duit, duplak, kinang, kembang telon, jajan pasar, eneng lempeng, chiki nek mbiyen wujud lepetan, eneng uler-uleran, pala gumantung; (eneng rambutan, jambu, salak), pala kependhem; (telo, enthik, pohung, ubi jalar, kuthul, tela pendhem), diwujudkan eneng tape, gethuk, gathot, teh, nek gula jawa gandhengane klapa simbol merah putih sing dadi sesantane para leluhur sing dadi cikal bakal negara. Gula pasir ming tambahan sing baku gula jawa.*

Daftar pitakenan ngengingi makna simbolik sajen wonten tari Angguk

- Ima : Makna simbolik wonten sajen menika menapa Pak?
- Pak Sis : *Tumpeng melambangkan semoga apa yang dikehendaki warga yaitu khususnya bagi para penari, kru, mulai dari awal pembacaan, disertai gerakan bisa lancar tanpa aral suatu apapun. Para pemain, kru khususnya bisa menerima makna dari puji- pujian yang tiada lain untuk mengagungkan atau memuji, menyembah Tuhan, yang mana semua itu bisa*

dipahami dalam kehidupan sehari-hari nantinya.

Setelah memahami adanya bacaan tadi lewat tarian atau gerakan yang dinamakan angguk kipas itu karena pada waktu itu kan orang kalau disuruh datang atau diajak mendengarkan belajar membaca al-qur'an dia tidak mau, tapi dengan adanya angguk itu, akhirnya banyak orang yang datang mendengarkan dan mengikuti adanya pembacaan surat tadi lewat angguk yang dinyanyika atau dilagukan atau digerakkan itu. Makanya perlu diketahui kenapa harus ada sesaji yang berbentuk tumpeng itu yang terdiri dari nasi putih yang dibentuk kerucut, yang di atasnya diberi cabe yang dipilih sedemikian rupa lurus tanpa membengkok ditancapkan di atas tumpeng tadi dan disekeliling tumpeng diberi sayuran adanya kacang panjang, daun kol, dll itu melambangkan semoga apa yang menjadi tujuan semua umatnya kepada Tuhan YME dikabulkan.

Dan adanya pisang raja dua sisir atau setangkep yang mempunyai makna dan tujuan semoga apa yang menjadi tujuan warga dengan adanya pentas seni Angguk kipas semuanya bisa mempunyai tujuan yaitu pencapaian tujuan artinya bisa merajai gegayuhan tadi umatnya bisa menerima bacaan lewat angguk yang tadi sudah saya sampaikan didepan sesuai dengan orang-orangnya bisa bersatu dalam ikatan seperti adanya pisang yang dirangkai dalam sisiran pisang tadi.

Sekar setaman itu terdiri dari mawar merah, mawar putih, kanthil, melati, dan kenanga. Sekar setaman melambangkan mawar merah simbol bibit kehidupan dari ibu sedangkan mawar putih melambangkan bibit kehidupan dari bapak. Kenanga kumenang kenang dihati yang artinya mengenang warisan leluhur baik berupa kesenian dan kebudayaan.

Melati kedaling lathi maksudnya dalam berucap dan berbicara hendaknya selalu berhati-hati dan dari hati nurani. Kanthil tansah kumathil kanthil maksudnya kasih sayang yang tidak terputus yaitu kasih sayang kepada semua makhluk termasuk para leluhur.

Uang melambangkan sesuai dengan keyakinan kenapa harus ada uang itu disampaikan lewat do'a juga apabila ada kekurangannya baik dari do'a, baik dari perilaku, dan segala-galanya yang tersedia dalam bentuk sesaji tadi disampaikan apabila ada kekurangannya disuruh beli sendiri yang sudah disediakan bentuk uang itu.

Telur dan beras melambangkan semua itu semua yang menjadikan cita- cita warga pada waktu itu dimohonkan membuahkan hasil atau menelorkan hasil yang baik sesuai harapan nandur wiji apik thukula apik.

Kenapa disitu ada klapa dan gula merah artinya sesuai dengan tilaran , weling, falsafah dari nenek moyang bahwa negara kita itu dibawah naungan panji sang dewana yaitu bendera gula klapa.

Jajan pasar itu melambangkan adanya banyak keinginan warga masarakat dari berbagai pikiran, dari berbagai aliran, dari berbagai itu smuanya, terangkum semuanya itu punya niat tidak membedakan termasuk adat.

Ada pala gumantung dan pala kependhem itu satu yang sudah termasuk eneng gethuk, tape melambangkan manusia yang terjadi dari berbagai kemampuan eneng sing sugih, eneng sing mblenyek, eneng sing cukupan lan saliya-liyane itu semua terangkum disitu, yaitu satu mempunyai niat yaitu satu tujuan agar tradisi budaya dan tidak kalah penting itu penyembahan bukan kepada siapa-siapa tetapi Tuhan YME. Ha tujuan itu utamanya dan jangan disalah artikan diwaktu

mengucapkan, memulai danyang-danyang yang dikatakan danyang itu adalah mantan penduduk atau mantan warga yang sudah meninggal itu dikatakan dalam bahasa budaya atau bahasa tradisi dibilang danyang. Itu bukan demit, bukan setang yang dimaksudkan bukan seperti itu tetapi mantan-mantan penduduk artinya bagi leluhur yang dahulunya mendirikan, membentuk, membangun perkampungan disitu yang dari semak belukar, hutan belantara dibentuk sebagai pedukuhan atau kampung. Gathot itu dari pala kependhem dan sudah diolah.

Jadah melambangkan kerukunan yang tadinya masih berbentuk beras tadi setelah itu adanya kedekatan atau keraketan antara umat atau masarakat yang terdiri dari berbagai tipe jadi terumpul jadi satu. Sebenarnya itu bukan jadah bahasanya itu ketan rinaketan para sesama, urip rahayu luhur.

Sayuran, tempe, peyek itu masih rangkaian dari adanya tumpeng sebagai rangkaian tadi dengan tumpeng sebagai rangakaian tadi. Nanti apabila sudah selesai dalam waktu pelaksanaan ritual lha itu nanti dimakan bareng-bareng semua warga.

Tempe itu istilahnya gini kita didunia itu dihadapan Tuhan agar semuanya yang menjadi kehendak, pengampunan permintaan maaf dan permohonan selalu dikabulkam artinya kita didunia itu kita menyantri.

Peyek, thontho itu kebulatan tekak kita mengabdikan kepada Tuhan bersama masarakat dan kita harus bisa mengadopsi “aku wis ngabdi ro Gusti Allah”ki ra cukup dengan itu tapi juga bisa bersinergi dengan masarakat pada umumnya baik itu sing kaya apa wae bentuke kita bisa menjalin persatuan.

Daftar pitakenan ngengingi manfaat utawi paedah

Ima : Paedah ngawontenaken ritula menika napa Pak?

Pak Sis : *Satu karena pada waktu itu masarakat kalau tanpa sajen, masarakat itu tidak mau menerima artinya nek ora nganggo sajen kita lepas karo wong ta, lha masarakat tidak mau menerima seperti itu. Makanya wo ya tak nganggo, ben wong-wong ki sebetulnya ini hanya sebagai mengikat keyakinan atau alibi orang itu biarpun aku wis mengucapkan apa lafal kepada Tuhan tapi nek tanpa sajen aku dianggap dongane wong kui durung tekan. Aku membaca ini kan tujuanya tetap kepada Tuhan.*

Tetep nguri-nguri kabudayna, tradisi. Masalah biaya materi sudah dinomorsekiankan, karena tidak dikomersilkan dan konotasi tidak ada.

CATHETAN REFLEKSI

1. Mula bukanipun Angguk kanthi turun temurun.
2. Ritual pra tari angguk dipunadani kangge raos syukur dhumatheng Gusti Ingkang Maha Kuaos.
3. Ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing beksa angguk dipunjangkepi, ingkang pokok tumpeng kaliyan pisang raja setangkep.
4. Isinipun sajen maneka werni lan gadhah teges.
5. Paedah dipunwonteni sajen inggih menika kangge nyaketaken pasederekan, kapitadosan dhateng Gusti, saha nguri- uri kabudayan Jawi.

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA (CLW 02)

Informan : Pak Muhadi Suwarno
Dinten/ Tanggal : Sabtu Kliwon, 26 April 2014
Wekdal : 18.00 WIB
Papan : Dalemipun Pak Muhadi Suwarno

Daftar pitakenan ngengingi mula bukanipun tari Angguk Klasik

- Ima : Kula badhe nyuwun pirsu ngengingi mula bukaning tari Angguk, Pak?
- Pak Muh : Nggih, tari angguk menika nggih ngaten asal- usule nggandheng kula namung pinanggih nglajengaken saking ingkang sepuh-sepuh nggih suwargi-suwargi, mbah-mbah kula buyut, ingkang ngawontenaken seni solawat angguk menika, yen kula menika estunipun kantun nglajengaken tur kula sampun dhun-dhunan tahap ping sekawan, dos ping sekawan. Seni solawat angguk menika aslinipun pancen asli kesenian Jawi. Ha menika asal-usulipun rumiyin menawi simbah ngendikakaken bilih anggenipun latihan, ingkang nglatih menika saking sedherek Kadiraja, Kadiraja Tempel ngaten menika. Ha simbah menika nglatih anak-anak mriki utawi warga mriki. Salajengipun cekap anggenipun nglatih lajeng sagedpun mlampah piyambak. Mlampah piyambak lajeng sampun boten ngginakaken pelatih saking Kadiraja. Salajengipun mbah-mbah rumiyin kula, menika e nglajengaken, warganipun rumiyin kathah menika ingkang menari sekawan likur, ha menika lajeng sanesipun ingkang musikipun. Menika sekawan likur anggota penari, salajengipun ugi gandheng sampun sauntawis wekdal menika simbah suwargi menika saya sepuh nggih ta, ha menika lajeng katingalipun badhe punah, ning salajengipun menika saged diuri-uri malih amargi dipunengetaken pemerintah “ Angguke diuri-uri, Pak. Ben aja nganti punah” ngaten. Menika saking seksi kesenian

Kabupaten Sleman. Menika aslinipun ingkang nggih sampun ngengetaken supados boten punah menika. Salajengipun sareng kula nggatosaken menika, menika lajeng kula lajengaken. Awit menapa? Kula tansah menapa, remen nguri-uri kabudayan Jawi. Ha pokalipun kabudayan Jawi ngeen kula cepeng gen seni solawat angguk menika estunipun vokalipun pethikan saking tuntunan agama Islam ngaten. Mila estunipun kula remen amargi menapa menika nggih donga- donganipun menika wonten tumuju dhateng nggih umat Islam. Lajeng nggih dumugi sepriki seni solawat angguk angguk taksih nguri-uri supados ampun punah kalawau.

Menika salajengipun anggotanipun menika sekawan likur kantun sejumlah sekawan welas. Menawi panjenengan menika nyuwun pirsu wiwit rumiyin simbah ingkang nyepeng utawi nglatih menika aslinipun seni solawat angguk menika nate kangge wontening sedherek perlu, tegesipun menika hajatan, umpaminipun mantu, supit, lan keperluan sanes- sanesipun. Midhang dhateng peken, yen alam rumiyin menika ugi ngaten. Tur menika ugi alam ingkang dipunlampahi simbah- simbah menika ugi wonten tembungipun. Nggih menapa sarana- sarana menika lengkapipun. Lengkapipun seni solawat angguk nganggo sarana, sarananipun menika wonten keperluan, nggihpun sedherek hajatan, wonten sesaji, nek adat Jawi ngaten. Menika tujuanipun menapa soal sesaji sok nek wujudipun sesaji, saratipun sami, ning ingkang benten menika tujuanipun. Umpaminipun selapanan bayi sajene kan nggih sami mawon, mbok bilih jawabanipun ingkang benten namung ngaten. Iki kanggo nggon manten umpaminipun jawabanipun ingkang benten. Menika ingkang kula mangertosi saking tilar-tilaraipun ngendikanipun simbah menika ngaten. Janipun seni solawat angguk menika pungesaangipun simbah menika utawi

anggenipun wonten menika sampun dangu, wiwit taun wolulas, sewu sangangatus wolulas nggih menika sampun wonten. Menika sampun wiwit simbah dumugi kula sampun mlembang ping sekawan, sekawan generasi ngaten menika.

Ima : Lajeng meika dipunarani Angguk kados pundi Pak?

Pak Muh : Mergane wiwit riyen simbah menika ngendikaaken merga jogetanipun namung mengangguk- angguk, boten kok joget kasar kaya wayang, kesenian jathilan lan sapiturutipun niku boten, namung istilahipun namung alus, mengangguk- angguk, ngobahke tangan, gulu, bangkekan, ha menika mila namung mengangguk- angguk.

Ima : lajeng penaripun menika jales, setri utawi bebas Pak?

Pak Muh : Putra, putri saged nanging ingkang kula pimpin wekdal meika sedya putra tur sampun sepuh- sepuh. Menika kula kinten boten dangu malih menika harapanipun saking anak-anak remaja menika wointen ingkang badhe nyusul, badhe mlebet warga. Sebab menika sampun kula giring-giring, saking kula, saking pak dhukuh menika lajeng kok saking ketua pemuda nggih sampun nate, sepindah kaping kalih mriki latihan, nggih mriki, sebab menika badhe gatosaken nek pun gatosaken, wo jebulane iki, nek digateke ngene-ngene. Lajeng matur kalih rencang-rencang pemuda ngaten, aja nganti Angguk ki punah.

Ima : Negngingi wau nggen vokalipun menika saking tuntuntunan agami Islam. Lha menika saking kitab menapa saking napa Pak?

Pak Muh : Menika saking kitab tuladha naminipun, kitabipun ugi wonten. Naminipun simbah- simbah riyen anggenipun nindhakaken tuladha, neng nek gampilipun tiyang ngendika menika namung tlodo ngaten, ning sejatosipun tuladha.

Ima : Lejeng bedanipun angguk mriki kaliyan angguk sanesipun?

Pak Muh : Nggih nek riyen kula nate ngertos ning namung lewat gambar menika nggih, menika Angguk ning kan sampun kreasinipun

alam sakniki, mpun modern. Tur mriki ngaten nggih, biasa-biasa wiwit jaman aslinipun, nggih sekedhik wonten ingkang dipunewahi ning namung sekedhik gen masalah pakaian. Janipun yen ajeng dipundamel modern sing sakniki pehna kesenian werni- werni ning kula boten angsal. Nek ana owhe sithik- sithik iku wajar ning asline aja. Langkung- langkung vokalipun, vokalipun menika tetp boten pareng dipunowahi, menawi pakaianipun owah sithik saged. Nek vokalipun boten saged.

Ima : Tegeseipun menika sampun baku utawi sampun pokok Pak?

Pak Muh : Nggih sing pokok niku sing baku vokalipun, lan ugi saking seksi kesenian Kabupaten Sleman ugi ngaten. Aja nganti vokale sing diowahi lho Pak, nek penarinipun nek ana sing ora pas utawa ana sing digawe radha beda kaya wingi ora papa.

Daftar pitakenan ngengingi prosesi ingkang dipunlampahi wonten ing tari Angguk

Ima : Lajeng prosesi menapa mawon ingkang dipunlampahi saking wiwit dumugi pentas, Pak?

Pak Muh : Saderengipun pentas menika kejawi sajen, menika kan mangkih namung menapa nggih, neki sampun ngginakkaen sesajen menika, menika mangkih istilahipun sajen ki wes diaturake karo sing dicaosi dhahar. Perlune napa ta nggih, menika lajeng ngawiti seni solawat angguk menika. Urutanipun ngaten menika, nek wis masrahake sajen, terus le arep beksa angguk punwiwiti, dados nek dereng badhe punwiwiti sajen menika derengpun aturaken kaliyan ingkang dipuncaosi dhahar.

Ima : Lajeng sajen menika wajib menap kados pundi Pak?

Pak Muh : Nah wajib menika ngaten, ingkang naminipun wajib menika naminipun arta. Penggenanipun sajen menika kedah wonten

arta, boten ketang namung sewu rupiah, menika ingkang dipunsebataken wajib.

Ima : Menawi boten ngginakaken sajen Pak?

Pak Muh : Menawi boten ngangge sajen nggih boten sah mawi wajib.

Ima : Ananing biasane ngginakaken sajen?

Pak Muh : Nggih ngangge, ngangge sajen niku nek pun lengkapi mawi wajib. Nika kula nggih namung nurunaken saking simbah.

Ima : Lajeng ngengingi penari Pak, menika turene wonten ingkang siyam lajeng punarani mestir, menika taksih menapa boten?

Pak Muh : O menika sampun boten wonten. Yen riyen menika aslinipun wonten. Samenika ugi wonten mestiripun, tetep wonten ngajeng wingking wonten, naning boten secara jaman rumiyen. Jaman riyen “wah calone aku dadi mestir” ngaten menika taksih ngginakaaken prihatos. Ning yen sakmenika sampun boten nggih kalebet dingge bebas kemawon.

Ima : Angguk menika ngangge ndadi- ndadi boten Pak?

Pak Muh : Wo boten, boten ngge ndadi-ndadi kados kesenian jathilan, reog, boten menika. Dipunsebat kesenian angguk merga ora nana sing payah ora nana sing ndadi.

Ima : lajeng dangunipun pentas?

Pak Muh : Nggih manut keperluanipun, wonten ngginakaken saprosekawan jam saged, setengah jam saged, meh sedalu nggih saged. Dipun pendhet tigang menit ugi saged. Riyen ten Jakarta namung tigang menit, padahal aslinipun vokalipun wonten tigang dados tiga urutan.

Daftar pitakenan ngengingi ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing tari Angguk

Ima : Lajeng ubarampe sajen menika menapa mawon Pak?

Pak Muh : Arupinipun ingkang baken menika pisang raja setunggal tangkep, lajeng wonten wujud tumpeng, sega dilancip tumpeng

ngangge sega pethak lajeng sarat- sarat sanesipiun sajen menika lengkap nggih wonten tape, kacang, lempeng, slondhok, wonten nggih wewedal petani menika nggih wonten telo, uwi, lengkong, salak. Menika dados setunggal, jajanan peken menika punlengkapi. Wonten sekar setaman. Kinang wujudipun wonten sedhah, gambir, injet, lan sata. Sekar setaman tumbas wonten peken menika wujudipun kembang mawar abang kaliyan putih, mlati, kenanga, kaliyan kanthil. Komplitipun ngaten menika. Ingkang baken menika pisang raja kaliyan tumpeng.

Daftar pitakenan ngengingi makna simbolik sajen wonten tari Angguk

- Ima : Lajeng wonten makna simbolik ing sajen Pak?
- Pak Muh : Wonten. Ingkang dipunarani tumpeng menika sepisan kangge caos kurnat wonten ing ngarsanipun Gusti Allah menapa dene kita mingangka tiyang Islam dados panutan saha paugeranipun inggih Nabi Muhammad SAW ingkang wujudipun kita kedah tumungkul marang Gusti Pengeran ingkang sampun paring gesang. Wonten sapinggire tumpeng menika diparing wonten kacang, kol, ugi wonten nginggilipun dipunparingi lombok abrit, brambang menika minangka mralambangaken bilih kajaba kita menika bekti kaliyan Ingkang Maha Kuaos, ugi nyuwun dipunridhoi, ayom ayem tentrem anggenipun gesang ing sadina-dinane, sanajan wonten abang ijo supados anggenipun pasedherekan boten wonten bedanipun, sedaya nyawiji kanthi wujude rasa tali rasa. Wonten pisang raja setangkep menika tegesipun supados tiyang ingkang kagungan hajat menika saestu saged merajai utawi menapa gegayuhanipun saged kalaksanan, ugi saged ngemban watang wutunge bebrayan kanthi sholawat angguk. Pala kependhem menika tegesipun kita tansah eling kaliyan jasanipun para leluhur kita, lajeng pala gumantung ingkang awujud salak setunggal iji, salak bentuke lancip wonten

nginggil to mbak menika minangka manungsa tansah gumantung wonten ngarsanipun Gusti Allah. Mawar niku ateges penawar umpami wonten bebaya saged dados tolak bala, mlati mralambangaken sedaya ingkang dipunaturaken kedah dipunjagi ateges boten kenging ngapusi. Kanthi saking tembung kumathil kanthil tegesipun ngraketaken pasederekan. Kinang mralambangkaen sesembahan dhateng tiyang sepuh, awit simbah kala rumiyin seneng nginang. Klapa saha gendis jawi menika minangka semboyan, kita menika gesang wonten ing Indonesia menika wonten ing ngandhapi gendera merah putih inggih menika simbol gendera gula klapa. Jajanan pasar menika wonten ciki-ciki, nggih pepakan menika minangka mahanani kepenginan para warga saged diparingi tentrem lair lan batine. Artane wajib menika menawi sajene dereng pepak, dereng jangkep, para leluhur menika njangkepi sajenipun ngangge artane menika. wonten duplak, empuk, lan kendhi ingkang dipunisi pari, tigan, dhadhap serep menika gadhah kekajengan para warga kersane anggenipun gesang ing saben dintene gampang, lan menapa kepenginan warga saged kalaksanan. Ing salejengipun wonten jangan kenthang, tempe, peyek menika minangka kita umatipun Gusti Allah nggih mesti tansah ngarep- arep berkah to mbak, ben uripe tansah kepenak, ayom ayem. Dados mangkih menawi sesaji ingkang mangkih punsegah, tegesipun ingkang dipunjawab atur dhahar menika ingkang barange ana ngaten. Menika pancen tradhisinipun simbah- simbah menika ngaten. Ana sing disuguh, ana sing dicaosi dhahar.

Pitakenan ngengingi paedah wonten ing tari Angguk

- Ima : Menapa mawon paedah Angguk menika kangge masarakat?
- Pak Muh : Jane paedahipun kan ngaten awit vokalipun menika saking ucapan Islam nggih to, menika paedahipun donga- donganipun

menika tumuju dhateng masarakat nggih dhateng umat Islam. Ngaten menika naminipun wonten wigatosipun boten kok namung cara- cara sakniki niku boten. Dados kok suarane vokale kok ngene jebul ki nek digateke ana tegese nggih sing saged madosi, kula nek ken negeske menika boten saged mergane arabe boten saged.

Lajeng paedah sanesipun jane menawi menika dipunginakaken donga- dongaipun menika tumuju sae menika nggih istilahipun menika saged mengayomi kaliyan gesangipun sedinten-dinten ngaten. Niku nek saking pemahaman kula.

CATHETAN REFLEKSI

1. Mula bukanipun angguk kirang langkung taun 1918, saking Kadirojo turun temurun dumugi samenika. Vokalipun angguk emnika dipunpendhet saking kitab tlodho.
2. Ritual beksa angguk menika taksih ngginakaken sajen, miturut hajat, ingkang mbedakake ancasipun. Ingkang dados mestir jaman rumiyin taksih ngginaaken prihatos, siyam.
3. Ubarampe sajen menika kedah jangkep ingkang baku pisang raja setangkep kaliyan tumpeng.
4. Paedahipun kangge nguri- nguri kabudayan Jawi saha kapitadosan masarakat dhateng Gusti Allah, donganipun saged ngayomi pagesangan ing padintenan.

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA (CLW 03)

Informan : Pak Sukimin
Dinten/ Tanggal : Minggu Legi, 27 April 2014
Wekdal : 15.30 WIB
Papan : Dalemipun Pak Sukimin

Daftar pitakenan ngengingi mula bukanipun tari Angguk Klasik

Ima : Kula badhe nyuwun pirsang ngengingi mula bukaning tari Angguk, Pak?
Pak sukimin : Kula menika mung anggota paling kantun piyambak, dados mula mukane seni sholawat Angguk menika dereng mangertos.

Daftar pitakenan ngengingi prosesi ingkang dipunlampahi wonten ing tari Angguk

Ima : Lajeng prosesi menapa mawon ingkang dipunlampahi wiwit sajen dumugi pentas, Pak?
Pak Sukimin : Nggih niku mung nganu nek pas kangge niku gen sajen kedah lengkap bok bilih ngaten, do'a- do'anipun saderengpun wiwiti pentas, lajeng mangkeh nek nopo niku, sasampunipun... ee...istilahipun khataman nopo dos pundi niku.

Daftar pitakenan ngengingi ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing tari Angguk

Ima : Lajeng menawi ubarampe sajen menika menapa mawon Pak?
Pak Sukimin : Nggih nek ubarampe sesajen niku nggih biasa, kados gen sajen-sajen nika.
Ima : Sami Pak?
Pak Sukimin : nggih, sami.

Daftar pitakenan ngengingi makna simbolik sajen wonten tari Angguk

Ima : Lajeng ngengingi makna simbolik wonten sajen Pak?

Pak Sukimin : Nek kula boten ngertos e, Mbak.

Daftar pitakenan ngengingi alasan mlebet paguyuban tari Angguk

Ima : Lajeng menapa alasanipun njenengang mlebet paguyuban tari Angguk, Pak?

Pak Sukimn : Nopo kejawi nguri- uri kabudayan Jawi, sing punwiwiti taun pinten, wong niki sing sesepuhe Pak Muh niku men boten ngertos sinten mbiyen mula bukane, ketoke mung nganu simbah-simbah riyen, kalih niku *kan* bok bilih riyen *bacaan-bacaan* gen nopo, bok bilih menika namung *syiar agama*, nggih kejawi seni sholawat Angguk kangge nguri- uri kabudayan Jawi wonten tujuanipun.

Ima : menapa Pak?

Pak Sukimin : Nggih pokoke critane tiyang sepuh riyen nek kesenian nopo mawon nopo malih gen Angguk niki *kan* ubarampene lengkap bok bilih niku awakdhewe nindake tenan-tenan ya muga-muga cara wong Jawa kui le dho golek sandhang pangan, keslametan kui iso gampang, kabul, kajaba nguri- uri kabudayan Jawi niku.

Ima : Njenengan sampun dangu Pak nderek paguyuban Angguk menika?

Pak Sukimin : Hee nggih sampun sauntawis.

Ima : Lajeng nate wonten kedadean menapa, menwai boten ngginakaken sajen, Pak?

Pak Sukimn : Critane simbah- simbah mbiyen niku menawi pun pas *bacaan* srokal turene riyen sing nanggap ingkang kagungan hajat menika, nek sing ten lingkungan niku wonten sing bobok, cah cilik- cilik dho bobok, kedah digugahi kabeh, supados nopo niku kula nggih boten dong, niku intine nopo pas srokal niku riyen, nopo niku kula nggih boten dong, ning nek lare-lare alit pun dho bobok kedah digugahi, critane mbiyen mesthi wonten sing kesurupan.

- Ima : Berarti sajen menika wajib, Pak?
- Pak Sukimin : Nggih nek gen resmi diendah nggen kagungan hajat, kedah mawi sajen niku, neng nek lomba-lomba, manggih tamu utawi nyuguh tamu niku boten.
- Ima : Lajeng ingkang dados mestir menapa samenika taksih nindakaken siyam, Pak?
- Pak Sukimin : Nek sa ngertos kula nek riye-riye duka, ning nek sa ngertos kula niku gen siyam niku, ketoke kula dereng mireng, ning duka nek riye-riye kula boten reti napa pripon, duka nek simbah-simbah riye, amargi simbah-simbah riye taksih gedhe pritahine.
- Ima : Lajeng sinten ingkang dados mestir, Pak?
- Pak Sukimin : Ya sik ngajeng niku nggih sing pokok, dados boten mung candhak cekel, masalahe niku sik ten ngajeng niku kudu pun apal bener.

Pitakenan ngengingi manfaat utawi paedah wonten ing tari Angguk

- Ima : Menapa mawon paedah Angguk menika Pak, umpaminipun saking guyup rukunipun masarakat?
- Pak Sukimin : Niku critane ndilalahe nek jaman rumiyin angguk niku nggih boten ngge hajatan wong mantu, supitan, cara gampang ngge nopo niku, eee, apa le arep ngarani, ngge midhang, nek riye niku ngge midhang kerep.
- Ima : Rumiyin menika wonten sekawan likur penari, menapa samenika taksih sekawan likur utwai pinten?
- Pak Sukimin : nggih turene riye sekawan likur gek taksih sepuh-sepuh riye, sakniki sampun kathah ingkang pensiun.

CATHETAN REFLEKSI

1. Mula bukanipun angguk namung nerusaken saking tiyang sepuh
2. Ritual pra tari Angguk ngginakaken sajen kedah jangkep, ingkang dados mestir kedah nindakaken siyam saha ageng prihatosipun.
3. Ubarampe sajen kados padatan.
4. Paedahipun kangge nguri- uri kabudayan Jawi, donganipun kangge *syiar agama*.

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA (CLW 04)

Informan : Pak Nardi Siswoyo
Dinten/ Tanggal : Minggu Legi, 27 April 2014
Wekdal : 16.00 WIB
Papan : Dalemipun Nardi Siswoyo

Daftar pitakenan ngengingi mula bukanipun tari Angguk Klasik

Ima : Kula badhe nyuwun pirsu ngengingi mula bukaning tari Angguk dumugi wonten Kemiri menika, Pak?

Pak Nardi Siswoyo : Nek kula niku istilahe mung pengikut baru e. Nek asal-usul e taun pinten boten ngerti, sing penerus-penerus e sesepuh-sesepuh sampun boten onten sedaya, dados asal-usul e taun pinten kula boten ngertos.

Daftar pitakenan ngengingi prosesi ingkang dipunlampahi wonten ing tari Angguk

Ima : Lajeng prosesi menapa mawon ingkang dipunlampahi wiwit sajen dumugi pentas, Pak?

Pak Nardi Siswoyo : Ya ming sajen kae urut-urutane ki, sing penting siap sajen, terus siap le nari.

Ima : Tegesipun namung sajen kalih kesiapan penari?

Pak Nardi siswoyo : Biasane ya karo dijawab donga, nek jaman biyen, cara biyen yo ndadak nggo ngobong menyan barang kui, kui nek cara mbiyen ngono kui. Ning kula dhewe nek nggon ngobong menyan ki wes ra patek gathuk. Saiki jamane wis alat apa-apa wis *modern*, anyar, nek sing biyen alat-alate wis rusak kabeh, nek alate iki wis *modern* kabeh sing ana hubungan kalihan sajen niku boten enten, *tidak ada sangkut pautnya*.

Ima : Nate dados mestir Pak?

Pak Nardi Siswoyo : Nggih nek ten ngajeng dereng, soale dereng pasih barang, ngoten niku nek ora pasih tenan, nek mburi-mburi mung manut gek dinut sak mburine, mestir mburi mung manut biasa, nek mestir mburi kula mpen, ning nek ngajeng niku nggih dereng.

Ima : Mestir samenika sampun awis-awis nglampahi siyam nggih Pak?

Pak Nardi Siswoyo : Boten onten, boten. Nek mestir niku boten onten hubungane kalih niku, sing penting pasih le njoged saged dados mestir, nek gen mestir niku, joged niki tembange niki, jogede niki pun pasih niku mun saged.

Daftar pitakenan ngengingi ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing tari Angguk

Ima : Lajeng menawi ubarampe sajen menika menapa?

Pak Nardi Siswoyo : Nek kula riyen nggih, jaman simbah- simbah riyen taksih wonten nggih mawi sajen, nek sakniki kan jaman kemajuan, sajen-sajen niku kan nek jaman menurut agama Isalm pun boten terpengaruh ngge sajen, ning nek jaman rumiyin taksih woten pengaruh sajen, istilahe ngoten niku, ning nek jane boten nggih boten napa-napa. Nek hajatan tetep ngangge sajen, pas manten, supitan nggih wonten sajene, ning nek biasa- biasa mawon boten.

Ima : Menapa masarakat taksih gadhah kapitadosan ngengingi sajen?

Pak Nardi Siswoyo : Boten, nek sak ngertos kula, sawene kula tumut, ngoten niku boten onten, biasa- biasa mawon. Soale kula ndherek niku nek ngge sajen nggih ping gangsal niku dereng onten, ning nek jaman simbah biyen mesti nganggo sajen.

Ima : Samenika manut kebutuhan?

Pak Nardi Siswoyo : Nggih manut kebutuhan, tur malih sakniki kan sing membutuhkan niku saking dinas pemerintahan, nek sing saking warga dhusun niku mbalah jarang, alase napa kula nggih boten tek dong.

Daftar pitakenan ngengingi alasan mlebet paguyuban tari Angguk

Ima : Lajeng menapa alasanipun njenengan ndherek nari wonten paguyuban Angguk menika, Pak?

Pak Nardi Siswoyo : nggih pertamane seneng, nguri- nguri kabudayan Jawi, soale nek Angguk niki *kan* generasinipun sampun langka, boten onten, lajeng menika ajeng golek nem-neman, dadi nggih nopo wontene riyen, ingkang kasepuhan-kasepuhan sing maju.

Pitakenan ngengingi manfaat utawi paedah wonten ing tari Angguk

Ima : lajeng ngengingi paedahipun menapa Pak?

Pak Nardi Siswoyo : nggih kangge ngguri- uri kabudayan Jawi, lan kangge ngregengaken mbak.

CATHETAN REFLEKSI

1. Mula bukanipun angguk namung nerusaken saking sesepuh
2. Ritual pra tari Angguk boten nggikanaken sajen, ananing taksih ngobong-ngobong menyan. Ingkang dados mestir kedah apal anggenipun joged.
3. Paedahipun ritual pra Tari Angguk kangge nguri- uri kabudayan Jawi saha ngregengan.

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA (CLW 05)

Informan : Pak Marsudi
Dinten/ Tanggal : Minggu Legi, 27 April 2014
Wekdal : 16.25 WIB
Papan : Dalemipun Pak Marsudi

Daftar pitakenan ngengingi mula bukanipun tari Angguk Klasik

Ima : Pak, kula badhe nyuwun pirsu ngengingi mula bukane tari Angguk?

Pak Marsudi : Mula bukane niku nek kados kula menika pun turun temurun, pun ping pinten nggih, nek boten ping telu napa ping pat, ming kantun penerus. Nek sejarah- sejarah niku riyen niku boten patek jelas, dados entene mung kantun neruske ngoten.

Daftar pitakenan ngengingi prosesi ingkang dipunlampahi wonten ing tari Angguk

Ima : Menapa njenengan nate dados mestir Pak?

Pak Marsudi : Nggih, kula nate dados mestir.

Ima : Lajeng njenengan menika nglampahi siyam minangka dados mestir?

Pak Marsudi : Nek jaman riyen nggih nate ngoten niku, nek do sami latihan niku nggih sak dugi-dugi sami prihatin.

Ima : Ancasipun supados menapa Pak?

Pak Marsudi : Nggih mangkih dadosaken sing menapa dilatihke sesepuh dhateng kula niku enggal saged ngoten.

Ima : Saderengipun pentas menika ngginakaken sajen Pak?

Pak Marsudi : Nggih sajen niku, nek nari niku, sami latihan, nggih niku rampung digendhureni. Nggih ngangge sajen, didamelke niku enten jenang-jenangan, nggih sekul kepel, mangkih sekul kepel niku nek sampun didongani kalih Pak Kaum menika, sedaya menika sami ndhahar sekul kepel niku.

Ima : Menapa sajen menika wajib Pak?

Pak Marsudi : Nggih nek kanggene riyen niku nggih wajib, nggih kudu niku, nek sami latihan, nggih nek kalawanci digunake hajatan sedherek ten dhusun nggih kudu enten ngoten niku. Nek sing nggunake dhateng pemerintah napa niku pun boten ngginakaken ning nek ten dhusun, napa dipunbetahaken sedherek, nadzaran, napa ingkang kagungan uni napa niku tep wonten sajene.

Daftar pitakenan ngengingi ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing tari Angguk

Ima : Lajeng ubarampe wonten saen menapa mawon Pak?

Pak Marsudi : Isine sajen nggih niku, gedhang raja nggih pokok niku, sanes-sanesipun nggih tumbasan-tumbasaan pekenan niku, nggih pepakan.

Ima : Ngginakaken tumpeng menapa boten Pak?

Pak Marsudi : Nggih ngginakaken, ngangge sekul putih niku. Mangkih digenepi wonten jadah, wajik, tape, jenang, nek riyen niku jenang lot, pepakan. Wonten slondhok, lempeng, kacang, tape nggih enten. Nggih pokoke sajen niku sapepake nek wonten dhusun niku.

Daftar pitakenan ngengingi makna simbolik sajen wonten tari Angguk

Ima : Lajeng Bapak mangertos ngengingi makna simbolik wonten sajen menika?

Pak Marsudi : Nek kados kula men boten *paham*, *paham* kula nggih namung ngge njangkepi kalih nyuwun keslametan, nggih padhane latihan dhateng sepuh dhateng nem-neman niku kajenge enggal saged niku mawon, nek dununge niki kangge niki, niki kangge niki kula boten dong, namung intine kangge keslametan lan enggal saged.

Daftar pitakenan ngengingi alasan mlebet paguyuban tari Angguk

- Ima : Jenengan menika minangka penari. Alasanipun menapa njengengan ndherek kesenian Angguk?
- Pak Marsudi : Riyen nggih, pun turun ping pat niku kula tumut. Nggih kangge nguri- uri kabudayan Jawi.

Pitakenan ngengingi manfaat utawi paedah wonten ing tari Angguk

- Ima : Lajeng paedahipun menapa Pak?
- Pak Marsudi : Paedahe nggih niku ming nyuwun keslamtean dhateng sedayane.

CATHETAN REFLEKSI

1. Mula bukanipun Angguk turun temurun saha sampun kaping sekawan generasi.
2. Prosesi utawi ritual tari angguk taksih ngginakaken sajen, ingkang dados mestir jaman rumiyin taksih siyam, prihatos.
3. Ubarampe sajen ingkang baken gedhang raja kaliyan sekul putih. Kangge njangkepi jajanan peken.
4. Makna simbolik sajen kangge nyuwun keslametan saha mugi enggal saged.
5. Paedahipun kangge nguri- uri kabudayan Jawi saha nyuwun keslametan kangge sedayanipun.

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA (CLW 06)

Informan : Pak Suropto
Dinten/ Tanggal : Rebo Wage, 30 April 2014
Wekdal : 16.00 WIB
Papan : Dalemipun Pak Suropto

Daftar pitakenan ngengingi mula bukanipun tari Angguk Klasik

Ima : Pak, kula badhe nyuwun pirsu ngengingi mula bukane tari Angguk?
Pak Suropto : Kula boten dong e, kula cah anyar gek, dadi kula boten dong nek niku. Sesepuhe mawon nek gen niku, kula menika taksih yunior, nggih sesepuhe Pak Muh nika.

Daftar pitakenan ngengingi prosesi ingkang dipunlampahi wonten ing tari Angguk

Ima : Wonten tari Angguk menika wonten prosesipun. Menapa njenengan pirsu?
Pak Suropto : Nek kula boten patek ngertos.
Ima : Dados namung melu- melu mawon?
Pak Suropto : Nggih, namung melu- melu.

Daftar pitakenan ngengingi ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing tari Angguk

Ima : Lajeng wonten sajen menika ubarampe sajen menika menapa mawon?
Pak Suropto : Lha aku ki ra reti e, kula niku nek masalah gen sajen, njenengan mang takon sesepuh- sesepuh, mang takon sesepuh- sesepuh lak malah dong, nek kula babar blas.

Daftar pitakenan ngengingi alasan mlebet paguyuban tari Angguk

Ima : Lajeng menapa alasanipun njenengan ndherek Angguk?

Pak Suritpo : Hanggih sepindhane kula remen, kaping pindhone kajenge enten peneruse.

Pitakenan ngengingi manfaat utawi paedah wonten ing tari Angguk

Ima : Ngengingi padehipun ritual Angguk menika menapa?

Pak Suropto : Nggih ngge nguri- uri kabudayan Jawi mbak.

CATHETAN REFLEKSI

1. Bula bukanipun Angguk saking sesepuh.
2. Paedahipun kangge nguri- uri kabudayan Jawi.

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA (CLW 07)

Informan : Pak Marino
Dinten/ Tanggal : Rebo Wage, 30 April 2014
Wekdal : 16.30 WIB
Papan : Dalemipun Pak Marino

Daftar pitakenan ngengingi mula bukanipun tari Angguk Klasik

Ima : Pak, kula badhe nyuwun pirsane ngengingi mula bukane tari Angguk?

Pak Marino : Mula bukane nggih nek kula men pripon nggih, jane mung nesruske, nek carane nek asal usule niku sebenere *nggak tau banget, nggandheng yo apa, naluri Jawa, kesenian Jawa ya termasuk, termasuk kategori dakwah Islam, tapi kalau dicocokkan dengan Islam jaman sekarang mungkin, Angguk yang lama itu agak- agak gimana gitu. Bahasa- bahasanya itu agak- agak mlenceng, ya bukannya mlenceng tapi gimana ya, kurang pas sama nuntunan Islam gitu aja. Tapi karena itu seni, seni budaya katanya dari, dari Dinas Kebudayaanpun tidak boleh dirubah, jadi yo memang harus seperti aslinya leluhur- leluhurnya dulu. Tapi nyatanya kemungkinan kalau yang kreasi itu bisa dirubah bahasa- bahasanya.*

Daftar pitakenan ngengingi prosesi ingkang dipunlampahi wonten ing tari Angguk

Ima : Lajeng njenengan pirsane ngengingi prosese Angguk menika Pak?

Pak Marino : *Ya tau, tau. Pertama kalikan, kalau ada event, apa ya namanya, kumpulan gitu aja ya, ya intinya membahas itu, rencananya gimana, rencananya, ya istilahi kan, kadang ada permintaan dari yang mau nanggap, mungkin berapa menit, berapa lagu, itu kan ditentukan, beda dengan kesenian lain. Kalau itu kan ditentukan karena satu lagu beda musik. Satu lagu beda musik,*

tidak bisa dicampur it. Itu kan terus dilatih dulu mau berapa menit, kira-kira berapa menit, misal dua puluh menit itu, ya kira-kira lagu apa yang kira- kira pas untuk dua puluh menit, itu lagu apa. Kemudian setelah itu disepakati latihan bersama, terus sebelum main, tiap kali pasti peralatannya dicek, ngecek peralatan ada yang kurang atau kira- kira bisa dicarikan kalau nggak ya biasanya beli. Habis itu ya main, main biasa, setelah pulang ya itu, kumpulan lagi evaluasi, nanti istilahnya ada pemasukan berapa, pengeluaran berapa, itu nanti sinkron atau enggak. Tapi kalau angguk itu biasanya kebanyakan lebih pemasukannya lebih daripada pengeluaran.

Ima : Lajeng ngengingi sajen Pak?

Pak Marino : *Sajen kalau musim sekarang nganu belum pernah menemui, kalau sekarang kan modelnya nganu Mbak, yang nanggap orang- orang dinas, orang-orang luar. Apa dadi nggak kaya yang untuk hajatan. Saya hajatanpun belum pernah main e, belum pernah ikut e. Angguk itu kalau orang hajatan itu malah jrang make, karena kalau orang dhusun itu kesenian angguk itu jaman sekarang itu katanya kurang menarik gitu lho, Mbak. Kurang menarik karena ya gitu lah, karena kesenian itu terlalu, kalau orang bilang itu terlalu kothok gitu. Nggak bisa untuk senang- senang tapi nyatanya karena diuri-urikan, katanya satu kabupaten itu cuma satu, yang asli masih masih orisinil.*

Daftar pitakenan ngengingi ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing tari Angguk

Ima : Menawi ubarampe sajen Pak?

Pak Marino : *Ya mungkin kalau sajen itu mungkin biasanya, biasa- biasa saja mungkin lho. Kalu event, kalau ada hajatan itu sama dengan kesenian lain Mbak, ya hampir sama.*

Daftar pitakenan ngengingi makna simbolik sajen wonten tari Angguk

Daftar pitakenan ngengingi alasan mlebet paguyuban tari Angguk

Ima : Alasane njenengan ndherek Angguk napa Pak?

Pak Marina : *Ya alasannya memang saya dari dulu memang seneng seni, malah dulu itu ikut njathil, kethoprak ya ikut, wayang juga ikut, angguk ya ikut, seneng seni. Seneng mengeluarkan kreatifitas gitu lho. Walaupun angguk itu kalau seumuran saya itu kalau yang angguk lama itu susah untuk ngapali, menghafalkan bahasanya itu*

Pitakenan ngengingi manfaat utawi paedah wonten ing tari Angguk

Ima : Paedahipun ngawontenaken ritual?

Pak Marino : *ya sama mbak untuk melestarikan kebudayaan Jawa supaya tidak punah*

CATHETAN REFLEKSI

1. Mula bukanipun Angguk turun temurun, namung nerasaken.
2. Prosesi ritual Angguk menika wonten kempalan, latian, cecawis, lampahing beksa Angguk, saha evaluasi.
3. Paedhipun kangge nguri- uri kabudayan Jawi supados lestantun.

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA (CLW 08)

Informan : Pak Harso Susanto
Dinten/ Tanggal : Rebo Wage, 30 April 2014
Wekdal : 17.00 WIB
Papan : Dalemipun Pak Harso Susanto

Daftar pitakenan ngengingi mula bukanipun tari Angguk Klasik

Ima : Pak badhe nyuwun pirsu ngengingi mula bukanipun Angguk?
Pak Harso : mula bukanie tari angguk nek kula namung neruske, riyen niku saking Kadiraja, kirang langkung taun 1918, ning sing tamat niku lak Pak Muh.

Daftar pitakenan ngengingi prosesi ingkang dipunlampahi wonten ing tari Angguk

Ima : Lajeng wonten kesenian angguk, prosesi napa mawon ingkang dipunlampahi?
Pak Harso : Wonten kesenian angguk wonten sajen
Ima : Lajeng bapak mangertos ubarampe sajen ingkang dipunginakaken?
Pak Harso : Mboten ngertos, ning nek sajen niku nggih wonten pepakan, bakunipun pisang raja lan tumpeng.
Ima : Ancasipun menapa Pak, kedah ngangge sajen?
Pak Harso : Nggih niku sedaya kangge kawilujengan, keslametan.

Daftar pitakenan ngengingi ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing tari Angguk

Ima : Lajeng bapak mangertos ubarampe sajen ingkang dipunginakaken?
Pak Harso : Mboten ngertos, ning nek sajen niku nggih wonten pepakan, bakunipun pisang raja lan tumpeng.

Daftar pitakenan ngengingi makna simbolik sajen wonten tari Angguk

- Ima : Menawi makna simbolik wonten sajen menika Bapak mangertos menapa boten?
- Pak Harso : Kula boten ngertos, ning sapangertosan kula ngengingi niku kangge keslametan.

Pitakenan ngengingi manfaat utawi paedah wonten ing tari Angguk

- Ima : Ngengingi paedah ngawontenaken angguk menapa Pak?
- Pak Harso : Nggih sepisan kangge nguri- uri kabudayan Jawi mbak, kula menika remen kaliyan kesenian. Kaping kalihe para warga nggih ibu-ibu sami masak sareng- sareng, guyup rukun mbak.

CATHETAN REFLEKSI

1. Mula bukanipun Angguk saking kadirojo, taun 1918
2. Ritual Pra Tari Angguk tasih ngginakaken sajen
3. Uparambe ingkan baken wonten sajen pisang raja kaliyan tumpeng
4. Ancasipun ngginakaken sajen kangge kawilujengan lan keslametan
5. Paedah dipunwonteni sajen kangge nguri- nguri kabudayan Jawi saha kangge guyup rukun para warga.

CATHETAN LAPANGAN WAWANCARA (CLW 09)

Informan : Ibu Rubiyati
Dinten/ tanggal : Minggu Legi, 27 April 2014
Wekdal : 15.30 WIB
Papan : Dalemipun Ibu Rubiyati

Daftar pitakenan ngengingi mula bukanipun tari Angguk Klasik

Ima : Ibu badhe nyuwun pirsane ngengingi mula bukanipun Angguk?
Ibu Rubiyati : Kula boten genah mbak, kula namung ngertos e namung le turun temurun kalih kula ming sok ngewangi msak sajene mbak.. nek asal usul, mula bukanipun nggih kula boten tek dong.

Daftar pitakenan ngengingi prosesi ingkang dipunlampahi wonten ing tari Angguk

Ima : Lajeng wonten kesenian angguk, napa mawon ingkang dipunlampahi?
Ibu Rubiyati : Biasane masak masak mbak kangge ndamel sajen mbak
Ima : Lajeng panjenengan mangertos ubarampe sajen ingkang dipunginakaken?
Ibu Rubiyati : Nggih werni- werni Mbak, wonten biasane masak tumpeng, janganan kenthang, nggoreng tempe, nggoreng krupuk, ndamel peyek mbak. Nggih pepakan mbak, kula boten patek apal, ugi wonten kambil, gendhis jawi, gendhis pasir, mangkih biasane ditambahi teh mbak
Ima : Ancasipun menapa Ibu, kedah ngangge sajen?
Ibu Rubiyati : Nggih nek biasane niku ngangge mbak, kangge kawilujengan, keslametan.

Daftar pitakenan ngengingi ubarampe sajen ingkang dipunginakaken wonten ing tari Angguk

- Ima : Lajeng anggenipun damel ubarampe sajen kados pundi bu?
- Ibu Rubiyati : Nggih nek anggenipun ndamel sekul tumpeng nggih anggene ndamel sami kados ngliwet sekul adatipun. Uwos dipunsusi rumiyin. Menawi uwos sampun resik lajeng dipunlebetaken wonten ketel lajeng diliwet, menawi uwos sampun radi mateng lajeng dipundang ngangge dandang ngantos tanak, lajeng kaping sepisan damel sekul tumpeng dipuncethak ngginakaken kukusan alit ngandapipun disukani lambaran saking ron pisang. Sekul dipunlebetaken wonten ing cithakan ngantos madhet saha ngantos lajeng dipuntumpal wonten ing piring. Ndamel e jangan kenthang nggih bumbunipun bawang, brambang, laos, lombok, ron jeruk, jahe, kunir, saha sarem. Bumbu dipunuleg ngantos alus. Kenthang dipunonceki lajeng dipungangsa ngantos ambetipun arum, enggal- enggal kenthang dipunlebetaken. Kentang setengah mateng lajeng santen dipunlebetaken. Sasampunipun santen umub, tahu saha krecek dipunlebetaken sinambi dipunudhak. Sayur kentang wujudipun kados foto ing ngadhap menika. Lajeng ndamel tempe garit, bumbunipun bawang saha sarem. Bumbu dipunuleg ngantos alus lajeng diparingi toya sekedhik. Tempe dipunuleni bumbu lajeng dipungoreng.

Daftar pitakenan ngengingi makna simbolik sajen wonten tari Angguk

- Ima : Menawi makna simbolik wonten sajen menika Ibu mangertos menapa boten?
- Ibu Rubiyati : Kula boten ngertos, ning sapangertosan kula ngengingi niku kangge keslametan.

Pitakenan ngengingi manfaat utawi paedah wonten ing tari Angguk

- Ima : Ngengingi paedah ngawontenaken angguk menapa Ibu?

Ibu Rubiyati : Nggih kangge nguri- uri kabudayan Jawi mbak. Kaping kalihe nggih ibu-ibu sami masak sareng- sareng, dados ndamel guyup rukun to mbak.

CATHETAN REFLEKSI

1. Mula bukanipun Angguk kanthi turun temurun.
2. Ritual Pra Tari Angguk taksih ngginakaken sajen.
3. Uparambe ingkang dipunginakaken maneka werni.
4. Ancasipun ngginakaken sajen kangge kawilujengan lan keslametan
5. Paedah dipunwonteni sajen kangge nguri- nguri kabudayan Jawi saha kangge guyup rukun para warga.

SERAT KATRANGAN ANDHARAN *INFORMAN*

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika:

Nama : Muh. Hadi Sumarmo

Yuswa : 83

Pedamelan : Tamri

mratelaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika:

Nama : Andri Krisma Devi

NIM : 09205241005

Jur/Fak/Universitas : Pendidikan Bahasa Jawa/ Fakultas Bahasa dan Seni/
Universitas Negeri Yogyakarta

sampun nindakaken pirembagan saha *observasi* kangge *Tugas Akhir Skripsi* kanthi
irah- irahan **Ritual Pra Tari Angguk Ing Dhusun Kemiri, Desa Purwobinangun,
Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman.**

Sleman, April 2014

Ingkang damel *pernyataan*,

Muhardi
(Muh. Hadi Sumarmo)

SERAT KATRANGAN ANDHARAN *INFORMAN*

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika:

Nama : *Sopimin*
Yuswa : *63*
Pedamelan : *Wirasuwasta*

mratelaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika:

Nama : Andri Krisma Devi
NIM : 09205241005
Jur/Fak/Universitas : Pendidikan Bahasa Jawa/ Fakultas Bahasa dan Seni/
Universitas Negeri Yogyakarta

sampun nindakaken pirembagan saha *observasi* kangge *Tugas Akhir Skripsi* kanthi irah- irahan **Ritual Pra Tari Angguk Ing Dhusun Kemiri, Desa Purwobinangun, Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman.**

Sleman, April 2014
Ingkang damel *pernyataan*,


(.....*Sopimin*.....)

SERAT KATRANGAN ANDHARAN *INFORMAN*

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika:

Nama : SUKIMIN

Yuswa : 42 TH

Pedamelan : TANI

mratelaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika:

Nama : Andri Krisma Devi

NIM : 09205241005

Jur/Fak/Universitas : Pendidikan Bahasa Jawa/ Fakultas Bahasa dan Seni/
Universitas Negeri Yogyakarta

sampun nindakaken pirembagan saha *observasi* kangge *Tugas Akhir Skripsi* kanthi
irah- irahan **Ritual Pra Tari Angguk Ing Dhusun Kemiri, Desa Purwobinangun,
Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman.**

Sleman, April 2014

Ingkang damel *pernyataan*,


(.....SUKIMIN.....)

SERAT KATRANGAN ANDHARAN INFORMAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika:

Nama : NARDI SISWYO

Yuswa : S O T H

Pedamelan : TANI

mratelaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika:

Nama : Andri Krisma Devi

NIM : 09205241005

Jur/Fak/Universitas : Pendidikan Bahasa Jawa/ Fakultas Bahasa dan Seni/
Universitas Negeri Yogyakarta

sampun nindakaken pirembagan saha *observasi* kangge Tugas Akhir Skripsi kanthi irah- irahan Ritual Pra Tari Angguk Ing Dhusun Kemiri, Desa Purwobinangun, Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman.

Sleman, April 2014

Ingkang damel pernyataan,



(NARDI SISWYO)

SERAT KATRANGAN ANDHARAN INFORMAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika:

Nama : **SURIPTO**

Yuswa : **83 TH**

Pedamelan : **Petani**

mratelaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika:

Nama : **Andri Krisma Devi**

NIM : **09205241005**

Jur/Fak/Universitas : **Pendidikan Bahasa Jawa/ Fakultas Bahasa dan Seni/
Universitas Negeri Yogyakarta**

sampun nindakaken pirembagan saha *observasi* kangge *Tugas Akhir Skripsi* kanthi
irah- irahan **Ritual Pra Tari Angguk Ing Dhusun Kemiri, Desa Purwobinangun,
Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman.**

Sleman, April 2014

Ingkang damel *pernyataan*,



(.....**SURIPTO**.....)

SERAT KATRANGAN ANDHARAN INFORMAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika:

Nama : *MARINO*

Yuswa : *35 th*

Pedamelan : *Tani*

mratelaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika:

Nama : Andri Krisma Devi

NIM : 09205241005

Jur/Fak/Universitas : Pendidikan Bahasa Jawa/ Fakultas Bahasa dan Seni/
Universitas Negeri Yogyakarta

sampun nindakaken pirembaran saha *observasi* kangge *Tugas Akhir Skripsi* kanthi
irah- irahan **Ritual Pra Tari Angguk Ing Dhusun Kemiri, Desa Purwobinangun,
Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman.**

Sleman, April 2014

Ingkang damel *pernyataan*,


(*MARINO*.....)

SERAT KATRANGAN ANDHARAN INFORMAN

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika:

Nama : *Harso Susanto*

Yuswa : *± 60 Th.*

Pedamelan : *Tani*

mratelaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika:

Nama : Andri Krisma Devi

NIM : 09205241005

Jur/Fak/Universitas : Pendidikan Bahasa Jawa/ Fakultas Bahasa dan Seni/
Universitas Negeri Yogyakarta

sampun nindakaken pirembagan saha *observasi* kangge *Tugas Akhir Skripsi* kanthi irah- irahan **Ritual Pra Tari Angguk Ing Dhusun Kemiri, Desa Purwobinangun, Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman.**

Sleman, April 2014

Ingkang damel *pernyataan*,

Harso Susanto
(*Harso Susanto*)

SERAT KATRANGAN ANDHARAN *INFORMAN*

Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika:

Nama : *Rubiyati*
Yuswa : *30 th*
Pedamelan : */bu Rumah Tingga*

mratelaken bilih mahasiswa ing ngandhap menika:

Nama : Andri Krisma Devi
NIM : 09205241005
Jur/Fak/Universitas : Pendidikan Bahasa Jawa/ Fakultas Bahasa dan Seni/
Universitas Negeri Yogyakarta

sampun nindakaken pirembagan saha *observasi* kangge *Tugas Akhir Skripsi* kanthi
irah- irahan **Ritual Pra Tari Angguk Ing Dhusun Kemiri, Desa Purwobinangun,
Kecamatan Pakem, Kabupaten Sleman.**

Sleman, April 2014

Ingkang damel *pernyataan*,


(*Rubiyati*.....)



KEMENTERIAN PENDIDIKAN DAN KEBUDAYAAN
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI

Alamat: Karangmalang, Yogyakarta 55281 ☎ (0274) 550843, 548207 Fax. (0274) 548207
<http://www.fbs.uny.ac.id/>

FRM/FBS/33-01
10 Jan 2011

Nomor : 545a/UN.34.12/DT/IV/2014
Lampiran : 1 Berkas Proposal
Hal : Permohonan Izin Penelitian

25 April 2014

Kepada Yth.
Bupati Sleman
c.q. Kepala Kantor Kesatuan Bangsa Kab.
Sleman
Jl. Candi Gebang, Beran, Tridadi, Sleman

Kami beritahukan dengan hormat bahwa mahasiswa kami dari Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta bermaksud mengadakan **Penelitian** untuk memperoleh data guna menyusun Tugas Akhir Skripsi (TAS)/Tugas Akhir Karya Seni (TAKS)/Tugas Akhir Bukan Skripsi (TABS), dengan judul:

**RITUAL PRA TARI ANGGUK ING DHUSUN KEMIRI KELURAHAN PURWOBINANGUN KECAMATAN
PAKEM KABUPATEN SLEMAN**

Mahasiswa dimaksud adalah :

Nama : ANDRI KRISMA DEVI
NIM : 09205241005
Jurusan/ Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Waktu Pelaksanaan : April – Juni 2014
Lokasi Penelitian : Dhusun Kemiri Kelurahan Purwobinangun Kecamatan Pakem
Kabupaten Sleman

Untuk dapat terlaksananya maksud tersebut, kami mohon izin dan bantuan seperlunya.

Atas izin dan kerjasama Bapak/Ibu, kami sampaikan terima kasih.

a.n. Dekan
Kasubbag Pendidikan FBS,

Indun Probo Utami, S.E.
NIP 19670704 199312 2 001

Tembusan:

1. Kepala Dhusun Kemiri Kelurahan
Purwobinangun Kecamatan Pakem
Kabupaten Sleman



PEMERINTAH KABUPATEN SLEMAN
BADAN PERENCANAAN PEMBANGUNAN DAERAH

Jalan Parasamya Nomor 1 Beran, Tridadi, Sleman, Yogyakarta 55511
Telepon (0274) 868800, Faksimilie (0274) 868800
Website: slemankab.go.id, E-mail : bappeda@slemankab.go.id

SURAT IZIN

Nomor : 070 / Bappeda / 1571 / 2014

**TENTANG
PENELITIAN**

KEPALA BADAN PERENCANAAN PEMBANGUNAN DAERAH

Dasar : Peraturan Bupati Sleman Nomor : 45 Tahun 2013 Tentang Izin Penelitian, Izin Kuliah Kerja Nyata, Dan Izin Praktik Kerja Lapangan.
Menunjuk : Surat dari Kepala Kantor Kesatuan Bangsa Kab. Sleman
Nomor : 070/Kesbang/1520/2014
Hal : Rekomendasi Penelitian
Tanggal : 25 April 2014

MENGIZINKAN :

Kepada :
Nama : ANDRI KRISMA DEVI
No.Mhs/NIM/NIP/NIK : 09205241005
Program/Tingkat : S1
Instansi/Perguruan Tinggi : Universitas Negeri Yogyakarta
Alamat instansi/Perguruan Tinggi : Karangmalang Yogyakarta
Alamat Rumah : Candi Purwobinangun Pakem Sleman
No. Telp / HP : 089671492977
Untuk : Mengadakan Penelitian / Pra Survey / Uji Validitas / PKL dengan judul
**RITUAL PRA TARI ANGGUK WONTEN ING DUSUN KEMIRI KELURAHAN
PURWOBINANGUN KEC. PAKEM KAB. SLEMAN**
Lokasi : Kemiri Purwobinangun Pakem
Waktu : Selama 3 bulan mulai tanggal: 25 April 2014 s/d 25 Juli 2014

Dengan ketentuan sebagai berikut :

1. Wajib melapor diri kepada Pejabat Pemerintah setempat (Camat/ Kepala Desa) atau Kepala Instansi untuk mendapat petunjuk seperlunya.
2. Wajib menjaga tata tertib dan mentaati ketentuan-ketentuan setempat yang berlaku.
3. Izin tidak disalahgunakan untuk kepentingan-kepentingan di luar yang direkomendasikan.
4. Wajib menyampaikan laporan hasil penelitian berupa 1 (satu) CD format PDF kepada Bupati diserahkan melalui Kepala Badan Perencanaan Pembangunan Daerah.
5. Izin ini dapat dibatalkan sewaktu-waktu apabila tidak dipenuhi ketentuan-ketentuan di atas.

Demikian ijin ini dikeluarkan untuk digunakan sebagaimana mestinya, diharapkan pejabat pemerintah/non pemerintah setempat memberikan bantuan seperlunya.

Setelah selesai pelaksanaan penelitian Saudara wajib menyampaikan laporan kepada kami 1 (satu) bulan setelah berakhirnya penelitian.

Tembusan :

1. Bupati Sleman (sebagai laporan)
2. Kepala Dinas Kebudayaan & Pariwisata Kab. Sleman
3. Kabid. Sosial Budaya Bappeda Kab. Sleman
4. Camat Pakem
5. Kepala Desa Purwobinangun, Pakem
6. Dukuh Kemiri, Purwobinangun, Pakem, Sleman
7. Dekan FBS - UNY
8. Yang Bersangkutan

Dikeluarkan di Sleman

Pada Tanggal : 25 April 2014

a.n. Kepala Badan Perencanaan Pembangunan Daerah

Sekretaris

u.b.

Kepala Bidang Pengendalian dan Evaluasi

Dra. SUCI IRIANI SINURAYA, M.Si, MM
Pembina, IV/a
NIP 19630112 198903 2 003